

# Kreyòl

## 1e trimès



## Gid mèt la

**1è AF**



**Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl**

**2014 - 2015**

Gid mèt sa rive fèt ak sipò pèp ameriken an ak èd United States Agency for International Development (USAID).
Konsòsyòm ACR-Ayti a responsab kontni li epi kontni sa pa reflete opinyon gouvènman ameriken a.

# Piktogram

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
|  | deplase |  | eksplowe |  | gade ak pale |
|  | pale |  | antoure |  | tande |
|  | chante |  | ekri |  | gade ak tande |
|  | desine |  | manipile |  | gade |
|  | relie |  | chwazi |  | chwazi *(anndan yon imaj)* |
|  | travay sou adwaz |  | kolorye |  | koute ak gade |
|  | fè kòmsi |  | li |  | koute ak pale |

# Prezantasyon gid mèt la




| Mizantren | Aktivite 1 : Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj. | | | 1/13 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [a] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : chat, kabrit, kay, cheval (chwal), lalin, etwal, etc. | Swiv mèt la epi reponn |

# Prezantasyon gid mèt la

Etap aktivite pou gide mèt la.

Aksyon mèt la pandan tout aktivite a etap pa etap.

Aksyon elèv la pandan tout aktivite a etap pa etap.

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj. | | | 1/15 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [a] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : chat, kabrit, kay, cheval (chwal), lalin, etwal, etc. | Swiv mèt la epi reponn |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Jwenn nan imaj sa tout mo ki gen son [a].



Ekran 1

Jwenn nan imaj sa tout mo ki gen son [a].



Ekran korije

Imaj aktivite a.
Li ka nan plizyè ekran.

Koreksyon aktivite a lè li nesesè.

# Objektif Jeneral Kou Kreyòl 1AF

| **Tèm** | **Objektif Jeneral** |
|---|---|
| Kominikasyon Oral | Kominike lide l yo , bezwen l yo ak emosyon l yo. |
| Lekti | Li san difikilte yon tèks kout ki anrapò ak eksperyans l ap fè toulejou. |
| Ekriti | Kopye kòrèkteman yon tèks ki pa twò long. |
| Vokabilè | Byen itilize mo li fèk ap aprann yo. |
| Òtograf | Ekri yon tèks ki pa twò long, san erè. |
| Pwodiksyon Ekri | Rakonte sou kaye l yon istwa kout ki nan tèt li. |

## Rezime aktivite kou a:

**1. N ap prepare nou**


- Leson 1: Prezante tèt ……………………………………………………………….8
- Leson 2: Rakonte istwa ……………………………………………………………...15
- Leson 3: Aprann tande ……………………………………………………………….22
- Leson 4: Aprann gade ………………………………………………………………..36
- Leson 5: Aprann ekri …………………………………………………………………50


**2. Kominikasyon oral (1):**


- Leson 6 : Konnen sa ki nan klas nou ………………………………………….69

**Lèt yo**

- Leson 7 : I ………………………………………………………………………………...78
- Leson 8 : o ……………………………………………………………………………….93
- Leson 9 : a ……………………………………………………………………………...108
- Leson 10 : e …………………………………………………………………………….125
- Leson 11 : è ……………………………………………………………………………..142


**3. Kominikasyon oral (2):**


- Leson 12 : Konsiy oral senp …………………………………………………….....156

**Lèt yo**

- Leson 13 : m …………………………………………………………………………….168
- Leson 14 : n ……………………………………………………………………………...186
- Leson 15 : l ……………………………………………………………………………....204
- Leson 16 : r ……………………………………………………………………………...222
- Leson 17 : Revizyon …………………………………………………………………..239

## Rezime aktivite kou a:

**4. Kominikasyon oral (3):**

- Leson 18 : Di sa nou bezwen ..........................................................254

**Lèt yo**

- Leson 19 : d ...............................................................................262
- Leson 20 : b ...............................................................................279
- Leson 21 : p ...............................................................................296
- Leson 22 : ou ..............................................................................313
- Leson 23 : t ................................................................................331

**5. Kominikasyon oral (4):**

- Leson 24 : Bèt nan anviwònman nou ..........................................352

**Lèt yo**

- Leson 25 : v ...............................................................................364
- Leson 26 : s ...............................................................................383
- Leson 27 : k ...............................................................................400
- Leson 28 : j ................................................................................419
- Leson 29 : g ...............................................................................437

**6. Kominikasyon oral (5):**

- Leson 30 : Rakonte yon evenman nou viv oswa obsève .............453

**Lèt yo**

- Leson 31 : f ................................................................................461
- Leson 32 : en ..............................................................................479
- Leson 33 : ch ..............................................................................496
- Leson 34 : Revizyon ....................................................................513

# Leson 1
## Prezante tèt



# Rezime aktivite kou a:

## M ap obsève




**Aktivite 1 :** Konnen kijan ak kilè pou moun pran lapawol.

## M ap kominike




**Aktivite 2 :** Dekouvri kijan moun prezante tèt yo.




**Aktivite 3 :** Prezante tèt.




**Aktivite 4 :** Asosye yon imaj ak yon prezantasyon.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 5 :** Prezante tèt apati yon jwèt.

| M ap obsève | **Aktivite 1 :** Konnen kijan ak kilè pou moun pran lapawol. | 1/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade imaj yo.<br>Klike sou premye imaj la pou timoun yo ka koute sa kap pase a. Apre sa mande elèv yo pou esplike dapre yo kisa ki pase nan sa yo sot tande a.<br>Klike sou dezyèm imaj la, menmjan ak premye fwa a, mande yo esplike sa ki pase a. | Gade imaj yo.<br><br>Reponn kesyon pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo fè diferans ant premye ak dezyèm animasyon an. Esplike yo byen poukisa premye fwa a yo pat ka tande (paske tout moun tap pale ansanm). Kisa pou yo fè lè yo bezwen pale epi kisa pou yo fè lè yon moun ap pale. | Koute byen kisa Johana ap di poul prezante tèt li. |

1
2
3
4
5




Ekran 1







Egzan ekran

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo pou yo byen konsantre paske Jan ak Ana pral poze yo yon kesyon nan fen konvèsasyon an. | Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Klike sou premye imaj la pou komanse konvèsasyon an. Apre sa klike sou dezyèm nan epi twazyèm nan.<br>Mande 3 oswa 4 elèv pou yo rakonte sa yo sot tande a epi pou yo di diferan etap ki genyen lè yap fè yon prezantasyon. | Koute konvèsasyon an byen. |
| 3 | Klike sou dènye imaj la pou yo tande kesyon Ana ak Jan poze yo a « e nou menm? ». Chwazi yon elèv pou vin reponn kesyon an.<br>Korije elèv la sil fè fot.<br>**Remak**: Elèv la dwe di bonjou, bay non l, laj li epi kote li rete. | Prezante tèt li devan tout klas la. |
| 4 | Lè l fini fèl mande yon lot zanmil nan klas la « e ou? ».<br>Fè prezantasyon sa a avèk diferan elèv. | Poze zanmi l kesyon « e ou? » . |




Ekran 2

| M ap kominike | **Aktivite 3 :** Prezante tèt. | 3/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo pou yo byen konsantre paske Jan ak Ana pral poze yo yon kesyon nan fen konvèsasyon an. | Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Klike sou premye imaj la pou komanse konvèsasyon an. Apre sa klike sou dezyèm nan epi twazyèm nan.<br>Mande 3 oswa 4 elèv pou yo rakonte sa yo sot tande a epi pou yo di diferan etap ki genyen lè yap fè yon prezantasyon. | Koute konvèsasyon an byen. |
| 3 | Klike sou dènye imaj la pou yo tande kesyon Ana ak Jan poze yo a « e nou menm? ». Chwazi yon elèv pou vin reponn kesyon an.<br>Korije elèv la sil fè fot.<br>**Remak**: Elèv la dwe di bonjou, bay non l, laj li epi kote li rete. | Prezante tèt li devan tout klas la. |
| 4 | Lè l fini fèl mande yon lot zanmil nan klas la « e ou? ».<br>Fè prezantasyon sa a avèk diferan elèv. | Poze zanmi l kesyon « e ou? » . |

1
2
3
4
5




Ekran 3

| M ap kominike | **Aktivite 4 :** Asosye yon imaj a yon prezantasyon. | 4/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 3 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou elèv yo ka tande kisa moun nan ap di.<br>Envite elèv ki gen repons lan vin antoure bon pèsonaj la. | Koute epi antoure bon pèsonaj la. |
| 3 | Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>**Remak**: Chwazi diferan elèv pou chak ekran. | Di si li dakò ak si li pa dakò. |



Ekran korije 4



Ekran 4



Ekran korije 5



Ekran korije 6

| M ap aprann anjwèt | **Aktivite 5 :** Prezante tèt apati yon jwèt. | 5/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Deyò | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Ekran sa pa gen konsiy. Aktivite sa se yon jwèt.<br><br>Anvan kou a, sonje pote yon flè nan klas la pou ka fè jwèt sa. Esplike elèv yo depi flè a nan men yon moun se li ki pou prezante tèt li devan tout zanmi l yo. | Koute esplikasyon mèt la. |
| 2 | Envite elèv yo al sou lakou a epi fè yon wonn. | Soti nan lakou a epi fè yon wonn. |
| 3 | Fè yon egzanp ak elèv yo: « yon elèv ap bay mèt la flè a epi lap prezante tèt li apre sa mèt la ap bay yon lot elèv flè a. Lot elèv sa a ap prezante tèt li devan tout klas la.<br>Kontinye ak plizyè elèv. | Prezante tèt li chak fwa flè a vin nan men l. |

1 2 3 4 5



Ekran 7

# Leson 2
## Rakonte istwa



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ m ap koute/ m ap pale



**Aktivite 1 :** Rakonte istwa avèk mo pa yo apati yon seri imaj.

## M ap aprann



**Aktivite 2 :** Asosye imaj ak moso istwa ki mache avè l yon fason pou refè istwa a.



**Aktivite 3 :** Repere kèk erè nan lojik ak pwogresyon yon istwa.



**Aktivite 4** : Ranje imaj nan lòd dapre diferan sekans nan yon istwa.

## M ap rakonte



**Aktivite 5 :** Imajine finisman yon istwa.

| Obsève/ Koute/ Pale | **Aktivite 1 :** Rakonte istwa avèk mo pa yo apati yon seri imaj. | 1/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv  yo byen gade imaj yo epi pou yo koute iswta a.<br>Klike sou espikè a pou elèv yo ka koute istwa a.<br>Poze elèv yo kèk kesyon sou istwa yo sot koute a.<br>**Egzanp** : De kisa istwa a pale ?  Ak kiyès Jan kontre nan wout la ?Kibo timoun yo prale ? De kisa yo te pale ? Lè yo rive lekol la kisa yo te fè ? Lè yo rantre nan klas yo kisa yo te fè ? Etc...<br>Si nesesè, fè yo koute istwa a plizyè fwa. | Gade imaj yo epi koute istwa a.<br>Reponn kesyon yo. |
| 3 | Fè kèk  elèv pase devan an, youn apre lòt, pou rakonte istwa a apati imaj yo ak mo pa yo. | Rakonte istwa a apati imaj yo. |




Ekran 1

| M ap aprann | Aktivite 2 : | | | 2/5 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Esplike elèv yo, lèw klike sou espikè a, pou yo byen koute moso istwa a epi pou yo gade nan imaj ki anba a kiyès ladan yo ki mache ak moso istwa yap koute a. | Koute esplikasyon yo. |
| 3 | Klike sou premye espikè a pou elèv yo ka koute moso istwa a.<br>Deplase premye imaj ki koresponn ak premye moso istwa pou w ka montre elèv yo kijan pou yo “deplase” imaj yo.<br><br>Apre sa, pou lòt yo, w ap envite elèv ki gen repons yo leve men yo epi vin deplase imaj ki mache ak moso istwa li sot koute a. | Koute moso istwa a.<br>Deplase imaj ki mache ak moso istwa a. |
| 4 | Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la fè a. Sinon mande poukisa? Pou w ka si ke yo tout byen konprann<br>Si nesesè, fè yo koute moso istwa a plizyè fwa. | Di si li dakò ak si li pa dakò. |




Ekran 2




Ekran korije

| M ap aprann | Aktivite 3 : | 3/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo pou yo byen koute chak moso istwa a. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye espikè a.<br>Mande elèv yo èske moso istwa sa yo sot tande a byen rakonte.<br>Chwazi yon sèl elèv pou repete pati ki mal di a epi korije l. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a, sinon pote koreksyon pa yo.<br>Valide bon repons la.<br>Fè menmjan ak rès espikè yo.<br>Si nesesè, fè yo koute moso istwa yo plizyè fwa. | Reponn kesyon yo.<br>Rakonte istwa a byen.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 3




Ekran korije

| M ap aprann | Aktivite 4 : | 4/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo byen koute istwa a.<br>Klike sou espikè a pou yo ka tande istwa a.<br>Envite yon elèv pou vin sou tablo a epi pou mete imaj yo nan lòd dapre istwa li sot koute a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. Oswa, mande yo poukisa.<br>Si nesesè, fè yo koute istwa a plizyè fwa. | Ranje imaj yo nan lòd.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 4




Ekran korije

| M ap rakonte | Aktivite 5 : | 5/5 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv pou vin devan klas la, youn apre lòt, pou rakonte rès istwa Ana a. **Pa gen bon oswa move repons.** | Imajine finisman istwa Ana a. |
| 3 | Apre plizyè repons, klike sou de kare ble ki anba yo pou timoun yo ka wè rès imaj yo. Chwazi kèk lòt elèv pou vin rakonte rès istwa Ana a dapre imaj ki parèt anba yo. | Rakonte finisman istwa Ana a dapre imaj yo. |



Ekran 5



Ekran korije

# Leson 3
## Aprann koute



# Rezime tout aktivite kou a:

## Diskriminasyon son nan anviwònman an



**Aktivite 1 :** Diskrimine son kèk enstriman mizik.



**Aktivite 2 :** Diskrimine divès son yo tande.

## Dekouvèt/Diskriminasyon son vwayèl yo




**Aktivite 3 :** Diskrimine son vwayèl yo.



**Aktivite 4 :** Reyalize korespondans lèt/son ak vwayèl yo.

## Dekouvèt son vwayèl yo anndan mo



**Aktivite 5 :** Idantifye, apati imaj, mo ki gen son vwayèl yo ladan yo.



**Aktivite 6 :** Distenge, apati imaj, mo ki genyen ak sa ki pa genyen son tèl vwayèl.

## Dekouvèt rim



**Aktivite 7 :** Idantifye diferan mo ki rime ant yo.



**Aktivite 8 :** Distenge mo ki rime ak sa ki pa rime ant yo.



**Aktivite 9 :** Jwenn mo ki rime ak tèl lòt mo.

## Dekouvèt silab



**Aktivite 10 :** Dekouvri sa ki rele silab nan yon mo.



**Aktivite 11 :** Konte silab nan kèk mo senp ke ou konnen.



**Aktivite 12 :** Konte silab nan kèk mo senp ke ou konnen.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li premye pati konsiy lan.<br>Envite yon elèv vin klike sou wopalè yo. | Gade imaj la epi tande konsiy lan.<br>Klike sou wopalè yo.<br>Byen tande son yo. |
| 2 | Li dezyèm pati konsiy lan.<br>Chwazi 4 elèv pou vin relye son yo ak enstriman yo youn apre lòt.<br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò epi korije repons kanmarad yo lè sa nesesè.<br><br>**Repons yo**: 1 = flit, 2 = tanbou, 3 = pyano, 4 = gita | Tande dezyèm pati konsiy lan.<br>Relye son yo ak enstriman mizik yo.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo, pwopoze koreksyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li premye pati konsiy lan.<br>Envite yon elèv vin klike sou wopalè yo. | Gade imaj la epi tande konsiy lan.<br>Klike sou wopalè yo.<br>Byen tande son yo. |
| 2 | Li dezyèm pati konsiy lan.<br>Chwazi 4 elèv pou vin deplase wopalè yo mete sou imaj yo, youn apre lòt.<br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò epi korije repons kanmarad yo lè sa nesesè.<br><br>**Repons:** 1 = aplodisman, 2 = klòch, 3 = bat men, 4= klaksonn machin | Tande dezyèm pati konsiy lan.<br>Deplase son yo mete sou imaj ki reprezante yo.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo, pwopoze koreksyon. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade sa ki sou tablo a byen.<br>Li konsiy lan. | Gade ekriti vwayèl yo sou tablo a epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande chak elèv vini youn apre lòt sou tablo a pou klike sou chak vwayèl epi repete non li. | Klike sou chak vwayèl ki sou tablo a epi repete non li. |






Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy nan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini youn apre lòt epi deplase chak lèt mete sou kawo ki anwo wopalè ki koresponn ak li a. Mande rès elèv yo pou di si yo dakò ou non chak fwa. | Deplase chak lèt depoze sou kawo anwo espikè ki koresponn ak li a.<br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a epi korije si sa nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Dekouvèt son | **Aktivite 5** : Idantifye, apati imaj, mo ki gen son vwayèl yo ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade sa ki sou tablo a byen.<br>Li konsiy lan. | Gade sa ki sou ekran an ak atansyon.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv pou yo vini youn apre lòt epi deplase chak imaj depoze anba tout vwayèl ki gen son l anndan non imaj sa a. Mande rès elèv yo pou di si yo dakò ou non chak fwa.<br><br>**Mo yo**: chapo, jip, savon, vè, myèl, zile, foto | Deplase chak imaj depoze anba vwayèl ki gen son l anndan non imaj sa a.<br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a epi korije si sa nesesè.<br>. |




Ekran 5




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo site non imaj ki sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Site non imaj ki sou ekran an.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite yon elèv vin sou tablo a pou antoure imaj ki pa gen son [è] nan non li a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. | Antoure imaj ki pa gen son [è] nan non li a.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo dekri ekran an.<br>Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo kisa sa vle di: « rime ». Bay egzanp mo ki rime epi mande elèv yo pou yo jwenn kèk egzanp tou. Tankou:<br>« Nou gen pen ak zaboka<br>Nou te gen kazav ak manba » (Coralen, Flè dizè) | Di sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. Bay kèk egzanp mo ki rime. |
| 2 | Envite 3 elèv vin sou tablo a. Mande yo pou yo klike sou wopalè pou yo ka tande non timoun epi fè relye timoun yo ak manje ki rime ak non yo chak.<br><br>Mande rès elèv yo si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. | Relye chak timoun ak manje ki rime ak non li a.<br><br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. |




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou site non imaj yo nan chak kare ki sou ekran an. Ede yo si sa nesesè.<br>Li konsiy nan. | Site non imaj yo nan chak kare ki sou ekran an.<br>Koute konsiy nan. |
| 2 | Chwazi 2 elèv pou vin fè yon kwa sou desen non li pa rime ak non lòt yo, youn apre lòt, chak nan yon kare diferan.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ou non ak sa elèv ki sou tablo a fè a. Korije ak yo si sa nesesè. | Fè yon kwa sou desen non li pa rime ak non lòt yo nan chak kare.<br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. Korije si sa nesesè. |




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Jwenn mo ki rime ak tèl lòt mo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike aktivite a byen. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 5 elèv k ap vin klike sou kat yo youn apre lòt epi yo dwe jwenn 3 mo ki rime ak non desen ki parèt la. Chwazi lòt elèv pou ede yo jwenn mo yo.<br>**Mo yo:** kiyè, kouto, foumi, anana, vè. | Klike sou kat yo epi di 3 mo ki rime ak non chak desen. |







Ekran 9

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo dekri ekran an.<br>Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo kisa sa vle di: « silab ». Bay egzanp mo ou separe fè silab (oral) epi bay elèv yo 2 ou 3 mo pou yo separe fè silab tou. | Di sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. Antrene sou kèk egzanp ak mo pwofesè a ba yo. |
| 2 | Mande yon elèv vin klike sou espikè a pou tande modèl la: machin = ma/chin . Fè yo repete epi bat men yo pou ritme chak silab mo a.<br><br>Mande  plizyè elèv, youn apre lòt, pou di lòt mo yo, apresa repete mo a pandan y ap bat men yo pou ritme silab yo, sa k ap pèmèt yo tou dekouvri kantite silab chak mo genyen.<br>Fe chak  elèv di konbyen silab mo li te repete a genyen.<br><br>**Egzanp:** ma/chin (2); gi/ta (2); pya/no (2) | Klike sou espikè a pou tande modèl la: machin = ma/chin . Repete epi bat men pou ritme chak silab mo a.<br>Di non chak imaj ki sou tablo a. Separe mo yo fè silab. Bat men pou ritme chak silab nan chak mo.<br>Di konbyen silab chak mo genyen. |




Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 11 :** Konte silab nan kèk mo senp familye.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy nan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou relye chak mo ak kantite silab li genyen.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. | Relye chak mo ki sou tablo a ak kantite silab li genyen.<br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. |

**Remak:** 1 tikare = 1 silab; 2 tikare = 2 silab; 3 tikare = 3 silab




Ekran 11




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Konte silab nan kèk mo senp familye.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy nan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou relye chak mo ak kantite silab oswa tikare li genyen.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. | Relye chak mo ki sou tablo a ak kantite silab li genyen.<br>Di si yo dakò ou non ak repons elèv ki sou tablo a. |




Ekran 12




Ekran korije

# Leson 4:
## Aprann gade



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap fè diskriminasyon global ak je m



**Aktivite 1 :** Diskrimine diferans ant 2 imaj.



**Aktivite 2 :** Diskrimine imaj ki menm nan yon seri apati plizyè detay.



**Aktivite 3 :** Diskrimine imaj ki diferan nan yon seri apati diferan kalite detay.



**Aktivite 4 :** Diskrimine imaj ki menm nan yon seri apati plizyè detay.



**Aktivite 5 :** Diskrimine detay ki fè yon imaj diferan ak lòt.



**Aktivite 6 :** Diskrimine imaj ki menm nan yon seri apati plizyè detay.



**Aktivite 7 :** Diskrimine diferans nan dispozisyon eleman yo nan yon ansanm.



**Aktivite 8 :** Diskrimine diferans nan dispozisyon eleman yo nan yon ansanm.

## M ap diskrimine chif ak lèt



**Aktivite 9 :** Diskrimine fòm kèk lèt.



**Aktivite 10 :** Diskrimine fòm ak lòd chif yo parèt nan yon gwoup chif.



**Aktivite 11 :** Diskrimine lòd lèt yo parèt nan yon gwoup lèt apati yon modèl.

## M ap jwe



**Aktivite 12 :** Diskrimine kèk diferans fen nan 2 imaj ki parèt menm (jwèt 5 erè).

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan Klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj yo.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv, youn apre lòt, pou yo pale diferans yo wè nan chak pè desen ki sou tablo a.<br>Mande lòt elèv yo pou yon konplete repons kanmarad yo.<br><br>*Repons n ap tann: 1) Kay agoch la gen 2 fenèt, sa adwat la gen 4 fenèt . 2)Pòm agoch la gen 2 fèy, sa adwat la gen youn. 3) Fenèt kay goch la agoch, fenèt kay dwat la adwat. 4) Tikare nwa a nan desen goch la agoch, nan desen dwat la, li adwat.* | Pale diferans yo wè nan chak pè desen ki sou tablo a.<br>Korije epi konplete repons kanmarad yo. |




Ekran 1

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije. | Vin sou tablo a pou antoure tout imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Di si yo dakò oswa pa dakò ak repons kanmarad yo epi korije. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou fè yon kwa sou imaj ki pa menm ak lòt yo nan chak seri.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi konplete. | Vin sou tablo a pou fè yon kwa sou tout imaj ki pa menm ak lòt yo nan chak seri.<br>Di si yo dakò oswa pa dakò ak repons kanmarad yo epi konplete. |




Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou kolorye imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou kolorye imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Byen gade epi koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou konplete imaj yo yon fason pou yo vin menm ak modèl la nan chak liy.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou konplete imaj yo yon fason pou yo vin menm ak modèl la nan chak liy.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Byen gade sa yo wè sou ekran an<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou ankadre imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou ankadre imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |




Ekran 6




Ekran korije

**Aktivite 7:** Diskrimine diferans nan dispozisyon eleman yo nan yon ansanm.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Esplike aktivite a epi li konsiy lan | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande 4 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou antoure imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou antoure imaj ki menm ak modèl la nan chak liy.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |






Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8 :** Diskrimine diferans nan dispozisyon eleman yo nan yon ansanm.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Esplike aktivite a epi li konsiy lan | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande 5 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou make imaj nan chak liy ki menm jan ak modèl la.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou make imaj nan chak liy ki menm jan ak modèl la.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |




Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Diskrimine fòm kèk lèt.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Esplike aktivite a epi li konsiy lan | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande plizyè elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou deplase tout lèt ki menm yon fason pou yo gwoupe ak parèy yo anba modèl la. | Vin sou tablo a pou deplase tout lèt ki menm yon fason pou gwoupe tout lèt ak parèy yo. |




Ekran 9




Ekran korije

**Aktivite 10 :** Diskrimine fòm chif yo ak lòd yo dispoze nan yon gwoup chif.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Esplike aktivite a epi li konsiy lan | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande 6 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou antoure gwoup chif ki dispoze nan menm lòd (egal ego) ak modèl la.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou antoure gwoup chif ki dispoze nan menm lòd ak modèl la.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |



Ekran 10



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Esplike aktivite a epi li konsiy lan | Byen gade sa yo wè sou ekran an.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Mande 6 elèv , youn apre lòt, pou yo vin sou tablo a pou antoure gwoup lèt ki dispoze nan menm lòd ak modèl la.<br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. | Vin sou tablo a pou antoure gwoup lèt ki dispoze nan menm lòd ak modèl la.<br>Di si yo dakò ou non ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen. |

Nan chak liy antoure gwoup lèt ki menm ak premye a.

| | | | |
|---|---|---|---|
| PAN | bAN | PNA | PAN |
| WON | NOW | MON | WON |
| BÒL | LBÒ | BLÒ | BÒL |
| FÒS | SÒF | FÒS | SFÒ |
| GEN | GEN | GNE | NEG |
| YON | NOY | ONY | YON |

Ekran 11

Nan chak liy antoure gwoup lèt ki menm ak premye a.

| | | | |
|---|---|---|---|
| PAN | bAN | PNA | PAN |
| WON | NOW | MON | WON |
| BÒL | LBÒ | BLÒ | BÒL |
| FÒS | SÒF | FÒS | SFÒ |
| GEN | GEN | GNE | NEG |
| YON | NOY | ONY | YON |

Ekran korije

| M ap jwe | **Aktivite 12 :** Diskrimine kèk diferans fen nan 2 imaj ki parèt menm (jwèt 5 erè). | 12/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade 2 imaj yo sou ekran an.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Byen gade 2 imaj yo sou ekran an.<br>Koute konsiy lan epi esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin jwe jwèt 5 erè a sou tablo a. Mande l pou l mete wonn yo sou desen Rene a kote ki gen erè yo.<br><br>Mande lòt elèv yo pou yo di si yo dakò ou non ak deplasman elèv ki sou tablo a ap fè yo epi ede l jwenn 5 erè yo.<br><br>Erè yo: rido, pòtrè chen an, bòl chen, 5 wonn bò potrè chen an, chalimo ki nan gode wouj la | Vin jwe jwèt 5 erè a sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ou non ak deplasman elèv ki sou tablo a ap fè yo epi ede l jwenn 5 erè yo.<br>Jwe jwèt la nan kaye elèv la. |






Ekran 12




Ekran korije

# Leson 5
## Aprann Ekri



# Rezime tout aktivite kou a:

## Obsève



**Aktivite 1 :** Dekouvri fason pou byen chita pou ekri.



**Aktivite 2 :** Rekonèt dwat ak goch.



**Aktivite 3 :** Aprann ekri sou kaye.



**Aktivite 4 :** Aprann byen kenbe kreyon.

## M ap ekri



**Aktivite 5 :** Aprann trase liy dwat.



**Aktivite 6 :** Aprann trase liy dwat panche agoch.



**Aktivite 7 :** Aprann trase liy dwat panche adwat.



**Aktivite 8 :** Aprann trase liy kouche.

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Trase  liy dwat a lèd de yon modèl.

## M ap ekri



**Aktivite 10 :** Aprann fè wonn.



**Aktivite 11 :** Aprann fè mwatye wonn.

## M ap antrene



**Aktivite 12 :** Trase  wonn a lèd de yon modèl.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Aprann fè pon.



**Aktivite 14 :** Aprann fè bouk.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Retrase kèk fòm.



**Aktivite 16 :** Retrase kèk fòm



**Aktivite 17 :** Retrase kèk bouk.

| Obsèv | **Aktivite 1** : Dekouvri fason pou byen chita pou ekri. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv vin sou tablo a pou antoure imaj ki montre timoun ki byen chita pou ekri. | Antoure imaj ki montre timoun ki byen chita pou yo ekri. |
| 3 | Mande elèv yo pou kisa yo fè chwa sa yo epi mande klass la si yo dako.<br><br>Bay elèv bon jan esplikasyon sou bon fason yo dwe chita pou yo ekri:<br>• Chita dwat<br>• Pa kouche sou kaye a<br>• Pa kwaze janm | Di si nou dako epi pou kisa nou fè chwa sa.<br><br>Tande esplikasyon pwofesè a. |
| 4 | Mande elèv yo pou yo byen chita pou yo ekri. Fè yo chak evalye lòt sou fason yo chita , si li bon ou pa. | Aprann byen chita pou yo ekri epi evalye kamarad yo sou fason yo chita. |




Ekran 1




Ekran korije

| | |
|---|---|
| Obsève | **Aktivite 2** : : Rekonèt dwat ak goch. |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan | Tande konsiy lan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke gen 2 bò enpòtan. Chak bò gen yon non: goch ak dwat. Klike sou premye etikèt la epi mande elèv yo pou leve men goch yo. | Leve men goch yo. |
| 3 | Mande tout elèv ki goche pou yo kenbe yon kreyon ak men goch yo epi leve l anlè. | Kenbe yon kreyon ak men goch yo epi leve l anlè. |
| 4 | Klike sou lòt etikèt la epi mande elèv yo pou leve men dwat yo. | Leve men dwat yo. |
| 5 | Mande tout elèv ki dwatye pou yo kenbe yon kreyon ak men dwat yo epi leve l anlè. | Kenbe yon kreyon ak men dwat yo epi leve l anlè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 2



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou pran yon kaye ak yon kreyon. | Pran kaye ak kreyon yo. |
| 3 | Montre yo kijan pou yo mete kaye a sou ban pou yo ekri. | Swiv esplikasyon pwofesè a. |
| 4 | Mande yo pou yo pa ekri nan maj kaye epi pou yo kite yon distans 2 kawo konsa anvan yo komanse ekri. | Swiv konsiy pwofesè a pou yo pa ekri nan maj kaye a epi pou yo kite yon distans 2 kawo anvan yo komanse ekri. |
| 5 | Ede elèv si yo pa konprann. | Mande pwofesè a èd si yo pa konprann. |

Kouman nou dwe ekri nan kaye nou?






Ekran 3

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève | **Aktivite 4** : Aprann byen kenbe kreyon. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki goche yo kenbe yon kreyon ak men goch li.<br><br>Fè menm bagay la pou sa ki dwatye yo tou. | Kenbe yon kreyon ak men goch. |
| 3 | Esplike elèv yo etap yo:<br>Montre yo pous, endèks ak lemajè. Fè yo konnen yo pral itilize twa dwèt sa yo pou aprann kenbe yon kreyon:<br>• Mete kreyon an sou lemajè<br>• Peze kreyon an ak dwèt pous la<br>• Mete endèks la sou kreyon an pou ka gide l<br><br>Fè yo swiv ou pandan wap kenbe yon kreyon epi fè yo gade imaj yo tou.<br><br>Edè tout elèv ki pa ka byen kenbe kreyon an. | Tande esplikasyon pwofesè a epi fè sa li fè a. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Ki fason nou dwe kenbe yon kreyon? An nou obsève!

Goche



Dwatye



1. Itilize **Pous**, **Endèks** ak **Lemajè**
2. Mete kreyon an sou **Lemajè**
3. Peze kreyon an ak dwèt **Pous** la
4. Mete **Endèks** sou kreyon an pou ka gide l

Ekran 4

| M ap ekri | **Aktivite 5** : Aprann trase liy dwat. | 5/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a. |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon liy dwat.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a  vin fè liy dwat la. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè liy dwat la. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè liy dwat la sou kaye yo oubyen adwaz. | Fè liy dwat la sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fèl  epi ede sak pa ka fè l yo. | Si w pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |






Ekran 5

**Aktivite 6** : Aprann trase liy dwat panche agoch.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a pou lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon liy dwat panche agoch.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a vin fè liy dwat panche agoch la. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè liy dwat panche agoch la. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè liy dwat panche agoch la sou kaye yo oubyen adwaz. | Fè liy dwat panche agoch la sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fèl epi ede sak pa ka fè l yo. | Si w pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6

| M ap ekri | **Aktivite 7** : Aprann trase liy dwat panche adwat. | 7/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a pou lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a. |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon liy dwat panche adwat.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a vin fè liy dwat panche adwat la. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè liy dwat panche adwat la. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè liy dwat panche adwat la sou kaye yo oubyen adwaz. | Fè liy dwat panche adwat la sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fèl epi ede sak pa ka fè l yo. | Si w pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a pou lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a. |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon liy kouche.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a  vin fè liy ki kouche. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè yon liy kouche. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè liy dwat  kouche sou kaye yo oubyen adwaz. | Fè liy kouche a sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fèl  epi ede sak pa ka fè l yo. | Si w pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |






Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Trase premye liy nan ak zouti trè pou w ka montre elèv yo sa pou yo fè. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo pou yo trase rès liy ki efase yo oubyen ki pa klè yo epi pou yo di ki liy li ye. | Vin sou tablo a trase rès liy ki efase yo oubyen ki pa klè yo epi di ki liy li ye. |
| 3 | Efase sak sot fè la ak gòm nan epi envite kèk lòt elèv vin fè menm bagay la tou. | Vin sou tablo a epi pase estilè a sou tout liy ki pa klè yo epi di ki liy li ye. |




Ekran 9




Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 10** : Aprann fè wonn. | 10/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon wonn.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a  pou fè yon. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè yon wonn. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè wonn sou kaye yo oubyen sou  adwaz. | Fè wonn sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fè l  epi ede sak pa ka fè l yo. | Si w pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè yon mwatye wonn.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a pou fè yon mwatye wonn. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè yon mwatye wonn. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè mwatye yon wonn sou kaye yo oubyen sou adwaz. | Fè mwatye wonn sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fè l epi ede sak pa ka fè l yo. | Si yo pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |






Ekran 11

| M ap antrene | **Aktivite 12:** Trase wonn a lèd de yon modèl. | 12/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo gade modèl premye flè a byen epi fè rès yo pandan yap swiv modèl la. | Gade modèl premye flè a epi fè rès flè yo pandan nap swiv modèl la. |
| 3 | Mande yo si yo konprann sa yo sot fè a. | Di si yo konprann sa n sot fè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 12




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a pou lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a. |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè pon.<br><br>Fè yon elèv vin sou tablo a pou fè yon pon. | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br><br>Vin sou tablo pou yo fè yon pon. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè pon sou kaye yo oubyen sou adwaz. | Fè pon sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fè l epi ede sak pa ka fè l yo. | Si yo pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |

12 13 14 15 16 17




Ekran 13

| M ap ekri | **Aktivite 14** : Aprann fè bouk. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Lanse animasyon an epi mande elèv yo esplike sa yo sot wè a. | Gade animasyon an epi esplike sa yo wè a. |
| 3 | Eksplike epi montre elèv yo kijan pou yo fè bouk.<br>Fè yon elèv vin sou tablo a pou fè yon bouk | Tande esplikasyon pwofesè a epi swiv.<br>Vin sou tablo pou yo fè yon bouk. |
| 4 | Mande tout lòt elèv yo pou yo fè bouk sou kaye yo oubyen sou adwaz. | Fè bouk sou kaye yo oubyen sou adwaz. |
| 5 | Obsève si yo byen fè l epi ede sak pa ka fè l yo. | Si yo pa ka fè l mande pwofesè a èd li. |

12 13 14 15 16 17




Ekran 14

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15:** Retrase kèk fòm. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a. Fè yo refè tout fom ki sou tablo. | Vini sou tablo a. Refè tout fom ki sou tablo a |
| 3 | Fè lòt elèv yo fè menm fòm yo sou kaye yo oubyen adwaz yo. | Refè fòm ki sou tablo a nan kaye yo oubyen adwaz |

***Remak:*** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12
13
14
15
16
17




Ekran 15

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16:** Retrase kèk fòm. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a. Fè yo refè tout fom ki sou tablo. | Vini sou tablo a. Refè tout fom ki sou tablo a. |
| 3 | Fè lòt elèv yo fè menm fòm yo sou kaye yo oubyen adwaz yo. | Refè fòm ki sou tablo a nan kaye yo oubyen adwaz |

***Remak:*** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 16

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 17:** Retrase kèk bouk. | | | 17/17 |
|---|---|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo trase bouk sa yo jiskaske yo rive nan nich zwazo a. | Vini sou tablo a epi trase bouk yo jiskaske yo rive nan nich zwazo a. |
| 3 | Efase ak gom sak sot fèt la epi envite lot elèv vin fè menm bagay la | Vini sou tablo a epi trase bouk yo jiskaske yo rive nan nich zwazo a. |

***Remak:*** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 17

# Leson 6

## **Kominikasyon oral**

## Konnen sa ki nan klas nou



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ m ap pale




**Aktivite 1 :** Site tout sa yo wè nan sal klas yo a.

## M ap aprann



**Aktivite 2 :** Rekonèt imaj yon klas pami plizyè lot imaj.



**Aktivite 3 :** Idantifye, apati yon imaj, bagay ki pa fè pati yon klas.




**Aktivite 4 :** Idantifye, apati yon imaj, bagay ki manke nan yon klas.

## M ap poze kesyon



**Aktivite 5 :** Poze kesyon pou jwenn yon enfomasyon.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 6 :** Idantifye bagay ki sèvi nan klas.




**Aktivite 7 :** Nonmen bagay ki sèvi nan klas.

M ap obsève/ m ap pale | **Aktivite 1 :** Site tout sa yo wè nan sal klas yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade klas la.<br><br>Envite elèv ki vle di yon bagay leve men li epi poul di sa li wè nan klas li a. Ekri sa elèv la di a sou tablo a.<br>Chak fwa fè elèv la lonje dwèt li sou bagay li site a ki nan klas la.<br>Fè egzèsis sa a ak plizyè elèv.<br><br>**Remak**: Kanpe egzèsis la lè elèv yo fin site tout bagay yo genyen nan klas la. | Gade toupatou nan klas la.<br><br>Di tout bagay ki genyen nan klas la. |






Ekran 1

| M ap aprann | **Aktivite 2 :** Rekonèt imaj yon klas pami plizyè lot imaj. | 2/7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj yo epi pou yo di kisa yo wè. | Gade imaj yo. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Envite elèv ki gen repons lan leve men li epi fè li vin touche imaj li di a.<br>Mande elèv la pou l di poukisa se imaj sa li touche. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la di a. Sinon mande poukisa? | Koute konsiy lan. Reponn kesyon mèt la ap poze.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7




Ekran 2




Ekran korije

**Aktivite 3 :** Idantifye, apati yon imaj, bagay ki pa fè pati yon klas.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin fè kwa sou sa yo wè ki pa dwe nan klas la (kafetyè, recho, bale, peny, ..).<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Fè kwa sou sa ki pa dwe nan klas la.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade imaj la. Li mo yo ki sou kote a.<br>Chak fwa yon mo fin site, elèv yo ap di si genyen bagay sa yo tande a nan imaj la.<br>Si pa genyen l bare mo a epi fè yon elèv vin fè kwa kote bagay la manke a. | Di sa ki manke nan klas la epi fè kwa nan plas bagay la. |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Envite yon elèv pou vin chwazi imaj yon biwo nan tèt li san lòt elèv yo pa bezwen konnen. Lè li fin chwazi sou ki biwo li ta renmen chita, fè lòt elèv yo poze l kesyon pou yo ka konnen kiyès nan biwo yo li te chawzi.<br><br>**Remak** : Men ki kalite kesyon timoun yo ka poze : Eske biwo w la gen kreyon ? Eske l gen gom oswa liv, elatriye..<br>Elèv la ap gen pou l reponn wi oswa non sèlman jistan lòt elèv yo jwenn sou ki biwo li chita. | Chwazi yon biwo.<br><br>Poze kesyon. |
| 3 | Si nesesè fè yon egzanp ak elèv yo.<br>Kontinye ak plizyè lòt elèv. | |




Ekran 5

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Idantifye bagay ki sèvi nan klas. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+ estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou antoure yon bagay ki generalman fè pati yon klas.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a antoure a. | Antoure.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 7 :** Nonmen bagay ki sèvi nan klas. | 7/7 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsyi lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou nonmen imaj yo. Lè elèv la fin di non an, mande rès elèv yo si yo dakò epi fè elèv la klike sou espikè a pou l ka verifye repons li a. | Di non imaj la.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò.<br>Klike sou espikè yo. |




Ekran 7

# Leson 7
## Son i



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [i] nan yon imaj .




**Aktivite 2 :** Byen pwononse son [i].

## Mwen konprann



**Aktivite 3 :** Idantifye non bèt ki gen son [i] nan kèk imaj .

## Map antrene



**Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [i] ladan yo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [i].

## Mwen konprann




**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « i » pami lòt lèt ak nan kèk mo.

## Map antrene




**Aktivite 7 :** Idantifye mo ki gen lèt « i » ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 8 :** Ekri lèt « i ».



**Aktivite 9 :** Repwodui mo ki gen lèt « i » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10 :** Idantifye son [i] nan non imaj epi ekri l.



**Aktivite 11 :** Asosye mo ki gen [i] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 12 :** Idantifye mo ki gen « i » epi li yo.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 13 :** Konnen yon bann lòt mo ki gen son [i].

| Obsève/li/koute | **Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [i] nan yon imaj. | 1/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilè | Nan klas | aAsanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lot, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lot yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [i] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : Biwo, gita, liv, plim, imaj, sizo, valiz, afich, kib. | Swiv profesè a epi reponn. |






Ekran 1




Ekran korije

 **Aktivite 2 :** Byen pwononse son [i].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la.<br>Li premye pati konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Koute repons elèv yo. | Reponn. |
| 3 | Li fraz ki anba a.<br>Li dezyèm pati konsiy lan.<br>Ensiste sou jan Ana fè bouch li lè l ap ri epi sou son yo tande a. | Koute fraz la epi ri. |



Esplike sa ki pase nan imaj sa a. Fè menm jan ak Ana.



Ana ri: i i i

Ekran 2

Mwen Konprann **Aktivite 3 :** Idantifye non bèt ki gen son [i] nan kèk imaj .



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+estilèt | Nan klas | ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo di non bèt yo ki sou tablo a.<br>**Repons**: kana, tig, toti, sourit, bourik. | Di non bèt yo. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Chwazi yon elèv pou vin antoure yon bèt ki gen son [i] nan non li.<br>Mande rès elèv yo si yo dako ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>Apre sa chwazi yon lòt elèv.<br>Mande elèv yo si yo konnen non lòt bèt ki gen son [i]. | Koute epi antoure.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò.<br><br>Di non lòt bèt ke yo konnen ki gen son [i]. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [i] ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dako non li gen son [i] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Remak**: si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lòt moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |

Reflechi pou n jwenn kiyès nan klas la ki gen son [i] nan non li.



Ekran 4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/li/koute | **Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [i]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [i] a.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (i).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [i] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « i » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « i » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « i » yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « i ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 7 :** Idantifye mo ki gen lèt « i » ladan yo. |
| --- | --- |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
| --- | --- | --- |
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki anlè nan bwat la epi mande elèv yo si yo tande son [i] ladan ak si yo wè lèt « i » a.<br>Li lòt mo yo ak elèv yo. | Koute epi reponn kesyon mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lot, pou vin sou tablo a pou souliye mo ki gen lèt « i » ladan yo.<br>Mande lot elèv yo si yo dakò ak sa elèv la souliye a. | Souliye mo ki gen lèt « i » ladan yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « i ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lot. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « i » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8

**Aktivite 9 :** Repwodui mo ki gen lèt « i » dapre yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lot, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Idantifye son [i] nan non imaj epi ekri l. | 10/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou chak imaj epi mande elèv yo reflechi pou yo wè si yo tande son [i] nan non imaj yo.<br>Fè elèv ki gen repons lan leve men l epi fè l vin ekri i anba imaj la sou liy lan.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute epi ekri.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br>Di si yo dako ak si yo pa dakò. |




Ekra11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Idantifye mo ki gen « i » epi li yo. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Fè elèv yo idantifye mo yo ak imaj yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv, youn apre lot, pou vin mete imaj kote yo tande son [i] nan kay la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo ak imaj.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |






Ekran 12




Ekran korije

| M ap aprann an jwèt | **Aktivite 13 :** Site mo ki gen son [i]. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Deyò | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Montre elèv yo chante a epi fè yo konnen yo pral site mo, yo konnen ki gen son [i].<br>Fè yo fè yon wonn epi chak fwa yon elèv fin di yon mo ki gen son [i] y ap bat men yo epi pou lot elèv ki vin apre a, di yon lot mo byen rapid. Si li pa jwenn li, l ap soti nan wonn nan.<br>Siveye pou mo a pa repete de fwa.<br><br>**Chante a: Nou pral site tout mo ke nou konnen ki genyen son [i].** | Site mo ki gen son [i] ladan yo. |

12
13

An nou chante ansanm



Ekran 13

# Leson 8
## Son o



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [o] nan yon imaj.




**Aktivite 2 :** Byen pwononse son [o].

## Mwen konprann



**Aktivite 3 :** Idantifye non fwi ki gen son [o] nan kèk imaj.

## Map antrene



**Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [o] ladan yo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [o].

## Mwen konprann




**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « i » pami lot lèt ak nan kèk mo.

## Map antrene




**Aktivite 7 :** Idantifye mo ki gen lèt « o » ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 8 :** Ekri lèt « o ».




**Aktivite 9 :** Repwodui mo ki gen lèt « o » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10 :** Idantifye son [o] nan non imaj epi ekri l.



**Aktivite 11 :** Asosye mo ki gen [o] ak imaj ki koresponn ak yo.




**Aktivite 12 :** Idantifye mo ki gen « o » epi li yo.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 13 :** Site mo ki gen son [o].

| Dire | Matẹryèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI+estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lot, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lot yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [o] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : zwazo, chapo, radyo, po, chodyè, chosèt, kouto, mayo, tiyo, solèy. | Swiv mèt la epi reponn |

Jwenn tout sa ki nan kuizin nan ki gen son [o].



Ekran 1

Jwenn tout sa ki nan kuizin nan ki gen son [o].



Ekran korije


1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la.<br>Li premye pati konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Koute repons elèv yo. | Reponn. |
| 3 | Li fraz la ki anba a.<br>Li dezyèm pati konsiy lan.<br>Ensiste sou jan Jan fè bouch li lè li sezi epi sou son yo tande a. | Koute fraz la epi fè menm jan ak Jan. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Esplike sa ki pase nan imaj sa a. Fè menm jan ak Jan.



Jan sezi li di: o o o

Ekran 2

Mwen konprann | **Aktivite 3 :** Idantifye non fwi ki gen son [o] nan kèk imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+estilèt | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo di non fwi ki sou tablo a.<br>**Repons**: mango, anana, fig, zabriko, kokoye. | Di non fwi yo. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Chwazi yon elèv pou vin antoure yon fwi ki gen son [o] nan non li.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>Apre sa chwazi yon lòt elèv.<br>Mande elèv yo si yo konnen non lòt fwi ki gen son [o]. | Koute epi antoure.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dako non li gen son [o] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Remak**: si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lòt moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |

Reflechi pou n jwenn kiyès nan klas la ki gen son [o] nan non li.



Ekran 4

**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [o].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [o] a.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (o).<br>Fè menm jan pou lot kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [o] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 5

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Mwen konprann | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « o » pami lot lèt ak nan kèk mo. | 6/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elev yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « o » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « o » sa yo pami lot lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lot, pou antoure lèt « o » yo. Mande rès elèv yo si yo dako ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « o ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 6



Ekran korije

**Aktivite 7 :** Idantifye mo ki gen lèt « o » ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki anlè nan bwat la epi mande elèv yo si yo tande son [o] ladan ak si yo wè lèt « o » a.<br>Li lòt mo yo ak elèv yo. | Koute epi reponn kesyon mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin sou tablo a pou souliye mo ki gen lèt « o » ladan yo.<br>Mande lot elèv yo si yo dakò ak sa elèv la souliye a. | Souliye mo ki gen lèt « o » ladan yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou kare ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « o ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lot. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « o » a.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |




Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lot, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:*** *Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 9

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Idantifye son [o] nan non imaj epi ekri l. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou chak imaj epi mande elèv yo reflechi pou yo wè si yo tande son [o] nan non imaj yo.<br>Fè elèv ki gen repons lan leve men l epi fè l vin ekri i anba imaj la sou liy lan.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute epi ekri.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 10




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Idantifye mo ki gen « o » epi li yo. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Fè elèv yo idantifye mo yo ak imaj yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv, youn apre lot, pou vin mete imaj kote yo tande son [o] nan kay la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo ak imaj.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |



Ekran 12



Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 13 :** Site mo ki gen son [o]. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Montre elèv yo chante a epi fè yo konnen yo pral site mo, yo konnen ki gen son [o].<br>Fè yo fè yon wonn epi chak fwa yon elèv fin di yon mo ki gen son [o] y ap bat men yo epi pou lot elèv ki vin apre a, di yon lot mo byen rapid. Si li pa jwenn li, l ap soti nan wonn nan.<br>Siveye pou mo a pa repete de fwa.<br><br>**Chante a: Nou pral site tout mo ke nou konnen ki genyen son [o].** | Site mo ki gen son [o] ladan yo. |

12

13




Ekran 13

# Leson 9
# Son a



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 2 :** idantifye tout bèt ki gen son [a] nan non yo.



**Aktivite 3 :** Idantifye tout sa ki gen son [a] ladan yo.



**Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [a] ladan yo.




**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [a].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « a » pami lot lèt ak nan kèk mo.




**Aktivite 7 :** Idantifye lèt «a » nan yon fraz.




**Aktivite 8 :** Konte silab ki nan yon mo.



**Aktivite 9 :** fòme yon fraz ak kèk mo.




**Aktivite 10 :** fome yon mo ak kèk silab.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Ekri lèt « a ».

## M ap antrene




**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « a » daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Idantifye son [a] nan non imaj epi ekri l.



**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [a] ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete kontin sa epi idantifye tout mo ki gen « a ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [a] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure eleman yo di ki nan imaj.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [a] a byen. | Leve men epi reponn.<br><br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : chat, kabrit, kay, cheval (chwal), lalin, zetwal, etc. | Swiv mèt la epi reponn. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 1




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout bèt ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non bèt ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo deplase tout bèt ki gen son [a] yo adwat. | Di tout non bèt ki sou tablo a epi deplase sa ki gen son [a] yo adwat. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : chat, kana, krapo, cheval oubyen chwal, etc.......... | Swiv profesè a epi reponn. |




Ekran 2




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/koute/li | **Aktivite 3** : Idantifye tout sa ki gen son [a] ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki gen son [a]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi antoure sa ki gen son [a] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : tab, tas, ajanda, kaye, adwaz, kanape, etc.......... | Swiv profesè a epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/koute/li | Aktivite 4 : Nonmen non moun ki gen son [a] ladan yo. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande tout elèv ki gen son [a] nan non yo pou yo leve men yo epi di non yo. | Leve men epi di non yo sil gen son [a] ladan l. |




Ekran 4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [a]. |
| --- | --- |



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
| --- | --- | --- |
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (a).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [a] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 5

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/koute/li | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « a » pami lot lèt ak nan kèk mo. | 6/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « a » a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « a » sa yo pami lot lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lot, pou antoure lèt « a » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « a ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 6



Ekran korije

**Aktivite 7 :** Idantifye lèt «a » nan yon fraz.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete aprè w. | Koute epi repete aprè profesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout lèt « a » ki nan fraz yo. | Antoure tout lèt « a » ki nan fraz yo. |






Ekran 7




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 8:** Konte silab ki nan yon mo | 8/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike aktivite a: Mete mo ki gen yon silab nan bwat ki gen yon kare; Fè menm jan pou mo ki gen de silab ak twa silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li mo yo pou elèv yo.<br>Chwazi kèk elèv youn apre lòt pou yo vin sou tablo a pou mete mo yo nan bon bwat la.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute mèt la epi mete mo yo nan bon bwat yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou w fè elèv yo tande fraz la  epi klike sou chak mo pou ka fè elèv yo tande. | Koute fraz la ak mo yo. |
| 3 | Apre sa, mande yo vin  deplase mo yo jiskaske yo rive fè fraz la. | Deplase mo yo pou ka fòme fraz la. |

**Remak: n**ou pa komanse fraz yo ak lèt majiskil sof si se yon non pwòp (tankou Ana)






Ekran 9




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou w fè elèv yo tande mo a , epi klike sou chak silab pou ka fè elèv yo tande. | Koute mo yo ak silab yo. |
| 3 | Lè yo fin tande mo a, mande yo vin deplase silab yo jiskaske yo rive fòme mo a. | Deplase silab yo pou ka fòme mo a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Ekri lèt « a ».

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « a ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « a » a. | Ekri. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap antrene | **Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « a » daprè yon modèl. | 12/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo; li mo yo; ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |

***Remak**. Ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pPsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Di chak non imaj epi fè elèv yo repete .<br><br>Mande elèv yo nan ki imaj yo tande son [a].<br><br>Si yo tande son [a] nan yon imaj, chzawi yon elèv pou vin ekri « a » sou liy bò kote imaj lan. | Koute , repete epi ekri « a » sou yon liy bò imaj la. |

12
13
14
15




Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [a] ak imaj ki koresponn ak yo..



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès klas la si li dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi repete chante a. | Tande epi repete chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « a » nan chante a. | Di tout mo ki gen a nan chante a. |






Ekran 15

# Leson 10
# Son e



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [e] nan yon imaj.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 2 :** Idantifye tout bèt ki gen son [e] nan non yo.



**Aktivite 3 :** Idantifye tout sa ki gen son [e] ladan yo.



**Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [e] ladan yo.




**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [e].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « e » pami lot lèt ak nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt «e » nan yon fraz.




**Aktivite 8 :** Konte silab ki nan yon mo.




**Aktivite 9 :** Kreye yon fraz ak kèk mo.




**Aktivite 10 :** Fòme yon mo ak kèk silab.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Ekri lèt « e ».

## M ap antrene



**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « e » daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Idantifye son [e] nan non imaj epi ekri l.



**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [e] ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute epi repete chante sa epi idantifye tout mo ki gen « e ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [e] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lot, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lot yo si yo dako ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [e] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : cheni, leza, fenèt, dife, cheval, cheve, etc. | Swiv mèt la epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 2** : idantifye tout bèt ki gen son [e] nan non yo. | 2/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout bèt ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non bèt ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo deplase tout bèt ki gen son [e] yo adwat. | Di tout non bèt ki sou tablo a epi deplase sa ki gen son [e] yo adwat. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : cheval, cheni, ak leza. | Swiv profesè a epi reponn. |






Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo di tout non imaj ki sou tablo a.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki gen son [e]. | Di tout non imaj ki sou tablo a epi antoure sa ki gen son [e] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons yo : dife, zorye, kaye, televizyon, kaye, telefòn etc... | Swiv profesè a epi reponn. |




Ekran 3




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/koute/li | **Aktivite 4 :** Nonmen non moun ki gen son [e] ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande tout elèv ki gen son [e] nan non yo pou yo leve men yo epi di non yo. | Leve men yo epi di non yo si l gen son [e] ladan l. |




Ekran 4

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5** : Idantifye diferan fason yo ekri son [e]. | 5/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [e] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (e).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [e] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « e » a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « e » sa yo pami lot lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lot, pou antoure lèt « e » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a | Antoure lèt « e ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Obsèv/koute/li | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt «e » nan yon fraz. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete aprè w. | Koute epi repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout lèt « e » ki nan fraz yo. | Antoure tout lèt « e » ki nan fraz yo. |






Ekran 7




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 8:** Konte silab ki nan yon mo | 8/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike aktivite a: mete mo ki gen yon silab nan bwat ki gen yon kare; Fè menm jan pou mo ki gen de silab ak twa silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li mo yo pou elèv yo.<br>Chwazi kèk elèv youn apre lòt pou yo vin sou tablo a pou mete mo yo nan bon bwat la.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute mèt la epi mete mo yo nan bon bwat yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 8




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 9 :** Kreye yon fraz ak kèk mo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou w fè elèv yo tande fraz la epi klike sou chak mo pou ka fè elèv yo tande. | Koute fraz la ak mo yo. |
| 3 | Lè yo fin tande fraz la, mande yo vin deplase mo yo jiskaske yo rive fè fraz la.<br>Fè menm jan ak dezyèm fraz la. | Deplase mo yo pou ka fòme fraz la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 10 :** fòme yon mo ak kèk silab. | 10/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou espikè a pou w fè elèv yo tande mo a , epi klike sou chak silab pou ka fè elèv yo tande. | Koute mo yo ak silab yo. |
| 3 | Lè yo fin tande mo a, mande yo vin deplase silab yo jiskaske yo rive fòme mo a. | Deplase silab yo pou ka fòme mo a. |






Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « e ».<br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lot. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « e » a. | Ekri. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap antrene | **Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « e » dapre yon modèl. | 12/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Idantifye son [e] nan non imaj epi ekri l. | 13/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |



| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Di chak non imaj epi fè elèv yo repete .<br><br>Mande elèv yo nan ki imaj yo tande son [e]<br><br>Si yo tande son [e] nan yon imaj,  chzawi yon elèv pou vin ekri « e »   sou liy bò kote imaj lan. | Koute , repete epi ekri « e » sou yon liy bò imaj la. |




Ekran 13




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 14




Ekran korije

**Aktivite 15 :** : Koute e repete kontin sa epi idantifye tout mo ki gen « e ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi repete chante a. | Tande epi repete chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « e » nan chante a. | Di tout mo ki gen "e" nan chante a. |






Ekran 15

# Leson 11
# Son è



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Chante yon ti chante ki gen son [è] ladan l.

## Obsève / koute / li



**Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [è] ladan yo, apati imaj



**Aktivite 3 :** Idantifye son [è] nan sèten mo ou tande



**Aktivite 4 :** Idantifye non elèv ki gen son [è] nan klas la.




**Aktivite 5 :** Dekouvri divès fason yo reprezante son [è] alekri (an miniskil, an majiskil, an kisif, an kapital).



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt «  è » sou divès fòm li parèt, sou yon tablo.



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt «è» nan fraz.



**Aktivite 8 :**  Fòme fraz avèk mo ki gen son [è], apati yon seri mo an dezòd, fòme mo ki gen son [è], apati yon seri lèt an dezòd.

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Trase lèt «è», apati yon modèl.

## M ap antrene



**Aktivite 10 :** Ekri mo ki gen lèt «è», apati imaj.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 11 :** Rekonèt mo ki gen lèt «è» epi asosye yo ak imaj ki koresponn avèk yo.



**Aktivite 12 :** Mime reyalizasyon lèt «è» an jwèt.

| Mizantren | Aktivite 1 : Chante yon ti chante ki gen son [è] ladan l. | 1/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo koute ti chante « Mwen, Kabrit, ooo!» | Elèv yo ap koute ti chante « Mwen Kabrit, ooo! » |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo chante ti chante a ansanm avèk li. | Elèv yo ap chante ti chante a ansanm avèk mèt la |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TBI ak estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite yon (1) elèv pase devan pou vin klike sou chak imaj ki sou ekran an | Yon (1) elèv ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap anonse elèv yo pral di non chak imaj yo, youn apre lòt epi l ap mande elèv ki sou tablo a, apre chak mo elèv yo di, pou l klike sou imaj la pou yo ka verifye si se mo yo di a imaj la reprezante vre. | Elèv yo ap koute konsiy mèt la. |
| 3 | Mèt la ap lonje dwèt li sou chak imaj, youn apre lòt.<br><br>***Remak.*** *Mèt la ap kapte atansyon elèv yo sou prezans son [è] nan chak mo yo, jan sa ye nan konsiy ki sou ekran an.* | Elèv yo ap di non imaj ki konsène a. Elèv ki sou ta blo ap klike sou imaj la, tousuit apre. |




Ekran 2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

## Aktivite 3 : Idantifye son [è] nan sèten mo ou tande



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Met la ap envite elèv yo bat men yo, chak fwa yo tande son [è] nan yon seri mo ki an rapo ak yon seri imaj sou ekran an. | Koute konsiy pwofesè la. |
| 2 | Klike sou chak imaj yo, youn apre lòt. | Gade, koute epi bat men, apre yo fin tande non chak imaj ki gen son [è]. |

***Remak.*** *Se mo « adwaz », « bato » ak « kreyon » ki pa gen son [è] nan lis la. Elev yo pa ta dwe bat men pou 3 mo sa yo.*




Ekran 3

**Obsève / koute / li** | **Aktivite 4 :** Idantifye non elèv ki gen son [è] nan klas la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo kilès pami yo ki gen son [è] nan non yo. | Koute konsiy lan epi leve dwèt yo. |
| 2 | Envite elèv ki leve men yo, youn apre lòt, pou yo di non yo | Koute epi di non an, pou tout rès klas la. |



Kiyès nan klas la ki gen son [è] nan non li ?



Ekran 4

| Obsève / koute / li | **Aktivite 5 :** Dekouvri divès fason yo reprezante son [è] alekri (an miniskil, an majiskil, an kisif, an kapital). | 5/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Envite elèv yo gade sou tablo a. | Koute konsiy lan epi gade. |
| 2 | Klike sou chak lèt « è » yo, youn apre lòt epi mande elèv yo gade kijan yo reprezante son [è] alekri. | Koute epi gade. |

***Remak.*** *Mèt la ap repete menm aksyon an plizyè fwa, jiska 4 fwa, epi an dezòd, pou elèv yo ka byen rive fè asosyasyon ant son [è] ak divès fòm li prezante.*




Ekran 5

| Obsève / koute / li | Aktivite 6 : Idantifye lèt « è » sou divès fòm li parèt, sou yon tablo. | 6/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi kèk elèv, youn apre lòt, epi l ap mande yo chak, pou al antoure yon (1) lèt «è » sou tablo a. | Chak elèv, yo chwazi, pral antoure yon (1) lèt «è » ak estilè a, sou tablo a. |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo gade imaj vètè a, nan kare adwat tablo lèt yo, epi l ap mande yo kisa imaj la reprezante. | Koute kesyon mèt la, bay repons lan. |
| 3 | L ap mande yo li mo ki make anba imaj etajè a. L ap mande yon elèv al idantifye lèt « è » nan mo a. L ap mande l pou l tou pwofite li chak grenn lèt ki agoch yo tou nan sans vètikal. | Elev yo ap li mo a. Yon elèv ap antoure lèt « è » nan mo etajè. L ap tou pwofite li lèt ki agoch imaj etajè a, soti anlè rive anba. |
| | ***Remak.*** Mèt la ka chwazi jiska dis (10) elèv, pou al antoure yon (1) lèt « è », paske gen 10 lèt « è », nan gran tablo a. | |




Ekran 6




Ekran korije



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 7 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li tèks sou kabrit la pou elèv yo, fraz pa fraz, mo pa mo. | Koute epi gade. |
| 2 | Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou al antoure yon lèt « è » nan yon fraz yo. | Elèv mèt la chwazi yo, ap antoure yon (1) lèt « è » nan yon fraz ki nan tèks la. |




Ekran 7




Ekran korije

| Obsève / koute / li | **Aktivite 8 :** Fòme fraz avèk mo ki gen son [è], apati yon seri mo an dezòd, fòme mo ki gen son [è], apati yon seri lèt an dezòd. | 8/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi senk (5) elèv, youn apre lòt: 2 premye yo pral klike sou flèch agoch fraz an dezòd yo pou yo tande yon fraz. Apre sa, y ap klike sou chak grenn mo adwat flèch yo pou yo tande mo yo, grenn pa grenn. Lè yo fini, y ap deplase chak grenn mo pou mete yo nan kaz adwat yo, nan lòd, pou fòme fraz yo te tande a. | Koute konsiy mèt la epi egzekite li. |
| 2 | Twa (3) elèv apre yo ap fè menm jan an sou flèch yo, men, fwa sa a, y ap tande yon mo nòmal epi lè yo klike sou chak lèt yo, yo tande yon son. Lè yo fini, y ap mete chak lèt yo nan lòd pou fòme mo. | Koute konsiy mèt la epi egzekite li. |




Ekran 8




Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 9 :** Trase lèt «è», apati yon modèl. | 9/12 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo pran adwaz yo pou y al reyalize lèt « è » | Elev yo ap mete adwaz yo deyò. |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo gade sa k ap pase sou tablo a. Klike sou rektang ble a fè elèv yo suiv kijan pou yo reyalize lèt « è ». | Elèv yo ap suiv mouvman kreyon an sou tablo a. |
| 3 | Mèt la ap mande elèv yo pou yo fè menm jan ak animasyon an sou adwaz yo. | Elèv yo ap reyalize lèt « è » sou adwaz yo. |






Ekran 9

Ekran korije

**Aktivite 10 :** Ekri mo ki gen lèt «è», apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo gade imaj ki adwat yo, sou tablo a. L ap mande yo pou yo di non sa yo wè yo. | Koute konsiy mèt la, gade imaj yo, di non sa yo wè yo. |
| 2 | L ap mande yo pou yo li mo yo wè yo, epi apre sa, pou yo ekri yo. | Koute konsiy mèt la, li mo yo epi ekri yo. |






Ekran 10

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 11 :** Rekonèt mo ki gen lèt «è» epi asosye yo ak imaj ki koresponn avèk yo. |  |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt epi l ap mande yo al deplase youn nan mo ki sou ekran yo, pou mete l anba imaj ki koresponn ak mo yo. | Chak elèv, yo chwazi yo, ap deplase youn nan mo yo pou mete l anba imaj li koresponn avèk li a. |
| 2 | Mèt la ap mande chak elèv sa yo pou montre lèt « è » nan mo sa yo, apre sa. | Chak elèv yo ap montre lèt « è », lè yo fin mete mo yo nan plas yo. |




Ekran 11




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Pwofesè a ap envite elèv yo gade sa k ap pase sou tablo a, nan animasyon an. Epi l ap envite chak elèv vin fè menm jan ak animasyon an devan klas la. | Vin fè menm jan ak animasyon an. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

# Leson 12

## **Kominikasyon oral**

Konsiy oral senp



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève / M ap koute / M ap pale



**Aktivite 1 :** Obsève egzekisyon yon konsiy yo resevwa aloral.



**Aktivite 2 :** Idantifye aksyon ki reprezante egzekisyon yon konsiy yo tande.



**Aktivite 3 :** Egzekite yon konsiy ou resevwa aloral.



**Aktivite 4 :** Transmèt yon konsiy ou resevwa aloral.



**Aktivite 5 :** Dekouvri  fason yo pase yon konsiy ki reprezante yon lòd.



**Aktivite 6 :** Dekouvri fason yo pase yon konsiy ki reprezante yon sèvis yo mande.

## Mwen konprann



**Aktivite 7:** Fòmile yon konsiy ki reprezante yon lòd ou pase.



**Aktivite 8  :**  Fòmile  yon konsiy ki reprezante yon sèvis ou mande.

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Oganize yon fraz ki pèmèt ou mande yon sèvis. Oganize yon fraz ki pèmèt ou pase yon lòd.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 10 :** Transmèt yon konsiy oral nan fè jwèt.

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 1 : Obsève egzekisyon yon konsiy yo resevwa aloral. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo gade animasyon an, pandan y ap koute sa k ladan l. | Elèv yo ap gade epi y ap koute. |
| 2 | Mèt la ap mande elèv yo kisa yo wè Ana fè. | Elèv yo ap reponn kesyon mèt la. |

***Repons: Elèv yo ta dwe reponn: « Ana bay Jan yon kreyon ».***

Klike, tande epi di kisa nou wè Ana fè.



Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TBI ak estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Prwofesè la ap envite 1 elèv  pase devan. | Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap mande elèv  la pou l klike sou Ana, pou l deplase imaj li kwè ki reprezante sa Ana ap tann nan, pou l plase l nan kare bò kote Ana a. | Elèv la ap fè sa mèt la mande l fè a. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè sou tablo a. |

**Repons:** ***Bon imaj la se sa ki montre Jan ki leve yon vè dlo anlè.***

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran  2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite yon elèv vin klike sou Jan. Epi l ap mande elèv yo pou yo fè sa yo tande Jan mande yo fè a. | Koute sa mèt la di. Koute sa Jan mande yo fè a. Bat bravo 9 fwa. |






Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4 :** Transmèt yon konsiy ou resevwa aloral



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Pwofesè a ap envite elèv yo tande divès konsiy madmwazèl la ap bay. Chak fwa li pral klike (klike 7 fwa) sou madmwazèl la, l ap chwazi yon elèv diferan pou tande sa li di a epi pou li transmèt mesaj la bay yon lòt elèv. | Koute konsiy lan epi transmèt mesaj madmwazèl la bay lòt elèv. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10

Klike sou imaj pwofesè a pou nou tande epi bay elèv ki adwat nou a menm mesaj la.



Ekran 4

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 5 :** Dekouvri fason yo pase yon konsiy ki reprezante yon lòd. | 5/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite yon (1) elèv pase devan. | Elèv la ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap mande elèv la pou l klike sou chak kare jòn yo, pou l koute pawòl ki ladan yo epi pou l deplase sa li kwè ki reprezante yon lòd. | Elèv la ap fè sa mèt la mande l fè a. Lot elèv yo ap suiv sa l ap fè sou tablo a. |

***Remak.*** *Bon kare a se sa ki di : « Ana, chita tousuit » la.*




Ekran 5




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 6 :** Dekouvri fason yo pase yon konsiy ki reprezante yon sèvis yo mande. | 6/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Pwofesè a ap envite yon (1) elèv pase devan. | Elèv la ap pase devan. |
| 2 | pwofesè a ap mande elèv la pou l klike sou chak kare…, pou l koute pawòl ki ladan yo epi pou l deplase sa li kwè ki reprezante yon sèvis pwofesè a mande. | Elèv la ap fè sa mèt la mande l fè a. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè sou tablo a. |

***Remak.*** *Bon kare a se sa ki di : « Jan, ou ka ede m efase tablo a, silvouplè? »*




Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo byen gade chak imaj ki sou tablo a. | Gade imaj yo. |
| 2 | L ap mande elèv yo pou yo di ki kalite lòd yo te pase Jan, selon sa yo wè nan chak imaj yo. | Elèv mèt la bay lapawòl yo ap di fraz ki reprezante lòd ki koresponn ak chak imaj yo wè yo. |
| | ***Remak.*** *Mèt la ap bay chak moun lapawòl, youn apre lòt. Men kèk repons ki posib pou imaj yo:*<br><br>***Pou****:* *Jan ap ekri_______________« Jan, al fè devwa w, tousuit! »*<br>*Jan ap jwe boul_________ »Jan, ale jwe! »*<br>*Jan ap etidye_____________ »Jan, etidye leson w !»*<br>*Jan ap benyen___________ »Jan, al benyen! »* | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 7

**Aktivite 8 :** Fòmile yon konsiy ki reprezante yon sèvis ou mande.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo byen gade chak imaj ki sou tablo a. | Gade imaj yo. |
| 2 | L ap mande elèv yo pou yo di ki kalite sèvis yo te mande Ana, selon sa yo wè nan chak imaj yo. | Elèv mèt la bay lapawòl yo ap di fraz ki reprezante sèvis yo te mande Ana, ki koresponn ak chak imaj yo wè yo. |
| | ***Remak.*** *Mèt la ap bay chak moun lapawòl, youn apre lòt. Men kèk repons ki posib pou imaj yo:*<br><br>*Pou: Ana ap lonje yon vè dlo bay_« Ana, ou ka ban m enpe dlo, silvouplè? »*<br>*Ana ap bale kay la__»Ana, ede m bale kay la, silvouplè! »*<br>*Ana ap bay yon peny_ »Ana, ou ka prete m yon peny, silvouplè !»* | |




Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏱⏱⏱ | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon premye elèv pase devan. | Elèv la ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap mande elèv la gade imaj agoch la, klike sou chak mo ki adwat li yo pou l ka tande yo epi pou l mete mo sa yo nan lòd. | L ap egzekite konsiy mèt la, pou l ka rive konstwi yon fraz nòmal |
| 3 | Mèt la ap mande yon lòt elèv pase devan pou fè menm travay la pou dezyèm fraz la.<br><br>***Remak.** Elèv yo ap òganize fraz yo konsa:*<br><br>*1. Ana, èske ou ka prete mwen yon kreyon, silvouplè?*<br>*2. Jan, chita tousuit!* | Elèv la ap egzekite konsiy mèt la, pou l ka rive konstui yon fraz nòmal |




Ekran 9




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 10 :** Transmèt yon konsiy oral nan fè jwèt. | 10/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite elèv yo fè yon ti jwèt ki rele « ***telefòn arab »***. | Koute konsiy mèt la. |
| 2 | L ap di youn ki chita devan nèt oswa dèyè nèt pawòl sa a nan zòrèy:<br><br>***«Ranmase tout ti fatra ou jwenn anndan klas la pou w jete yo nan poubèl ki sou lakou a »***<br><br>Epi l ap mande l pou l transmèt konsiy sa a bay elèv ki sou kote li a, nan zorèy tou, san lòt yo pa tande, jiskaske mesaj la rive jwenn yon dènye elèv nan klas la.<br><br>***Remak.*** *L ap mande dènye elèv la pou l di ki mesaj li resevwa pou tout klas la byen fò, pou l ka wè si elèv yo te byen transmèt li.* | Koute mesaj kanmarad la ap bay la epi transmèt li bay lòt kanmarad ki sou kote l la. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10




Ekran 10

# Leson 13
## Son m



# Rezime tout aktivite kou a:

## Obsève/ koute/ li



**Aktivite 1 :** Dekouvri son [m] – Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, apati imaj.



**Aktivite 3 :** Idantifye plas son [m], nan divès mo li parèt.



**Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye non elèv ki gen son [m] nan klas la.



**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [m].



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « m » sou tout fòm ak nan tout mo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « m ».



**Aktivite 9 :** Li mo ki gen lèt « m » ladan yo.



**Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen lèt « m » ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « m » ladan yo ak imaj ki koresponn avèk yo.



**Aktivite 12 :** Li mo ki gen lèt « m » ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Reyalize lèt m selon yon modèl.



**Aktivite 14 :** Repwodui mo ki gen lèt « m » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « m » ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 16 :** Antoure lèt « m » nan yon tèks.

| Obsèv/ koute/ li | Aktivite 1 : Dekouvri son [m] – Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, apati imaj. | 1/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap envite yon (1) elèv pase devan pou vin klike sou chak imaj ki sou ekran an. | Elèv yo ap tande konsiy lan epi yon (1) elèv ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo di non chak imaj yo, youn apre lòt epi l ap mande elèv ki sou tablo a, apre chak mo elèv yo di, pou l klike sou imaj la pou yo ka verifye si se mo elèv yo di a imaj la reprezante vre. | Elèv yo ap koute konsiy mèt la. |
| 3 | Mèt la ap montre chak imaj ak estilè a, youn apre lòt. | Elèv yo ap di non imaj mèt la montre a. Elèv ki sou tablo a ap klike sou imaj la, tousuit apre. |

***Remak.*** *Mèt la ap kapte atansyon elèv yo sou prezans son [m] nan chak mo yo, jan sa ye nan konsiy ki sou ekran an.*




Ekran 1

**Obsève/ koute/ li** | **Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap envite yon elèv pase devan pou vin antoure imaj li remake non yo gen son [m] ladan yo. | Koute konsiy mèt la. |
| 2 | Mèt la ap mande klas la si yo dakò, chak fwa elèv la antoure yon imaj. | Elèv ki sou tablo a ap antoure imaj ki gen son [m] nan non yo. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè a epi y ap reponn si yo dakò, chak fwa mèt la mande yo sa. |

***Remak.*** *Se «mapou, palmis, fwomaj, joumou, foumi, alimèt » ki gen son [m] pami imaj yo.*






Ekran 2




Ekran korije

**Aktivite 3 :** Idantifye plas son [m], nan divès mo li parèt.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak kote yo tande son [m] parèt nan chak mo, apati chak imaj. pou li. | Elèv yo ap koute konsiy lan epi suiv repons elèv ki sou tablo a. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò. | Rès klas la ap kòmante sa elèv la fè a epi korije si se nesesè. |






Ekran 3




Ekran korije

**Obsève/ koute/ li** | **Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [m] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan pou tout klas la ka tande. | Elèv yo ap tande konsiy lan.<br>. |
| 2 | L ap mande youn oswa 2 elèv pase devan pou vin mete chak imaj nan kaz pa yo.<br><br>Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò avèk sa elèv ki sou tablo a fè a.<br><br>***Mo yo se: mato, yanm, lim, melon, plim, mayi.*** | Youn oswa 2 elèv ap pase devan,<br>Y ap mete chak imaj nan plas yo.<br>Lòt elèv yo ap suiv sa elèv ki sou tablo yo ap fè a.<br><br>Elèv yo ap fè remak epi korije si sa nesesè. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/ koute/ li | **Aktivite 5 :** Nonmen non moun ki gen son [m] ladan yo |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dakò non li gen son [m] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Remak**: Si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lòt moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

| Obsève/ koute/ li | **Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [m]. | 6/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [m] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (m).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [m] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 6

**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « m » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « m » nan parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « m » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « m» yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « m ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò epi korije si sa nesesè. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elèv yo ap suiv sa mèt la di a epi y ap li. |

Li silab yo ak mo yo.




mè ma mi mo me oma

mami mimi mèmè amè mamè

Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt epi l ap mande yo pase devan pou al antoure bon mo yo nan youn nan divès liy mo sou ekran an. | Chak elèv ki chwazi yo ap pase youn apre lòt, devan tablo a, pou al antoure bon mo a. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la pou suiv sa elèv li chwazi yo ap fè.<br><br>Apre sa chak elèv yo antoure, l ap mande rès klas la kòmante li. | Chak elèv yo ap antoure bon mo a.<br><br>Lòt elèv yo ap bay kòmantè yo apre chak repons epi korije si gen bezwen. |







Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Pwofesè a ap li konsiy lan pou tout klas la ka tande. | Elèv yo ap tande konsiy lan. |
| 2 | Envite 2 elèv, youn pou chak liy, pase devan pou y al antoure silab ki menm ak yon modèl y ap wè agoch yon liy mo. | Elèv yo ap pase devan epi y ap antoure bon silab yo, nan chak liy mo yo. |
| 3 | Pwofesè a la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a. | Rès klas la ap bay kòmantè yo, epi korije si sa nesesè. |




Ekran 10




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « m » ladan yo ak imaj ki koresponn avèk yo. | 11/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin relye chak imaj ak mo ki koresponn avèk yo. | Yon elèv ap pase devan |
| 2 | Mèt la ap li konsiy lan pou li, yon fason pou tout klas la ka tande tou. L ap mande l pou li relye chak mo ak imaj ki koresponn ak yo.<br><br>Apre chak mo elèv la relye, mèt la ap mande rès klas la kòmantè yo. | Elèv la ap egzekite konsiy mèt la apre tout elèv fin tande konsiy lan.<br><br>Rès elèv yo ap fè kòmantè epi pote koreksyon sou travay elèv la, si sa nesesè. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 11




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo li mo yo, epi, apre chak sa yo li, l ap klike sou yo pou yo tande, pou yo ka verifye sa yo di a. | Elèv yo ap li chak mo mèt la montre yo. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Reyalize lèt « m »selon yon modèl



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « m ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lot. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « m » nan. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12
13
14
15
16




Ekran 13

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |






Ekran 14

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « m » ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo. | 15/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a epi korije. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 15




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16 :** Antoure lèt « m » nan yon tèks. | 16/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan<br>L ap envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin antoure lèt « m » nan yon tèks. | Tande konsiy nan.<br>Pase devan, youn apre lòt pou vin antoure « m » nan tèks la. |
| 2 | Mèt la ap envite yon elèv vin klike sou bouton "jwe" a pou elèv yo koute epi chante chante a. | Koute epi chante chante a. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 16




Ekran korije

# Leson 14
# Son n



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève / M ap koute / M ap pale



**Aktivite 1 :** Koute son [n] – Dekouvri mo ki gen son [n] ladan yo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [n] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 3 :** Idantifye plas son [n], nan divès mo li parèt.



**Aktivite 4 :** Idantifye non elèv ki gen son [n] nan klas la.



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son son [n].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « n » sou tout fòm ak nan tout mo.



**Aktivite 7 :** Li mo ki gen lèt « n » ladan yo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « n ».



**Aktivite 9 :** Konplete mo ak silab ki gen lèt « n ».

## M ap antrene



**Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen lèt « n » ladan yo.



**Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « n » ladan yo ak imaj ki koresponn avèk yo.



**Aktivite 12 :** Li mo ki gen lèt « n » ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Reyalize lèt « n » selon yon modèl.



**Aktivite 14 :** Repwodui mo ki gen lèt « n » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « n» ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 16 :** Antoure lèt « n» nan yon tèks.

| Obsève/Koute/Li | **Aktivite 1 :** Dekouvri son [n] – Idantifye mo ki gen son [n] ladan yo, apati imaj. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv yo** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap envite yon (1) elèv pase devan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo di non chak imaj yo, youn apre lòt epi l ap mande elèv ki sou tablo a, apre chak mo elèv yo di, pou l klike sou imaj la pou yo ka verifye si se mo elèv yo di a imaj la reprezante vre. | Di non imaj yo epi klike pou verifye. |
| 3 | Mèt la ap kapte atansyon elèv yo sou prezans son [n] nan chak mo yo.L ap fè yo peze sou son [n] an nan chak mo. | Peze sou son [n] an nan mo yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

**Aktivite 3 :** Idantifye plas son [n], nan divès mo li parèt, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan pou klas la.<br>L ap mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak silab kote yo tande son [n] parèt nan chak mo, apati chak imaj. | Elèv yo ap koute konsiy lan.<br>Yon elèv ap kolorye kaz ki koresponn ak silab kote yo tande son [n] parèt nan chak mo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò.<br>***Remak:*** *.Mo yo se: Ana, kana, nounous, pyano, menajè, telefòn.* | Rès klas la ap fè komantè sou sa elèv la fè a. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/Koute/Li | **Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [n] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj. | 2/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin mete chak imaj nan kaz pa yo. | Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | L ap li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br><br>Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò avèk sa elèv la fè a.<br><br>**Mo yo se:** nounous, nich, nechèl, machin, lalin, nen | Elèv yo ap tande konsiy lan. Elèv ki sou tablo a ap mete chak imaj nan plas yo. Lòt elèv  yo ap suiv sa l ap fè a.<br><br>Elèv yo ap fè remak sou sa elèv la fè a. |






Ekran 2




Ekran korije

**Aktivite 4 :** Idantifye non elèv ki gen son [n] nan klas la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dakò non li gen son [n] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Remak:** Si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lòt moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |

Reflechi pou nou jwenn ki elèv nan klas la ki gen son [n] nan non yo.



Ekran 4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [n].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [n] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (n).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [n] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « n» a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « n » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « n » yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « n ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/Koute/Li | **Aktivite 7 :** Li mo ki gen lèt « n » ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt epi l ap mande yo pase devan pou al antoure bon mo a nan youn nan divès kolonn mo sou ekran an. | Chak elèv yo chwazi yo ap pase youn apre lòt, devan tablo a, pou al antoure bon mo a. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la pou suiv sa elèv li chwazi yo ap fè.<br><br>Apre sa chak elèv yo antoure, l ap mande rès klas la kòmante li. | Chak elèv yo ap antoure bon mo a.<br><br>Lòt elèv yo ap bay kòmantè yo apre chak mo elèv ki sou tablo a antoure. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elèv yo ap suiv sa mèt la di a epi y ap li. |




Ekran 8

| Mwen konprann | **Aktivite 9 :** Konplete mo ak silab ki gen lèt « n » ladan yo. | 9/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Klavye | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi eksplike elèv yo kijan pou yo sèvi ak klavye a. a. | Koute konsiy lan ak eksplikasyon pwofesè a sou itilizasyon klavye a. |
| 2 | Pwofesèd a ap mande 2 oswa 3 elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis ki sou tablo | 2 oswa 3 elèv ap pase devan vin reyalize egzèsis la. |

Seleksyone klavye a epi yon zòn tèks, tape moso ki manke a nan chak mo.

| | |
|---|---|
| A_____ | domi_____ |
| Re_____ | li_____t |
| _____ch | ana_____ |

ni
na
ne
nè
no

Ekran 9

Seleksyone klavye a epi yon zòn tèks, tape moso ki manke a nan chak mo.

| | |
|---|---|
| A_na_ | domi_no_ |
| Re_ne_ | li_nè_t |
| _ni_ch | ana_na_ |

Ekran korije

**Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen lèt « n » ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi mande twa elèv pase devan, youn apre lòt, pou al fè egzèsis ki sou tablo a. | Elèv yo ap pase sou tablo a, youn apre lòt, pou reyalize egzèsis mèt la di yo a. |
| 2 | Mande premye elèv la antoure « ne » nan premye liy lan. Lè elèv la fini, l ap mande dezyèm elèv li rele a antoure « no » nan dezyèm liy lan, elatriye.<br><br>Mande rès klas la si yo dakò ak sa chak elèv fin fè. | Chak elèv ki konsène yo ap egzekite konsiy lan. |

Antoure ne nan liy 1, no nan liy 2 epi nè nan liy 3.

1- anemi penyen kone kenèp demele

2- manno pantalon domino moto mono

3- kenèp kanè fènwa anmè benè

Ekran 10

Antoure ne nan liy 1, no nan liy 2 epi nè nan liy 3.

1- anemi penyen kone kenèp demele

2- manno pantalon domino moto mono

3- kenèp kanè fènwa anmè benè

Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « n» ladan yo ak imaj ki koresponn avèk yo. | 11/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin relye chak imaj ak mo ki koresponn avèk yo. | Yon elèv ap pase devan |
| 2 | Mèt la ap li konsiy lan pou li, yon fason pou tout klas ka tande tou. L ap mande l pou l klike sou mo yo anvan li relye yo ak imaj ki koresponn ak yo.<br><br>Apre chak mo elèv la relye, mèt la ap mande rès klas la kòmante yo. | Elèv la ap egzekite konsiy lan.<br><br>Elèv yo ap fè komantè yo sou travay elèv la, si sa nesesè |




Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo li mo yo, epi, apre chak sa yo li, l ap klike sou yo pou yo tande, pou yo ka verifye sa yo di a. | Elèv yo ap li chak mo mèt la montre yo. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Reyalize lèt « n »selon yon modèl

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou flèch jòn nan epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « n ».<br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « n » a.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |






Ekran 13

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12
13
14
15
16




Ekran 14

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « n » ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 15




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16 :** Antoure lèt « n » nan yon tèks. | 16/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin antoure lèt « n » nan yon tèks. | Elèv yo ap pase devan, youn apre lòt |
| 2 | Mèt la ap ba yo konsiy lan. | Elèv yo ap koute konsiy lan.<br><br>Y ap antoure lèt « n ». |






Ekran 16




Ekran korije

# Leson 15
## Son l



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève / M ap koute / M ap li



**Aktivite 1 :** Dekouvri son [l] – Idantifye mo ki gen son [l] ladan yo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Idantifye mo ki gen son [l] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 3 :** Idantifye plas son [l], nan divès mo li parèt, apati imaj.



**Aktivite 4 :** Idantifye non elèv ki gen son [l] nan klas la.



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son son [l].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « l » pami lèt let ak nan kek mo.



**Aktivite 7 :** Li mo ki gen lèt « l» ladan yo.



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt «l».

## Mwen konprann



**Aktivite 9 :** Konplete mo ak silab ki gen lèt « l » ladan yo.



**Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen lèt «l» ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « l » ladan yo ak imaj ki koresponn avèk yo.



**Aktivite 12 :** Li mo ki gen let « l» ladan yo.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Reyalize let « l » selon yon modèl.



**Aktivite 14:** Repwodui mo ki gen lèt « l » dapre yon model.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « l» ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 16 :** Antoure lèt «l» nan yon tèks.

| Obsève / koute / li | **Aktivite 1 :** Dekouvri son [l] – Idantifye mo ki gen son [l] ladan yo, apati imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI ak Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon met la | Aksyon elev yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite yon (1) elèv pase devan pou vin klike sou chak imaj ki sou ekran an. | Yon (1) elèv ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap envite elèv yo di non chak imaj yo, youn apre lòt epi l ap mande elèv ki sou tablo a, apre chak mo elèv yo di, pou l klike sou imaj la pou yo ka verifye si se mo elev yo di a imaj la reprezante vre. | Elèv yo ap koute konsiy mèt la. |
| 3 | Mèt la ap lonje dwèt li sou chak imaj, youn apre lòt.<br><br>***Remak.*** *Mèt la ap kapte atansyon elèv yo sou prezans son [l] nan chak mo yo, jan sa ye nan konsiy ki sou ekran an.* | Elèv yo ap di non imaj mèt la montre a. Elèv ki sou tablo a ap klike sou imaj la, tousuit apre. |




Ekran

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Obsève / koute / li** **Aktivite 2:** Idantifye mo ki gen son [l] ladan yo, nan dives pozisyon, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin mete chak imaj nan kaz pa yo. | Yon elev ap pase devan. |
| 2 | L ap li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br><br>Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò avèk sa elèv la fè a. | L ap mete chak imaj nan plas yo. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè a.<br><br>Elèv yo ap fè remak sou sa elèv la fè a. |






Ekran 2




Ekran korije

**Obsève / koute / li** | **Aktivite 3 :** Idantifye plas son [l], nan dives mo li parèt, apati imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak kote yo tande son [l] parèt nan chak mo, apati chak imaj. Mèt la ap li konsiy lan pou li. | Elèv la ap koute konsiy lan. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò. | Rès klas la ap fè kòmantè sou sa elèv la fè a. |

**Mo yo**: lapen, pilon, lalin, selilè, latanye, kanaval




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève / koute / li | Aktivite 4 : Idantifye non elev ki gen son [l] nan klas la. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dakò non li gen son [l] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Atansyon**: si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lot moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |






Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute konsiy lan epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [n] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (l).<br>Fè menm jan an pou lot kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [l] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 5

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève / koute / li | **Aktivite 6 :** Idantifye let (l) pami lot let ak nan kek mo. | 6/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « l» a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « l » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « l » yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « l ». Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 6



Ekran korije

**Obsève / koute / li** | **Aktivite 7 :** Li mo ki gen let « l» ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 7 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt epi l ap mande yo pase devan pou al antoure bon mo a nan youn nan divès kolonn mo sou ekran an. | Chak elèv, yo chwazi yo, ap pase youn apre lòt, devan tablo a, pou al antoure bon mo a. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la pou suiv sa elèv li chwazi yo ap fè.<br><br>Apre sa chak elèv yo antoure, l ap mande rès klas kòmante li. | Chak elèv yo ap antoure bon mo a.<br><br>Lòt elèv yo ap bay kòmantè yo, apre chak mo, elèv ki sou tablo a antoure. |




Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elev yo ap suiv sa mèt la di a epi y ap li. |

Li silab yo ak mo yo.




ale mele melimelo ana alina melani

lala bal lamè bèl malè tolalito

Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Mwen konprann | **Aktivite 9 :** Konplete mo ak silab ki gen let « l » ladan yo. | 9/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè + Klavye | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis ki sou tablo a. | Koute konsiy met lan.<br><br>Yon elev ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap li konsiy lan pou elèv la byen kle pou rès klas la ka tande. | Koute konsiy mèt la. Egzekite konsiy lan. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 9




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen let « l » ladan yo. | 10/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mande 3 elèv pase devan, youn apre lòt, pou al fè egzèsis ki sou tablo a. | Elèv yo ap pase sou tablo a, youn apre lòt, pou reyalize egzèsis mèt la di yo a. |
| 2 | Mande premye elèv la antoure « la » nan premye liy lan. Lè elèv la fini, l ap mande dezyèm elèv li rele a antoure « li » nan dezyèm liy lan, epi l ap fè menm jan ak twazyèm lan.<br>Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa chak elèv fin fè. | Chak elèv ki konsène yo ap egzekite konsiy lan. |




Ekran 10




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 11 :** Relye mo ki gen let « l» ladan yo ak imaj ki koresponn avek yo. | 11/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande yon elèv pase devan pou vin relye chak imaj ak mo ki koresponn avèk yo. | Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | Mèt la ap li konsiy lan pou li, yon fason pou tout klas ka tande tou. L ap mande l pou l klike sou mo yo anvan li relye yo ak imaj ki koresponn ak yo.<br><br>Apre chak mo elèv la relye, mèt la ap mande rès klas la kòmantè yo. | Elèv la la ap egzekite konsiy mèt la.<br><br>Elèv yo ap fè kòmantè yo sou travay elèv la, si sa nesesè. |






Ekran 11




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 12 :** Li mo ki gen lèt « l» ladan yo. | 12/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande elèv yo pou yo koute an silans avèk atansyon pwezi a.<br><br>Klike sou espikè a. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute an silans avèk atansyon pwezi a. |
| 2 | Fè elèv yo li pwezi a nan kè yo poukont yo epi fè 3 elèv vin sou tablo pou yo li pwezi a | Li pwezi a poukont yo nan kè yo.<br>Elèv yo chwazi yo, yo chak ap li yon pati nan pwezi a byen fò pou tout klas la ka tande. |






Ekran 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « l ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « l » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12 13 14 15 16




Ecran 13

| M ap ekri | **Ativite 14 :** Repwodui mo ki gen lèt « l » dapre yon modèl. | | | 14/16 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi 2 elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12 13 14 15 16




Ekran 14

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « l » ladan yo ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 15




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16:** Antoure let « l » nan yon teks. | 16/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li premye pati nan konsiy lan.<br><br>Envite kèk elèv, youn apre lòt, pou vin antoure lèt « l » nan tèks la. | Koute premye pati konsiy lan.<br><br>Elèv yo ap pase devan, youn apre lòt vin antoure tout lèt « l » nan tèks chante a. |
| 2 | Li dezyèm pati konsiy lan epi klike sou espikè a pou fè elèv yo tande chante a.<br><br>Fè yo chante chante a. | Elèv yo ap koute dezyèm pati konsiy lan.<br><br>Chante. |



Ekran 16

# Leson 16

## Son r



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Idantifye son [r] nan yon istwa.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Idantifye aksyon moun ap fè ki gen son [r] nan plizyè imaj.



**Aktivite 3 :** Idantifye non bèt ki gen son [r] nan kèk imaj.



**Aktivite 4 :** Diskriminen anplasman son [r] a nan non kèk imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye silab ki gen son [r] ladan l nan non kèk imaj .

## Map antrene



**Aktivite 6 :** Nonmen non moun ki gen son [r] ladan yo.

## Obsève/li/koute




**Aktivite 7 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [r].

## Mwen konprann




**Aktivite 8 :** Idantifye lèt « r » pami lot lèt ak kèk mo.

## Obsève/li/koute




**Aktivite 9 :** Li silab ak mo ki gen son [r] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 10 :** Idantifye nan mo silab ki gen lèt « r » ladan dapre yon modèl.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Ekri lèt « r ».



**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « r » dapre yon modèl.



**Aktivite 13 :** Fòme mo apati silab ki gen lèt « r » ladan yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [r] ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 15 :** Konnen plizyè non bèt ki gen son [r].

Obsève/li/koute | **Aktivite 1 :** Idantifye son [r] nan yon istwa.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj la pou elèv yo ka tande istwa a.<br>Mande elèv yo pou yo fè menm bri ak chen an nan istwa Jan an: rrrrrrrr. | Koute istwa a epi fè rrrrrrrr menm jan ak chen an. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj yo byen.<br>Li konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo dekri imaj yo, youn apre lòt, lè yo jwenn yon imaj ki gen moun k ap fè yon aksyon ki gen son [r], chwazi yon elèv pou vin antoure imaj sa a.<br><br>**Deskrisyon imaj yo**:<br>**anwo agoch**: timoun yo ap jwe domino;<br>**anwo adwat**: de men k ap dechire yon fèy papye;<br>**nan mitan**: Jan ap kouri;<br>**anba agoch**: Jan ap resite leson li;<br>**anba adwat**: timoun yo ap gade tele. | Dekri epi antoure. |



Ekran 2



Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Mwen konprann** | **Aktivite 3 :** Idantifye non bèt ki gen son [r] nan kèk imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilèt | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo di non bèt ki sou tablo a.<br>**Non bèt yo**: jiraf, poul, sourit, chen, bourik, chat. | Idantifye bèt yo. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Chwazi yon elèv pou vin deplase yon bèt ki gen son [r] nan non li epi mete l anndan panye a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>Apre sa chwazi yon lòt elèv.<br>Mande elèv yo si yo konnen non lòt bèt ki gen son [r]. | Koute konsiy lan epi deplase bèt yo.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 3




Ekran korije

| | | |
|---|---|---|
| Mwen konprann | **Aktivite 4 :** Diskriminen anplasman son [r] a nan non kèk imaj. | 4/15 |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo idantifye chak imaj yo.<br>Fè yo peze sou son [r] a epi pou yo di kote yo tande l nan non imaj la.<br>**Non imaj yo**: Recho, zoranj, sourit, jiraf, zorye, revèy. | Idantifye imaj yo.<br>Di plas son [r] nan non imaj yo. |
| 3 | Chwazi elèv, youn aprè lòt, pou vin antoure imaj ki gen son [r] a anndan l.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure imaj ki gen son [r].<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5 :** Idantifye silab ki gen son [r] ladan l nan non kèk imaj .



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Idantifye imaj yo ak elèv yo. Si nesesè, fè yo bat men yo pou chak silab.<br>Chak fwa, mande yo nan ki silab yo tande son [r] a.<br>**Non imaj yo**: Parapli, zorèy, radyo, larivyè, mandarin, respire. | Idantifye imaj;<br>Di nan ki silab ki gen son [r]. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin fè kwa nan kare ki gen son [r] a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Fè kwa nan kare ki gen son [r] a.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 5




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 6 :** Nonmen non moun ki gen son [r] ladan yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv ki jwenn yon non, leve men l pou l di non an.<br>Fè elèv ki gen non sa a, kanpe pou l ka di si li dako non li gen son [r] ladan l.<br>Fè repete non an pou tout elèv ka byen tande.<br><br>**Remak:** si pa gen elèv nan klas la ki gen son sa a nan non li, fè elèv yo site non lot moun yo konnen ki gen son an nan non yo. | Kanpe epi di non an.<br><br>Repete non an plizyè fwa. |

Reflechi poun jwenn kiyès nan klas la ki gen son [r] nan non li?



Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [r] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (r).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [r] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 7

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Mwen konprann | Aktivite 8 : Idantifye lèt « r » pami lòt lèt ak kèk mo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « r » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « r » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « r » yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « r ». Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

| Obsève/li/koute | **Aktivite 9 :** Li silab ak mo ki gen son [r] ladan yo. | 9/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa a, fè elèv yo repete apre w; twazyèm fwa a, kite yo li l poukont yo. | Koute; repete; li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute; repete; li mo yo. |



Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap antrene | **Aktivite 10 :** Idantifye nan mo silab ki gen lèt « r » ladan dapre yon modèl. | 10/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li premye pati konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki nan rektang lan kòm modèl pou elèv yo; fè yo byen wè ke se silab « ra » a ki antoure epi mande yo poukisa. | Koute mèt la epi reponn. |
| 3 | Li rès mo premye kolòn nan ak elèv yo.<br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure silab « ra » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Li mo yo, antoure « ra ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè menm jan pou dezyèm ak twazyèm kolòn nan. | |




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Ekri lèt « r ».

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « r ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « r » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Fòme mo apati silab ki gen lèt « r » ladan yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri silab ki manke a pou fòme yon mo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Ekri silab yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12
13
14
15




Ekran 13




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [r] ak imaj ki koresponn ak yo. | 14/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |

12 13 14 15



Ekran 14



Ekran korije

M ap aprann an jwèt

**Aktivite 15 :** Konnen plizyè non bèt ki gen son [r].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Montre elèv yo chante a epi esplike yo ke yo pral site non yo konnen ki gen son [r].<br>Fè yo fè yon wonn epi chak fwa yon elèv fin di non yon bèt ki gen son [r] yap fè jès oswa bri bèt la konn fè epi pou lòt elèv ki sou kote a di yon lòt non bèt ki gen son [r]. Si li pa jwenn li l ap soti nan wonn nan.<br><br>**Chante a: Nan bèl peyi nou Ayiti ole (bis), nou gen bourik hi han (bis).** | Site mo ki gen son [r] ladan yo. |

12 13 14 15




Ekran 15

# Leson 17
## Revizyon 1



# Rezime tout aktivite kou a:

## Revizyon



**Aktivite 1 :** Diskrimine son vwayèl: a, e, o, i, è.



**Aktivite 2:** Diskrimine son vwayèl: a, e, o, i, è.



**Aktivite 3 :** Diskrimine son konsòn: n,m.



**Aktivite 4 :** Diskrimine son konsòn: l.



**Aktivite 5 :** Konte silab nan yon mo.



**Aktivite 6:** Idantifye pozisyon silab ki gen tèl son nan yon mo.



**Aktivite 7 :** Idantifye pozisyon silab ki gen tèl son nan yon mo.



**Aktivite 8 :** Idantifye pozisyon silab ki gen tèl son nan yon mo.



**Aktivite 9:** Idantifye/Diskrimine lèt: m, n.



**Aktivite 10 :** Idantifye/diskrimine lèt: l.



**Aktivite 11 :** Fè korespondans son ak grafi lèt : a, e, o, i, è sou fòm ti lèt dwat, panche epi gran lèt.



**Aktivite 12 :** Rekonèt kèk mo familye ki plis ekri ak lèt elèv yo deja aprann yo.



**Aktivite 13 :** Antrene nan ekriti lèt elèv yo deja etidye yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite 5 elèv , youn apre lòt, vin klike epi relye imaj timoun yo ak son non yo kòmanse a. | Klike epi relye imaj timoun yo ak son non yo kòmanse a. |
| 3 | Apre w fin jwenn 5 bon repons yo, fè elèv yo repete dapre repons ki sou tablo a (Odèt: o, ets.)<br><br>**Non yo se:** Odèt, Ènès, Rene, Emlin, Ana | Repete repons yo ki sou tablo a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1




Ekran korije

| Revizyon | Aktivite 2 : Diskrimine son vwayèl: [a], [e], [i], [o], [è]. | 2/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite 5 elèv , youn apre lòt, vin klike yon mo agoch, apresa klike sou mo adwat yo jistan li jwenn sa ki fini ak menm son ak mo li te klike agoch la, epi relye.<br>Mande si gen yon elèv ki pa dakò ak repons kanmarad li a pou l vin korije. | Klike yon mo agoch, apresa klike sou mo adwat yo jistan li jwenn sa ki fini ak menm son ak mo li te klike agoch la, epi relye.<br>Korije kanmarad yo si gen bezwen. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Ede elèv yo idantifye tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Idantifye imaj yo epi tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite 7 elèv , youn apre lòt, pou vin relye, sou tablo a, chak imaj ak [n] oswa [m] dapre son yo tande nan kòmansman non imaj la.<br>Mande si gen yon elèv ki pa dakò ak repons kanmarad li a pou l vin korije. | Relye, sou tablo a, chak imaj ak [n] oswa [m] dapre son li tande nan kòmansman non imaj la.<br>Korije kanmarad yo si gen bezwen. |



Ekran 3



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite 10 elèv , youn apre lòt, vin klike yon mo epi antoure kazye a si l te tande son [l] nan mo a.<br>Mande si gen yon elèv ki pa dakò ak repons kanmarad li a pou l jistifye. | Klike yon mo epi antoure kazye a si l te tande son [l] nan mo a.<br>Di si yo pa dakò ak repons kanmarad li epi jistifye. |



Ekran 4



Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 5** : Konte silab nan yon mo. | 5/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li mo yo.<br>Mande 6 elèv, youn apre lòt, pou glise mo yo nan kazye yo dapre kantite silab yo genyen.<br>Mande lòt elèv pou vin korije si gen bezwen pou sa. | Glise mo yo nan kazye yo dapre kantite silab yo genyen.<br>Korije, si gen bezwen pou sa. |





Ekran 5



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande yon elèv pou vin klike sou tablo a.<br>Mande tout klas la pou tande epi repete mo yo.<br>Li konsiy lan. | Klike.<br>Repete epi li mo yo.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo vin kolorye silab kote yo tande son [m] an nan chak mo.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 5 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Kolorye silab kote yo tande son [m] an nan chak mo sou tablo a.<br>Korije repons kanmarad yo, lè sa nesesè |






Ekran 6




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande yon elèv pou vin klike sou tablo a.<br>Mande tout klas la pou tande epi repete mo yo.<br>Li konsiy lan. | Klike.<br>Repete epi li mo yo.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo vin kolorye silab kote yo tande son [n] an nan chak mo.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 5 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Kolorye silab kote yo tande son [n] an nan chak mo sou tablo a<br>.<br>Korije repons kanmarad yo, lè sa nesesè |




Ekran 7




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 8:** Idantifye silab ki gen tèl son ladan nan yon mo (son [l]). | 8/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande yon elèv pou vin klike sou tablo a.<br>Mande tout klas la pou tande epi repete mo yo.<br>Li konsiy lan. | Klike.<br>Repete epi li mo yo.<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo vin kolorye silab kote yo tande son [l] an nan chak mo.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 5 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Kolorye silab kote yo tande son [l] an nan chak mo sou tablo a.<br><br>Korije repons kanmarad yo, lè sa nesesè |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 9 :** Idantifye/ diskrimine lèt m, n. | 9/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande plizyè elèv pou li mo yo ki ekri sou tablo a. Li konsiy lan. | Li mo yo epi koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo kolorye lèt « m » ak koulè ble epi lèt « n » ak koulè jòn nan chak mo. Mande rès elèv yo pou yo korije repons 5 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Kolorye lèt « m » ak koulè ble epi lèt « n » ak koulè jòn nan chak mo. Korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |




Ekran 9




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 10 :** Idantifye/diskrimine lèt l. | 10/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande plizyè elèv pou li mo yo ki ekri sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Li mo yo epi koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 5 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo antoure lèt « l » la nan chak mo.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 5 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Antoure lèt « l » nan chak mo.<br><br>Korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Fè korespondans son ak grafi lèt a, e, o, i, è, m, n, l sou fòm yo deja rekonèt yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 8 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou zwazo a epi glise lèt zwazo a di a, sou tout fòm yo jwenn li, al mete nan pànye a.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 8 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Klike sou zwazo a epi glise lèt zwazo a di a, sou tout fòm yo jwenn li, al mete nan pànye a.<br>Korije repons kanmarad yo, lè gen bezwen pou sa. |




Ekran 11

| Revizyon | **Aktivite 12 :** Rekonèt kèk mo familye ki plis ekri ak lèt elèv yo deja aprann yo. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 10 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou yo klike sou zwazo a epi glise mo zwazo a di a al mete nan panye a. Mande rès elèv yo pou yo korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. | Klike sou zwazo a epi glise mo zwazo a di a al mete nan pànye a. Korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Antrene nan ekriti lèt elèv yo deja etidye yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizye elèv, youn apre lòt, pou yo vin ekri lèt yo ki sou tablo a. Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ekri menm lèt yo nan menm tan aktivite sa a. | Ekri sou diferan sipò: tablo, fèy, adwaz oswa kaye. |

12

13




Ekran 13

# Leson 18

## Kominikasyon oral

Di sa nou bezwen



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ m ap koute / m ap pale



**Aktivite 1 :** Dekouvri fason pou eksprime bezwen.

## M ap aprann



**Aktivite 2 :** Idantifye bezwen eksprime nan yon imaj.

## M ap antrene



**Aktivite 3 :** Idantifye bagay ki sèvi pou konble yon bezwen patikilye.

## M ap obsève/ m ap koute / m ap pale



**Aktivite 4 :** Dekouvri fason pou mande pèmisyon

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 5 :** Dekouvri kijan pou mande yon sèvis.



**Aktivite 6 :** Verifye si repons yo bon.

**Aktivite 1** : Dekouvri fason pou eksprime bezwen.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo sa yo wè sou tablo a. Mande sa yo panse. | Esplike sa yo sot wè a. |
| 3 | Klike sou espikè a.<br><br>Eksplike elèv yo estrikti fraz sa: “Mwen bezwen yon kiyè”. Atire atansyon yo sou pati “Mwen bezwen” an.  Fè yo konnen se fason pou yo di ounbyen mande sa yo bezwen. | Tande pwofesè a epi repete fraz la. |

1 2 3 4 5 6

Gad imaj la byen epi di kisa Bob bezwen pou l manje.



Ekran 1

| M ap aprann | **Aktivite 2:** Idantifye bezwen eksprime nan yon imaj. | 2/6 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan |
| 2 | Mande elèv yo gade imaj yo byen.<br>Pou chak imaj mande yon elèv pou l idantifye kisa timoun nan bezwen.<br>Fè menm jan pou lòt imaj yo. | Idantifye bezwen timoun yo nan chak imaj. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò.<br>**Repons**:<br>1. Kreyon oubyen plim<br>2. Lakrè<br>3. Kiyè<br>4. Dlo | Di si yo dakò ou pa. |



Ekran 2



Ekran korije

M ap antrene | **Aktivite 3** : Dekouvri kijan pou mande yon sèvis.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy. |
| 2 | Eksplike elèv yo egzèsis la. Fè yo konnen y ap genyen pou yo deplase imaj ki mache ak chak kategori bezwen | Tande pwofesè a. |
| 3 | Mande kèk elèv vin deplase imaj epi mete yo nan kategori ki ale avè yo. | Deplase imaj epi mete yo nan kategori ki ale avè |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si nou dakò ou pa. |




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/ Koute / Pale | **Aktivite 4** : Dekouvri fason pou mande pèmisyon. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke yo pral dekouvri kijan pou yo mande pèmisyon. | Tande pwofesè a. |
| 3 | Klike sou espikè ki bò kote Jan.<br><br>Envite elèv yo obsève epi koute ak anpil atansyon.<br>**Remak**: jwe son an omwen twa fwa.<br><br>Fè menm jan pou espikè ki bò kote Ana. | Obsève epi koute ak anpil atansyon son ki sou chak espikè. |
| 4 | Repete fraz ki pèmèt ou mande pèmisyon: « Èske m ka ». Eksplike elèv yo estrikti fraz la epi mande yo repete fraz la ansanm. | Tande epi repete aprè pwofesè a. |
| 5 | Mande elèv yo pou yo di kèk fraz ki pèmèt yo mande pèmisyon pou yo fè yon bagay. | Di kèk fraz ki pèmèt ou mande mande pèmisyon pou fè yon bagay. |

1 2 3 4 5 6




Ekran 4

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 5** : Dekouvri kijan pou mande yon sèvis. | 5/6 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klass | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Tande konsiy nan. |
| 2 | Eksplike elèv yo ke yo pral dekouvri kijan pou yo mande yon sèvis.<br><br>Mande elèv yo kijan yo konn mande yon moun yon sèvis. | Tande pwofesè a.<br><br>Di kijan yo konn mande moun pou rann yo yon sèvis |
| 3 | Envite 2 elèv vin sou tablo a. Youn ap klike sou kat la epi lap mande lòt elèv la pou ba li sa ki parèt sou kat la. (Yo dwe klike 5 fwa sou kat la pou ya defile tout imaj yo.) | Vin sou tablo a. Klike sou kat la epi poze kesyon ki mache ak imaj ki parèt sou kat la. |
| 4 | Repete fraz ki pèmèt ou mande yon sèvis: « Èske w ka ». Eksplike elèv yo estrikti fraz la epi mande yo repete fraz la ansanm. | Tande epi repete aprè pwofesè a. |
| 5 | Mande elèv yo pou yo di kèk fraz ki pèmèt yo mande yon moun yon sèvis. | Di kèk fraz ki pèmèt yo mande yon moun yon sèvis. |
| 6 | Ale nan lòt ekran pou ka verifye repons yo ak elèv yo. |  |




Ekran 5

**Aktivite 6:** Itilize ekspresyon « èske w ka ban mwen ».

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Verifye repons yo ak elèv yo. Mande kèk elèv vin tablo a klike sou kat pou yo ka tande repons yo. | Vin sou tablo a. Klike sou kat la epi tande repons yo. |
| 3 | Eksplike elèv yo sa se fason po yo mande yon moun rann yo yon sèvis. | Tande pwofesè a. |






Ekran 6

# Leson 19
# Son d



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [d] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Li epi konprann tèks la.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 3 :** Idantifye tout imaj ki gen son [d].



**Aktivite 4 :** Jwenn mo ki gen son [d] nan komansman, anndan ak nan fen.




**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekriti son [d].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « d » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt «d » nan yon fraz.



**Aktivite 8 :** Gade epi li silab sa yo ak mo sa yo.

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Ekri lèt « d ».

## M ap antrene




**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « d » daprè yon modèl.



**Aktivite 11:** Konplete kèk mo ak silab « do », « da » epi « di ».

## Sa mwen ka fè




**Aktivite 12 :** Relye kèk mo ak imaj li.



**Aktivite 13 :** Asosye mo ak son li.



**Aktivite 14:** Asosye mo ki gen lèt «d» ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « e ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [d] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo youn aprè lòt epi montre nan imaj la sa elèv la di a.<br>Mande lòt yo si yo dako ak sa elèv la di a. Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [d] a byen. | Leve men epi reponn. Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>Repons yo : pentad, drapo, dodin, rido, … | Swiv mèt la epi reponn. |

Antoure tout eleman nan imaj la ki gen son [d] nan non yo.



Ekran 1

Antoure tout eleman nan imaj la ki gen son [d] nan non yo.



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi eksplike elèv yo fò yo koute byen ti tèks la pou yo ka reponn kesyon yo apre. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi fè elèv yo repete aprè w. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Li kesyon yo.<br>Mande elèv yo pou yo reponn kesyon yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin antoure repons yo nan tèks la. | Reponn kesyon yo. |






Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 3 :** Idantifye tout imaj ki gen son [d]. | | | 3/15 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou ka tande son [d] a<br>Klike chak imaj pou fè elèv yo tande non yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo fè yon kwa sou tout imaj ki pa gen son [d]. | Tande non tout imaj ki sou tablo a epi fè yon kwa sou tout imaj ki pa gen son [d]. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>Repons yo : bobin, tab, ... | Swiv profesè a epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

**Aktivite 4** : Jwenn mo ki gen son [d] nan komansman, anndan ak nan fen.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande tout elèv pou di mo ki gen son [d] nan komansman.<br>Mande tout elèv pou di mo ki gen son [d] anndan yo.<br>Mande tout elèv pou di mo ki gen son [d] nan fen. | Leve men epi di mo ki gen son [d] nan komansman, anndan ak nan fen. |
| 3 | Gade repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn di l epi ekri l sou tablo a. | Swiv pwofesè a. |

Jwenn kèk mo ki gen "d" nan komansman, anndan epi nan fen.

| d nan kòmansman | d anndan | d nan fen |
|---|---|---|
| drapo | kadna | salad |

Ekran 4

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5** : Idantifye diferan fason yo ekri son [d]. | 5/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (d).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [d] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |



Ekran 5

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Obsève/koute/li | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « d » pami lòt lèt ak kèk mo. | 6/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « d » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « d » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « d » yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a | Antoure lèt « d ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt « d » nan yon fraz. | 7/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete apre w. | Koute epi repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout mo ki gen lèt « d » nan fraz yo. | Antoure tout mo ki gen lèt « d » nan fraz yo. |




Ekran 7




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 8:** Li silab  sa yo ak mo sa yo. | 8/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan<br><br>Esplike  elèv yo ke konbinezon lèt « d » + yon vwayèl, bay yon silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li silab yo pandan wap montre konbinezon an. Fè elèv yo repete aprè w.<br><br>Li mo yo pou elèv yo epi mande repete apre w. | Swiv epi repete apre pwofesè a, |




Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Klike rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « d ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lot elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « d » a. | Ekri. |




Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo; Li mo yo; Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |




Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 11 :** Konplete kèk mo ak silab « do », « da » epi « di ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi di ki silab ki manke. | Idantifye imaj yo epi di ki silab ki manke yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri silab ki manke nan mo yo. | Ekri silab ki manke yo. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 11




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 12 :** Relye mo ak imaj li. | 12/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Di chak non imaj, li chak mo epi fè elèv yo repete.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin relye chak mo ak imaj li. | Koute, repete epi relye chak mo ak imaj li. |




Ekran 12




Ekran korije

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak mo, klike sou chak espikè pou w ka tande son an epi fè elèv yo repete .<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin deplase chak mo yo mete sou espikè ki ale avè l. | Koute, repete epi deplase chak mo mete sou espikè ki ale avè l. |






Ekran 13




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

| M ap aprann anjwèt | **Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « d ». | 15/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi chante chante a. | Tande epi chante chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « d » nan chante a. | Di tout mo ki gen « d » nan chante a. |

12 13 14 15




Ekran 15

# Leson 20

## Son b



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [b] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Li epi konprann tèks la.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 3 :** Idantifye tout imaj ki gen son [b].



**Aktivite 4 :** Konte silab ki nan yon mo.



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [b].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « b » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « b » nan yon fraz.



**Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen lèt « b ».

## M ap ekri



**Aktivite 9 :** Ekri lèt « b ».

## M ap antrene



**Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « b » daprè yon modèl.



**Aktivite 11:** Konplete kèk mo ak silab « ba », « bi » epi « bo ».

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Relye mo ak imaj.



**Aktivite 13 :** Asosye mo ak son.



**Aktivite 14:** Asosye mo ki gen lèt «b» ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « b ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [b] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo youn apre lòt epi montre nan imaj la sa elèv la di a.<br>Mande lòt yo si yo dakò ak sa elèv la di a. Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [b] a byen. | Leve men epi reponn.Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : bòl, poubèl, bè, tab, ... | Swiv mèt la epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi eksplike elèv yo fò yo koute byen ti tèks la pou yo ka reponn kesyon yo apre. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi fè elèv yo repete aprè w. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Li kesyon yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo reponn kesyon yo.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin antoure repons yo nan tèks la. | Reponn kesyon yo. |




Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/koute/li | Aktivite 3 : Idantifye tout imaj ki gen son [b]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou ka tande son [b] a<br>Klike chak imaj pou fè elèv yo tande non yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou pase kwa sou tout imaj ki pa gen son [b]. | Tande non tout imaj ki sou tablo a epi pase kwa sou tout sak pa gen son [b]. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>Repons yo : dodin, salad, ... | Swiv profesè a epi reponn |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 4 :** Konte silab ki nan yon mo. | 4/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou chak imaj pou elèv yo ka tande non yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo bat men yo pandan yap repete mo yo.<br>Fè yo konte konbyen fwa yo bat men yo lè yo tap di mo a epi pou yo konte kare ki anba mo a.<br><br>Fè kèk elèv vin sou tablo . Mande yo pase yon kwa sou silab oubyen sou kare ki gen son [b] a. | Pandan nap li mo yo konte konbyen silab ak men nou. Di konbyen kare ki anba chak mo.<br><br>Fè yon kwa sou kare oubyen silab ki gen son [b]. |
| 3 | Gade repons elèv yo, si gen silab yo pa jwenn, fè l avè yo. | Swiv pwofesè a. |




Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5** : Idantifye diferan fason yo ekri son [b]. | 5/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (b).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [b] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

| Obsève/koute/li | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « b » pami lot lèt ak kèk mo. | 6/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « b » a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « b » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « b » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « b ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 6



Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt « b » nan yon fraz. | 7/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete apre w. | Koute epi repete aprè profesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout mo ki gen lèt « b » nan fraz yo. | Antoure tout mo ki gen lèt « b » nan fraz yo. |



Ekran 7



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan<br><br>Esplike elèv yo ke konbinezon lèt « b » + yon vwayèl, bay yon silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li silab yo pandan wap montre konbinezon an. Fè elèv yo repete apre w.<br><br>Li mo yo pou elèv yo epi mande repete apre w. | Swiz epi repete apre pwofesè a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Klike sou rektang ble a  epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « b ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lot. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « b » a. | Ekri. |




Ekran 9

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| M ap antrene | **Aktivite 10 :** Repwodui mo ki gen lèt « b » daprè yon modèl. | 10/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 11 :** Konplete kèk mo ak silab « ba », « bi » epi « bo ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi di ki silab ki manke. | Idantifye imaj yo epi di ki silab ki manke yo. |
| 3 | Chwazi 6 elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri silab ki manke nan mo yo. | Ekri silab ki manke yo. |




Ekran 11




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | Aktivite 12 : Relye mo ak imaj. | | | | 12/16 |
|---|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | | Kantite ekran |
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Di chak non imaj, li chak mo epi fè elèv yo repete .<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin relye chak mo ak imaj li. | Koute , repete epi relye chak mo ak imaj li. |




Ekran 12




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak mo, klike sou chak espikè pou w ka tande son an epi fè elèv yo repete .<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin deplase chak mo espikè mete sou son ki koresponn avè yo. | Koute , repete epi deplase chak espikè mete sou mo ki ale avè l. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò |





Ekran 13



Ekran korije

**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen lèt «b» ak imaj ki koresponn ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo. Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « b ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi chante chante a. | Tande epi chante chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « b » nan chante a. | Di tout mo ki gen « b » nan chante a. |

12
13
14
15




Ekran 15

# Leson 21

## Son p



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [p] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Li epi konprann tèks la.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 3 :** Idantifye tout imaj ki gen son [p].



**Aktivite 4 :** Konte silab ki nan yon mo.



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekrit son [p].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « p » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « p » nan yon fraz.



**Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen lèt « p ».

## M ap antrene




**Aktivite 9 :** Familyarize ak silab « pa », « pi », ak « po ».

## M ap ekri



**Aktivite 10 :** Ekri lèt « p ».

## M ap antrene



**Aktivite 11:** Repwodui mo ki gen lèt « p » daprè yon modèl.



**Aktivite 12 :** Konplete kèk mo ak silab « pa », « po » epi « pi ».

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Asosye mo ak son.



**Aktivite 14:** Asosye mo ki gen lèt «p» ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « p ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [p] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo youn apre lòt epi montre nan imaj la sa elèv la di a.<br>Mande lòt yo si yo dakò ak sa elèv la di a. Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [p] a byen. | Leve men epi reponn.Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>Repons yo : pwason, papiyon, pentad, pantalon, poul, pòt, granpè, lapen, chapo, pijon, drapo, ... | Swiv mèt la epi reponn. |



Antoure tout mo nan imaj sa ki gen son [p].



Ekran 1

Antoure tout mo nan imaj sa ki gen son [p].



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi fè elèv yo repete aprè w. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Li kesyon yo.<br>Mande elèv yo pou yo reponn kesyon yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin antoure repons yo nan tèks la. | Ale sou TNI an pou antoure reponn yo. |






Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 3 :** Idantifye tout imaj ki gen son [p]. | 3/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou ka tande son [p] a<br><br>Klike chak imaj pou fè elèv yo tande non yo.<br><br>Fè youn oubyen 2 elev vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki pa gen son [p]. | Tande non tout imaj ki sou tablo a epi antoure sa ki gen son [p] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons lan:** mouton. | Swiv profesè a epi reponn. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou chak imaj pou elèv yo ka tande non yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo bat men yo pandan yap repete mo yo. Fè yo konte konbyen fwa yo bat men yo lè yo tap di mo a epi pou yo konte kare ki anba mo a.<br><br>Fè kèk elèv vin sou tablo . Mande yo pase yon kwa sou silab oubyen sou kare ki gen son [p] a. | Pandan nap li mo yo konte konbyen silab ak men nou.<br><br>Di konbyen kare ki anba chak mo.<br><br>Pase kwa sou kare oubyen silab ki gen son [p]. |
| 3 | Gade repons elèv yo, si gen silab yo pa jwenn, fèl avè yo. | Swiv pwofesè a. |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5** : Idantifye diferan fason yo ekri son [p]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (p).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [p] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

| Obsève/koute/li | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « p » pami lòt lèt ak kèk mo. | 6/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « p » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « p » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « p » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « p ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt « p » nan yon fraz. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete apre w. | Koute epi repete apre pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout lèt « p » ki nan fraz yo. | Antoure tout lèt « p » ki nan fraz yo. |




Ekran 7




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Activité 8:** Li silab ak mo ki gen lèt « p ». | 8/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 7 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan<br><br>Esplike elèv yo ke konbinezon lèt « p » + yon vwayèl, bay yon silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li silab yo pandan wap montre konbinezon an. Fè elèv yo repete aprè w.<br><br>Li mo yo pou elèv yo epi mande repete aprè w. | Swiz epi repete aprè pwofesè a. |




Ekran 8

**Aktivite 9 :** Familyarize ak silab « pa », « pi », ak « po ».

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tout mo ki nan premye liy ak elèv yo.<br>Fè menm jan pou lòt liy yo tou. | Tande pwofesè a epi Li mo yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a youn apre lòt pou vin antoure tout silab « pa » nan premye liy.<br>Fè menm jan pou lòt liy yo tou. | Antoure silab « pa » nan premye liy nan, silab « pi » nan dezyèm liy nan, epi silab « po » nan dènye liy nan. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 9




Ekran korije

M ap ekri | **Aktivite 10 :** Ekri lèt « p ». | 10/15

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « p ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « p » a. | Ekri. |



Ekran 10

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

M ap antrene | **Aktivite 11 :** Repwodui mo ki gen lèt « p » daprè yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 12 :** Konplete kèk mo ak silab « pa », « po » epi « pi ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi di ki silab ki manke. | Idantifye imaj yo epi di ki silab ki manke yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri silab ki manke nan mo yo. | Ekri silab ki manke yo. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Asosye mo ak son. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak mo, klike sou chak espikè pou w ka tande son an epi fè elèv yo repete.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou vin deplase chak mo è mete sou espikè ki ale avè l. | Koute, repete epi deplase chak mo mete sou espikè ki ale avè l. |






Ekran 13




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen lèt «b» ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi chante chante a. | Tande epi chante chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « p » nan chante a. | Di tout mo ki gen « p » nan chante a. |






Ekran 15

# Leson 22
## Son ou



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [ou] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou imaj obsève.



**Aktivite 3 :** Esplike kisa yon imaj reprezante apati fraz.



**Aktivite 4 :** Idantifye son [ou] nan non kèk imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye silab ki gen son [ou] ladan l nan non kèk imaj .

## Obsève/li/koute




**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [ou].

## Mwen konprann



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « ou » pami lòt lèt ak nan kèk mo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen son [ou] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 9 :** Idantifye « ou » pami lòt silab.



**Aktivite 10 :** Repere nan mitan lòt mo tout mo ki menm jan.



**Aktivite 11 :** Asosye kèk mo oral ak mo ki ekri.

## M ap ekri



**Aktivite 12 :** Ekri lèt « ou ».



**Aktivite 13 :** Repwodui mo ki gen lèt « ou » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [ou] ak imaj ki koresponn ak yo.



**Aktivite 15 :** Aprann plizyè lot mo ki gen son [ou].

## M ap aprann an jwèt



**Aktivite 16 :** Idantifye nan yon tèks mo ki gen « ou » ladan yo.

**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [ou] nan yon imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin antoure imaj yo di a.<br>Mande lòt yo si yo dakò ak sa elèv la di a.<br>Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [ou] a byen. | Leve men epi reponn.<br><br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : Mouton, chou, poul, bourik. | Swiv mèt la epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Dekri imaj la epi antoure tout bagay ki gen son [ou] ladan yo.



Ekran 1

| Mwen konprann | **Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou imaj obsève. | 2/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade epi tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an epi li repons yo.<br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin klike nan wonn ki devan repons l ap chwazi a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la kwoche a.<br>Si repons lan pa bon, voye yon lòt elèv sou tablo a. | Kwoche bon repons lan. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon yo. | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 3 :** Esplike kisa yon imaj reprezante apati fraz. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilèt | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo gade premye imaj la.<br>Li fraz yo ki anba imaj la ansanm avèk elèv yo. | Gade epi li fraz. |
| 3 | Chwazi elèv pou vin souliye fraz li wè ki mache ak imaj li sot gade a.<br>Mande rès elèv si yo dakò ak sa elèv la fè a.<br>Si repons lan pa bon, voye yon lòt elèv sou tablo a. | Souliye.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Fè menm jan pou lòt imaj yo. | |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo di non imaj ki sou tablo a.<br>**Non imaj yo**: tanbou, chèz, boul, tab, poubèl, chapo, soup. | Site non imaj yo. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Chwazi yon elèv pou vin deplase yon imaj ki gen son [ou] nan non li epi mete l anndan pànye a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>Apre sa chwazi yon lòt elèv. | Koute konsiy lan epi deplase imaj yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 4




Ekran korije

**Aktivite 5 :** Idantifye silab ki gen son [ou] ladan l nan non kèk imaj .

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| --- | --- | --- | --- | --- |
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
| --- | --- | --- |
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Idantifye imaj yo ak elèv yo. Si nesesè, fè yo bat men yo pou chak silab.<br>Chak fwa, mande yo nan ki silab yo tande son [ou] a.<br>**Non imaj yo**: soukoup, soulye, bourik, kabrit, kalalou. | Idantifye imaj yo.<br><br>Di nan ki silab ki gen son [ou]. |
| 3 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin fè kwa nan kare ki gen son [ou] a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Fè kwa nan kare ki gen son [ou] a.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 5




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [ou] a.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo ekri (ou).<br>Fè menm jan pou lòt espikè yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [ou] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6

Mwen konprann | **Aktivite 7 :** Idantifye lèt « ou » pami lot lèt ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elev yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « ou » a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « ou » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 2 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « ou » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « ou ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 7



Ekran korije

Obsève/li/koute | **Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen son [ou] ladan yo. | 8/16

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa fè elèv yo repete apre w; twazyèm fwa kite yo li l poukont yo. | Koute; repete; li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute; repete; li mo yo. |





Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure « ou » sou tablo a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Koute mèt la epi reponn.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 9




Ekran korije

M ap antrene

**Aktivite 10 :** Rekonèt nan mitan lot mo tout mo ki sanble.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki nan wonn ble a pou elèv yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin antoure mo ki sanble ak modèl la.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a.<br>Si li pa bon chwazi yon lòt elèv pou vin korije l. | Antoure mo yo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 10




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Chwazi elèv, youn apre lòt, pou klike sou espikè a epi metel sou kote mo ki mache avèk li a.<br><br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. Si li pa bon chwazi yon lòt elèv pou vin korije l. | Deplase espikè.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou kare ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « ou ».<br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « ou » a.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 12

| M ap ekri | **Aktivite 13 :** Repwodui mo ki gen lèt « ou » dapre yon modèl. | 13/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lot elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12 13 14 15 16




Ekran 13

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen [ou] ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Site plizyè lot mo ki gen son [ou]. | 15/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo li mo yo.<br>Lè yo fin li mo yo, envite elèv ki gen lòt mo ki gen son [ou] leve men yo epi di mo a byen fò. | Leve men pou reponn. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12 13 14 15 16




Ekran 15

**Aktivite 16 :** Idantifye nan yon tèks mo ki gen « ou » ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou flèch la pou elèv yo koute pwezi a.<br>Li tèks la ansanm ak elèv yo.<br>Chwazi kèk elèv, youn apre lòt, pou vin antoure mo ki gen « ou » ladan yo.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Li tèks la epi antoure mo. |




Ekran 16

# Leson 23
## Son t



# Plan aktivite kou a

## Obsève/ Koute/ Li



**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [t] ladan yo, pami plizye lòt kalite mo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Li yon tèks ki gen son [t] ladan l.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [t].



**Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [t] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye plas son [t], nan divès mo li parèt.



**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [t].



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « t » sou tout fòm ak nan kèk mo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « t ».



**Aktivite 9 :** Konplete mo ak silab ki gen let « t ».



**Aktivite 10 :** Idantifye silab ki gen lèt « t » ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 11 :** Rekonèt mo ki gen lèt « t » ladan yo.



**Aktivite 12:** Diskrimine mo ki gen lèt « t » ladan yo apati imaj ki mache avèk yo.



**Aktivite 13:** Li mo mo ki gen lèt « t » ladan yo.



**Aktivite 14:** Asosye fraz ki fèt ak mo ki gen lèt « t » ladan yo ak sèn ki reprezante fraz yo.



**Aktivite 15:** Klase mo ki gen lèt « t » ladan yo pa kategori.

## M ap ekri



**Aktivite 16 :** Reyalize lèt « t » selon yon modèl.



**Aktivite 17 :** Repwodui mo ki gen lèt « t» selon yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 18 :** Asosye mo ki gen lèt « t » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.



**Aktivite 19 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « t », sou ton epi ak ekspresivite ki ale avèk li.

| Obsèvè/ Koute/ Li | Aktivite 1 : Idantifye mo ki gen son [t] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj. | | |
|---|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap envite yon (1) elèv pase devan. | Tande konsiy lan. Yon (1) elèv ap pase devan tablo a. |
| 2 | Mèt la ap envite rès elèv yo pou yo di non chak eleman, li menm l ap montre yo sou ekran an. L ap mande elèv ki devan ekran an pou l antoure objè ki gen son [t] nan non yo, lè lòt elev yo site non sa yo. | Rès elèv yo ap site non chak sa mèt la montre yo. |
| 3 | Mèt la ap mande lòt elèv yo pou yo siyale sa, si elèv ki sou tablo a ta fè erè nan mo li chwazi antoure yo. | Elèv devan ekran an ap antoure tout eleman non yo gen son [t] ladan yo. |
| | | Rès elèv yo ap korije l si l fè erè. |




Ekran 1




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap envite kat elèv pase devan, youn apre lòt, pou al li yon fraz nan tèks la, jiskaske yo fin li tout tèks la nèt. Li ka rekòmanse ak 4 lòt elèv si gen tan pou pèmèt anpil elèv pase. L ap mande rès klas la pou suiv epi li nan kè yo.<br>Mèt la ap kontwole rit, entonasyon, pwononsyasyon elèv k ap li awotvwa yo. | Koute konsiy mèt la.<br>Li awotvwa.<br>Koute epi li nan kè yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Li istwa sa a.

Sourit la grangou.
Li vin chèche manje nan salamanje a.
Li tande yon bwi pye.
Vit, li kouri kache anba tab la.



Ekran 2

| **Obsèvè/ Koute/ Li** | **Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [t]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande pou kat elèv pase devan pou al antoure bon repons pou youn nan kat kesyon ki sou ekran yo. | Elèv yo ap koute konsiy lan. Elèv ki pase devan yo ap antoure repons yo kwè ki bon an. |
| 2 | Pou chak repons, mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ou non epi korije. | Rès klas la ap bay opinyon yo sou chwa repons elèv yo fè sou ekran an epi y ap korije. |

Antoure bon repons yo.

1- Poukisa sourit la vin nan salamanje a?
a. li grangou b. li anvi mache ch. li swaf

2- Kisa sourit la vin chèche nan salamanje a?
a. lèt b. manje ch. kafe

3- Poukisa sourit la kouri kache?
a. li pa wè manje sou tab la
b. li tande bwi yon chat
ch. li tande yon bwi pye

4- Ki kote sourit la kache?
a. dèyè televizyon an b. anba tab la ch. anba tas la

Ekran 3

Antoure bon repons yo.

1- Poukisa sourit la vin nan salamanje a?
(a.) li grangou b. li anvi mache ch. li swaf

2- Kisa sourit la vin chèche nan salamanje a?
a. lèt (b.) manje ch. kafe

3- Poukisa sourit la kouri kache?
a. li pa wè manje sou tab la
b. li tande bwi yon chat
(ch.) li tande yon bwi pye

4- Ki kote sourit la kache?
a. dèyè televizyon an (b.) anba tab la ch. anba tas la

Ekran korije

| Obsèvel/ Koute/ Li | **Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [t] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj. | 4/19 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br>Mande yon elèv pase devan pou vin fè yon kwa nan kare kote yo tande son [t] nan non chak imaj. | Tande konsiy lan.<br>Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | Mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a.<br><br>**Mo yo:** gita, tenis, chat, moto, tanbou, sèvyèt | Y ap fè yon kwa nan kare kote yo tande son [t] nan non chak imaj. Lòt elèv yo ap suiv sa y ap fè a.<br><br>Rès elèv yo ap fè remak sou sa elèv la fè a epi y ap pwopoze koreksyon. |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsèvè/ Koute/ Li | **Aktivite 5 :** Idantifye plas son [t], nan divès mo li parèt. | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Dire** | **Materyèl** | **Ki kote** | **Kalite aktivite** | **Kantite ekran** |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak silab kote yo tande son [t] parèt nan chak mo, apati chak imaj. | Elèv yo ap koute konsiy lan.<br>Youn ladan yo ap kolorye kazye ki koresponn ak silab kote li tande son [t] a nan chak mo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò epi korije.<br><br>**Mo yo:** tomat, tamaren, tòti, mouton, tenis, chosèt | Rès elèv yo ap fè komantè sou sa elèv la fè a epi y ap korije. |




Ekran 5




Ekran korije

**Obsèvè/ Koute/ Li** | **Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [t].



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 7 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [t] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (t).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [t] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « t » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « t » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute esplikasyon yo. |
| | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « t» yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « t ».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 7




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Mwen konprann | **Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki fèt ak lèt « t ». |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elèv yo ap tande konsiy la.<br>Y ap li silab ak mo ki sou tablo a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Li silab yo ak mo yo.




tati tètè talè leta toto taba latè leti

titi titato loto tòti tata teta mato

Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè + Klavye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande youn oswa 2 elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis konsiy lan mande a. | Koute konsiy lan.<br>Konplete mo yo ak klavye a. |
| 2 | Lòt elèv yo ap suiv epi korije. | Suiv. Korije. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 9




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Met la ap li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br><br>L ap envite yon elèv pase devan pou al antoure silab ki menm ak yon modèl l ap wè agoch yon liy mo. | Elèv yo ap tande konsiy lan.<br><br>Youn ap pase devan pou l antoure silab ki menm ak modèl li wè agoch liy mo yo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a epi korije. | Rès klas la ap bay kòmantè yo, epi y ap korije si sa nesesè. |




Ekran 10




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt epi l ap mande yo pase devan pou al antoure bon mo a nan youn nan divès kolonn mo sou ekran an. | Elèv yo ap tande konsiy lan.<br>Elèv mèt la chwazi yo ap pase, youn apre lòt, devan tablo a, pou al antoure bon mo a. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la pou suiv sa elèv li chwazi yo ap fè.<br><br>Apre sa chak elèv yo antoure, l ap mande rès klas la pote kòmantè epi korije. | Lòt elèv yo ap suiv, y ap bay kòmantè yo epi y ap korije. |



Ekran 11



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap esplike elèv yo egzèsis la, pou tout klas la ka tande. L ap mande yon elèv pase devan pou l al reyalize egzèsis la sou ekran an. | Tande konsiy lan ek esplikasyon yo. Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | L ap di: « Gade imaj la byen epi antoure youn nan mo anba li yo, ki reprezante non imaj la ». | Koute konsiy mèt la. Reyalize egzèsis la. |
| 3 | L ap mande rès klas la pou yo korije elèv la si l fè erè. Si l byen chwazi mo yo, y ap bat bravo pou li. | Korije elèv la si l fè erè oswa bat bravo pou li. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande elèv yo fè ekip.<br>Ekip yo ap vin sou tablo a youn apre lòt.<br>Manm ekip yo ap chwazi ki elèv k ap li chak mo.<br>Se sèl manm yo chwazi a k ap gen chans li mo ki chwazi pou li a.<br>Apre sa, l ap klike pou l verifye si l te byen li mo a.<br>Pou chak mo yon elèv li byen, ekip la ap make yon pwen.<br>Pou chak mo li pa li byen, mèt la ap fè l reprann li men ekip la p ap make pwen. | Tande konsiy lan.<br>Fòme ekip.<br>Li mo yo. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 13

12 13 14 15 16 17 18 19

**Ativite 14 :** Asosye fraz ki fèt ak mo ki gen lèt « t » ladan yo ak sèn ki reprezante fraz yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan pou elèv yo, epi l ap envite yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis la sou ekran an. | Tande konsiy lan. Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | L ap mande lòt elèv yo pou fè remak sou sa elèv la ap fè a epi korije si se nesesè. | Fè remak sou sa elèv la ap fè sou tablo a epi korije si se nesesè. |

12 13 14 15 16 17 18 19




Ekran 14




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 15 :** Klase mo ki gen lèt « t » ladan yo pa kategori. | 15/19 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi byen esplike elèv yo egzèsis la.<br><br>Mande yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis la sou ekran an | Elèv yo ap koute konsiy lan ak esplikasyon mèt la.<br><br>Elèv yo te chwazi a ap glise chak mo mete nan kategori pa li. |
| 2 | Mande rès klas la pou suiv si sa elèv ki sou tablo a ap fè a bon epi pou korije li. | Klas la ap bay dizon pa l sou travay elèv la ap fè a epi l ap korije. |






Ekran 15




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « t ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « t » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12 13 14 15 16 17 18 19




Ekran 16

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12 13 14 15 16 17 18 19

Gade, di non imaj la epi ekri mo a.



tomat tomat



tèt tèt

Ekran 17

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo yo.<br><br>Di si yo dakò oswa non epi korije. |






Ekran 18




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | L ap mande elèv yo pou yo suiv li k ap li tèks ki sou ekran an pou yo yon premye fwa. L ap anonse yo, apre sa, yo pral li menm tèks la yo menm, youn pa youn, sou ton ak jès ki ale avè l tankou jan mèt la te fè a. | Suiv epi koute lekti mèt la .<br><br>Li tèks la tankou yon pwezi sou ton ak jès sa mande. |

12 13 14 15 16 17 18 19

Li kontin nan ak jès.

Se yon ti sourit vèt
kap reve yon planèt
kote chat pa janm ale
kote li ka fè sal vle



Ekran 19

# Leson 24

## **Kominikasyon oral**

Idantifye bèt ki nan anviwònman nou



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



Aktivite 1 : Rekonèt abitid kèk bèt genyen nan anviwònman nou.

## Dekouvèt



Aktivite 2 : Idantifye kri bèt yo .



Aktivite 3 : Distenge bèt ki ka viv anndan kay ak bèt ki dwe viv deyò.



Aktivite 4 : Idantifye ki jan bèt yo deplase.



Aktivite 5 : Aprann ki jan yo pouse kèk bèt.



Aktivite 6 : Rekonèt itilite kèk bèt genyen.



Aktivite 7 : Aprann kèk pwovèb sou bèt yo.

## Fiksasyon



Aktivite 8 : Pale de bèt nou renmen.



Aktivite 9 : Pale de bèt nou pa renmen oswa nou pè anpil.

## Rezime



Aktivite 10: Pwodui enfòmasyon sou kèk bèt nan anviwònman an.

.

| Mizantren | **Aktivite 1** : Rekonèt abitid kèk bèt genyen nan anviwonnman nou. | 1/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite 4 elèv, youn apre lòt, vini klike pou tande kri yon bèt epi fè menm jan an. | Elèv ki deziye a ap koute kri bèt la epi li ap eseye chare kri a. |






Ekran 1

| | | |
|---|---|---|
| Dekouvèt | **Aktivite 2** : Idantifye kri bèt yo **.** | 2/10 |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo tande kri bèt ki sou chak wopalè epi glise li sou bèt ki fè kri sa a.<br><br>Pwofesè a ka mande 4 elèv pase sou tablo a youn apre lòt. | Elèv ki deziye a ap klike sou yon wopalè pou tande kri bèt la epi glise li sou bèt ki fè kri sa a. |
| 3 | Pwofesè a ka mande pou elèv yo leve men yo si yo vle ale sou tablo a.<br><br>Pwofesè a ka rele elèv li vle ale sou tablo a. | Elèv ki vle ale sou tablo a dwe leve men li.<br><br>Elèv pwofesè a rele dwe ale sou tablo a. |






Ekran 2




Ekran Korije

| Dekouvèt | **Aktivite 3** : Distenge bèt ki ka viv anndan kay ak bèt ki dwe viv deyò. | 3/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Elèv yo ap di ki sa yo wè sou tablo a epi yo ap koute konsiy lan. |
| 2 | Li konsiy lan.<br><br>Envite 4 elèv yo, youn apre lòt, klike sou yon bèt epi mete li sou galri a si li ka viv nan kay, oswa nan lakou a si li dwe viv deyò.<br><br>Pwofesè a dwe ankouraje elèv yo di poukisa yo chwazi mete bèt yo anndan oswa deyò. | Elèv ki vle ale sou tablo dwe leve men li.<br><br>Elèv ki sou tablo a, dwe klike sou yon bèt, epi glise li sou galri a si li ka viv anndan kay oswa mete li nan lakou a si li dwe viv deyò.<br><br>Elèv yo dwe di sa ki fè yon bèt ka viv anndan kay la oswa pou ki li dwe viv deyò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dekouvèt | **Activité 4 :** Idantifye fason bèt yo ka deplase . | 4/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la<br>Tande sa Jan ap di sou pijon |
| 2 | Klike pou timoun yo tande ki sa Jan ap di sou pijon.<br>Envite kèk elèv vin sou tablo a pou di ki jan chak bèt sa yo deplase. | Chak elèv ap di ki jan lot bèt yo deplase.<br>Elèv ki vle ale sou tablo a dwe leve men li. |
| 3 | **Repons:** koulèv ranpe oswa woule / krapo sote / cheval galope | |



Tande sa Jan ap di nou sou kijan zwazo deplase.
Nou menm, jwenn ki jan lòt bèt sa yo deplase.



Ekran 4

| Dekouvèt | **Aktivite 5 :** Idantifye kijan yo pouse bèt yo. | 5/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan.. | Gade imaj la epi koute konsiy lan.. |
| 2 | Klike pou timoun yo tande ki sa Ana ap di sou poul.<br>Envite kèk elèv vin sou tablo a pou di ki jan yo pouse bèt sa yo .<br>Mande elèv yo leve men yo si yo konnen repons yo. | Koute sa Ana ap di sou poul.<br>Menm jan ak Ana, chak elèv ap di ki jan moun pouse bèt sa yo. |
| 3 | **Repons:** pati chen oubyen soti chen / kip kabrit / chou kochon | Elèv ki vle bay repons lan dwe leve men li. |






Ekran 5

| Dekouvèt | **Activité 6 :** : Rekonèt itilite kèk bèt genyen nan anviwonnman nou. | 6/10 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi koute konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Klike pou timoun yo tande ki sa Andre ap di sou chat.<br><br>Envite kèk elèv di ki itilite kèk bèt genyen nan anviwònman nou. | Koute sa Andre ap di sou chat. |
| 3 | Mande elèv yo leve men yo si yo konnen repons yo.<br><br>**Repons:** manman bèf ba nou lèt / poul bay ze / bourik pote chay. | Menm jan ak Andre, chak elèv ap di ki itilite kèk bèt genyen nan anviwònman nou.<br><br>Elèv ki vle ale sou tablo a dwe leve men li. |






Ekran 6

| Dekouvèt | Aktivite 7: Aprann kèk pwovèb sou bèt nou yo . |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la. Li konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy lan. |
| 2 | Klike pou tande ki pwovèb Ana ak Jan konnen sou chat.<br><br>Envite kèk elèv di ki pwovèb yo konnen sou lòt bèt yo.<br><br>Ede elèv yo jwenn repons yo si nesesè. | Koute ki pwovèb Ana ak Jan konnen sou chat.<br><br>Menm jan ak Ana ak Jan, chak elèv ap di ki pwovèb li konnen sou lòt bèt yo. |
| 3 | Mande elèv yo leve men yo si yo konnen pwovèb yo<br><br>**Repons :** Ak pasyans, ou va wè trip foumi / Bourik ap travay , chwal ap galonnen / Se nan chimen jennen yo kenbe chwal malen / Mennen koulèv la lekòl se youn, fè l chita se de. | Elèv ki vle bay yon pwovèb dwe leve men li. |






Ekran 7

Fiksasyon | **Aktivite 8 :** Pale de bèt nou renmen..



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade imaj la epi li konsiy lan. | Gade imaj la epi koute konsiy |
| 2 | Envite elèv yo vini pale de bèt yo renmen, menm si bèt yo renmen an pa ta sou tablo a.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a youn apre lòt. | Leve men pou mande pale. |
| 3 | Ede elèv yo jwenn eleman yo bezwen pou pale de bèt yo renmen. | Pale de bèt yo renmen. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Chwazi yon bèt ou renmen: pale de li, di kijan nou wè li, di kouman nou ka viv ak li, epi di poukisa nou renmen li.



Ekran 8

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Gade imaj la epi li konsiy lan. | Gade imaj la epi Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv yo vini pale de bèt yo pa renmen oswa yo pè anpil, menm si imaj la pa ta sou tablo a.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a youn apre lòt. | Leve men pou mande pale. |
| 3 | Ede elèv yo jwenn eleman yo bezwen pou pale de bèt yo pa renmen oswa yo pè anpil. | Pale de bèt yo pa renmen oswa yo pè anpil. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Chwazi yon bèt nou pa renmen oswa nou pè anpil: pale de li, di poukisa nou pa renmen li oswa poukisa nou pè li.









Ekran 9

**Aktivite 10 :** Pwodui enfòmasyon sou kèk bèt nan anviwonnman an.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Envite kèk elèv yo vin bay 3 enfòmasyon sou chak bèt.<br><br>Chwazi elèv pou vin bay enfòmasyon sou yon bèt ou montre li .<br><br>**Repons pwopoze:**<br>➢kabrit bay nou vyann, li mache sou 4 pye li mache oswa li sote sou pye li, yo di kip kabrit pou yo pouse li<br>➢kochon bay vyann, mache sou 4 pye li, yo di chou kochon<br>➢Poul bay ze ak vyann, li mache sou 2 pat li oswa li vole ak zèl li, yo di chi poul<br>➢Bourik pote chay, li mache sou 4 pye li, yo di pati bourik<br>➢Chat chase sourit ak rat, li mache sou 4 pye li mache oswa li sote sou pye li, yo di pati chat<br>➢Manman bèf bay lèt ak vyann, li mache sou 4 pye li, yo di pati bèf.( gen dwa genyen lòt fason yo pouse bèt yo selon zòn yo) | Leve men si yo vle bay 3 enfòmasyon sou yon bèt yo chwazi.<br><br>Bay 3 enfòmayon sou bèt pwofesè a montre yo oswa sou bèt yo chwazi a. |

Chwazi yon bèt epi bay 3 enfòmasyon sou li :
sa li itil nou, kijan li deplase, ki jan yo pouse li.








Ekran 10

# Leson 25
# Son v



# Plan aktivite kou a

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [v] ladan yo, pami plizye lòt kalite mo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Li yon tèks ki gen son [v] ladan l.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [v].



**Aktivite 4 :** Idantifye plas son [v] nan divès mo li parèt.



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [v].



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « v » sou tout fòm ak nan kèk mo.

## Mwen konprann



**Aktivite 7 :** Li  silab ki fèt ak lèt « v ».



**Aktivite 8 :** Idantifye silab ki gen lèt « v » ladan yo.



**Aktivite 9 :** Idantifye mo ki gen lèt « v » ladan yo, sou fòm kisif ak sou fòm eskrip .

## Map antrene



**Aktivite 10:** Li mo ki gen lèt « v » ladan yo.



**Aktivite 11:** Konplete  fraz ak mo ki gen lèt « v » ladan yo.



**Aktivite 12:** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « v » pandan y ap mime tèks la.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Dekouvri sans yon seri mo ki gen lèt « v ».



**Aktivite 14 :** Repwodui lèt « v» selon yon modèl.



**Aktivite 15 :** Repwodui mo ki gen lèt « v» selon yon modèl.



**Aktivite 16 :** Asosye mo ki gen lèt «v » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 17 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « v », sou ton epi ak jès ki ale avèk li.

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 1 : Idantifye mo ki gen son [v] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap envite yon (1) elèv pase devan. | Elèv yo ap tande konsiy lan epi yon (1) elèv ap pase devan ekran an. |
| 2 | Mèt la ap envite rès elèv yo pou yo di non chak eleman, li menm l ap montre yo sou ekran an. L ap mande elèv ki devan ekran an pou l antoure eleman ki gen son [t] nan non yo, lè lòt elèv yo site non sa yo. | Rès elèv yo ap site non chak sa mèt la montre yo. |
| 3 | Mèt la ap mande lòt elèv yo pou yo siyale sa, si elèv ki sou tablo a ta fè erè nan mo li chwazi antoure yo. | Elèv devan ekran an ap antoure tout eleman, non yo gen son [t] ladan yo.<br>Rès elèv yo ap korije l si l fè erè. |




Ekran 1




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan, apresa envite kat elèv pase devan, youn apre lòt, pou al li yon fraz nan tèks la, jiskaske yo fin li tout tèks la nèt.<br><br>Mande rès klas la pou suiv epi pou korije sa elèv k ap li yo di, si sa nesesè. | Koute konsiy lan.<br><br>Koute ak atansyon sa chak elèv k ap li yo ap di. Korije sa yo li a, si sa nesesè. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

Li istwa sa a.

Jan ap vide lèt nan yon vè.
Liv lekòl li yo gaye sou tab la.
Ana di Jan konsa:
"Mete liv yo nan valiz ou
pou lèt la pa mouye yo".

Ekran 2

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon teks ki fet ak mo ki gen son [v]. | 3/19 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi mande pou kat elèv pase devan pou al antoure bon repons pou youn nan kat kesyon ki sou ekran yo. | Koute konsiy lan. Elèv ki pase devan yo ap antoure repons yo kwè ki bon an. |
| 2 | Pou chak repons, mèt la ap mande rès klas la si yo dakò. | Rès klas la ap bay opinyon yo sou chwa repons elèv yo fè sou ekran an. |






Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak kote yo tande son [t] parèt nan chak mo, apati chak imaj. | Koute konsiy lan.<br>Kolorye kaz ki koresponn ak kote yo tande son [t] parèt nan chak mo, apati chak imaj. |
| 2 | Mande rès klas la si yo dakò.<br><br>**Mo yo:** savon, vè, valiz, lesiv/lave, larivyè, kanaval | Fè kòmantè sou repons elèv ki sou tablo a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 7 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [v] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (v).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [v] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « v » sou tout fòm ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « v » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « v» sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt «v» yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt «v ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. Korije. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 7 :** Li silab ki fèt ak lèt « v ». | 7/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Koute konsiy lan.<br><br>Suiv esplikasyon mèt la epi li. |



Ekran 7

Mwen konprann | **Aktivite 8 :** Idantifye silab ki gen lèt « v » ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite yon elèv pase devan pou al antoure silab ki menm ak yon modèl l ap wè agoch yon liy mo. | Tande konsiy lan epi yon elèv ap pase devan.<br>Elèv la ap antoure bon silab yo, nan chak liy mo yo |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a. | Rès klas la ap bay kòmantè yo, si sa nesesè. |



Antoure va nan liy 1, ve nan liy 2 epi vi nan liy 3.

1- valiz avril vakans eva bravo

2- lave elèv veritab devore

3- lesiv vize lavi devire rive

Ekran 8

Antoure va nan liy 1, ve nan liy 2 epi vi nan liy 3.

1- valiz avril vakans eva bravo

2- lave elèv veritab devore

3- lesiv vize lavi devire rive

Ekran korije

**Aktivite 9 :** Rekonèt fòm kèk mo familye ki ekri ak lèt « v » nan karaktè eskrip ak kisif.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi mande yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis ki sou tablo a. | Koute konsiy lan. Fè aktivite a. |
| 2 | Mande rès klas la pou korije elèv ki sou tablo a si se nesesè. | Korije si se nesesè. |




Ekran 9




Ekran korije

Map antrene | **Aktivite 10 : :** Li mo ki gen lèt « v » ladan yo. | 10/17

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande elèv yo fè ekip.<br>Ekip yo ap vin sou tablo a youn apre lòt.<br>Manm ekip yo ap chwazi ki elèv k ap li chak mo.<br>Se sèl manm yo chwazi a k ap gen chans li mo ki chwazi pou li a.<br>Apre sa, l ap klike pou l verifye si l te byen li mo a.<br>Pou chak mo yon elèv li byen, ekip la ap make yon pwen.<br>Pou chak mo li pa li byen, mèt la ap fè l reprann li men ekip la p ap make pwen. | Tande konsiy lan.<br>Fòme ekip.<br>Li mo yo. |




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. Chwazi twa (3) elèv , youn apre lòt epi mande yo pase devan pou al konplete fraz ki sou ekran an ak mo ki anba yo. | Tande konsiy lan. Pase devan pou al konplete fraz ki sou ekran an ak mo ki anba yo. |
| 2 | Mande rès klas la pou suiv sa elèv ki chwazi yo ap fè epi korije si se nesesè. | Suiv sa elèv ki sou tablo a ap fè epi korije si se nesesè. |






Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | L ap mande elèv yo pou yo suiv li k ap li tèks ki sou ekran an pou yo yon premye fwa. L ap anonse yo, apresa, yo pral li menm tèks la yo menm sou ton ak jès ki ale avè l tankou nan yon mim. | Suiv epi koute lekti mèt la .<br><br>Li tèks la pandan y ap mime l. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

Li ak jès tankou si nou t ap mime Rene.

Van an ap vante.

Rene ap monte kap.

kap la pran van.

Rene ba l fil.

Kap la monte rive jis nan syèl.



Ekran 12

**Aktivite 13 :** Dekouvri sans yon seri mo ki gen lèt « v ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. Mande yon elèv pase devan pou vin relye. Mande plizyè elèv nan klas la, youn apre lòt, pou li fraz yo. Chak fraz yon elèv li, elèv ki sou tablo a ap chèche mo ki ale ak li a epi l ap relye. | Koute konsiy lan. Pase devan pou vin relye. Li fraz yo. |
| 2 | Mande rès klas la pou suiv sa k ap fèt epi korije lè sa nesesè. | Suiv sa k ap fèt epi korije lè sa nesesè. |






Ekran 13




Ekran korije

**Ativite 14 :** Reyalize lèt « v» selon yon modèl.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « v ».<br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « v » a.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |






Ekran 14

**Aktivite 15 :** Repwodui mo ki gen lèt « v» selon yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12 13 14 15 16 17

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

Gade modèl la epi ekri mo sa yo.



van van



vètè vètè

Ekran 15

**Aktivite 16 :** Asosye mo ki gen lèt «v » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo yo.<br><br>Di si yo dakò oswa non epi korije. |






Ekran 16




Ekran korije

**Aktivite 17 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « v », sou ton epi ak jès ki ale avèk li.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan. | Koute konsiy lan |
| 2 | L ap mande elèv yo pou yo suiv li k ap li tèks ki sou ekran an pou yo yon premye fwa. L ap anonse yo, apresa, yo pral li menm tèks la yo menm, youn pa youn, sou ton ak jès ki ale avè l tankou jan mèt la te fè a. | Suiv epi koute lekti mèt la .<br><br>Li tèks la tankou yon pwezi sou ton ak jès sa mande. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*



Li pwezi a ak pwofesè nou.
Resite l ak jès.

**Van, Van, Van**

Van ki seche tout sak mouye,
Van ki bwote tout sak lejè,
Van,van,van,

Van ki fè fèy nan bwa souke,
Van ki fè dlo nan lanmè danse,
Van, van, van,

Van ki souke cheve ki kanpe,
Van ki fè tout kap monte,
Van, van, van,

Tanpri, kitem kenbew!

*Sous: Ala yon bèl timoun*

# Leson 26
# Son s



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [s] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Li epi konprann tèks la.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 3 :** Asosye fraz ak imaj.



**Aktivite 4 :** Idantifye tout imaj ki gen son [s].



**Aktivite 5 :** Jwenn mo ki gen son [d] nan komansman, anndan ak nan fen.



**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [s].



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « s » pami lòt lèt ak nan kèk mo.



**Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen lèt « s ».

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Familyarize avèk silab « sa », « se », « si », ak « so ».



**Aktivite 10 :** Diskrime mo.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Ekri lèt « s ».

## M ap antrene



**Aktivite 12:** Repwodui mo ki gen lèt « s » daprè yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Ekri mo san fot.



**Aktivite 14:** Asosye mo ki gen lèt «s» ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « s ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [s] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo youn apre lòt epi montre nan imaj la sa elèv la di a.<br>Mande lòt yo si yo dakò ak sa elèv la di a. Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [s] la byen. | Leve men epi reponn.Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>Repons yo : tas, sèvyèt, sourit, chosèt, sentiwon, glas, etc.......... | Swiv mèt la epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 1



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi fè elèv yo repete apre w. | Repete apre pwofesè a. |
| 3 | Li kesyon yo.<br>Mande elèv yo pou yo reponn kesyon yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin antoure repons yo nan tèks la. | Reponn kesyon yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 3** : Asosye fraz ak imaj. | 3/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz youn apre lòt epi fè elèv yo repete aprè w. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Fè kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo relye chak fraz ak imaj ki mache avè l la. | Al sou tablo a epi relye chak fraz ak yon imaj. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si w dakò. |






Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 4 :** Idantifye tout imaj ki gen son [s]. | 4/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou ka tande son [s] a.<br><br>Klike chak imaj pou fè elèv yo tande non yo.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo antoure tout imaj ki pa gen son [s]. | Tande non tout imaj ki sou tablo a epi antoure sa ki gen son [s] yo. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>Repons lan : poul ... | Swiv pwofesè a epi reponn. |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 5** : Jwenn mo ki gen son [s] nan komansman, anndan ak nan fen. | 5/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande tout elèv pou di mo ki gen son [s] nan komansman.<br>Mande tout elèv pou di mo ki gen son [s] anndan.<br>Mande tout elèv pou di mo ki gen son [s] nan fen. | Leve men epi di mo ki gen son [s] nan komansman, anndan ak nan fen. |
| 3 | Tande repons elèv yo epi mande yo ekri mo yo jwenn yo. Si gen mo yo pa jwenn ke ou konnen, di l epi fè yo ekri l. | Tande pwofesè a. |






Ekran 5

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran. Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (s).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [s] a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 6

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « s » la paręt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « s » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « s » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « s ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan<br><br>Esplike elèv yo ke konbinezon lèt « s » + yon vwayèl, bay yon silab. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li silab yo pandan wap montre konbinezon an. Fè elèv yo repete apre w.<br><br>Li mo yo pou elèv yo epi mande repete apre w. | Swiv epi repete apre pwofesè a. |






Ekran 8

**Aktivite 9 :** Familyarize avèk silab « sa », « se », « si », ak « so ».

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tout mo ki nan premye liy ak elèv yo.<br>Fè menm jan pou lòt liy yo tou. | Tande pwofesè a epi Li mo yo. |
| 3 | Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a youn apre lòt pou vin antoure tout silab « sa » nan premye liy.<br>Fè menm jan pou lòt liy yo tou. | Antoure silab « sa » nan premye liy nan, silab « se» nan dezyèm liy nan, silab « si » nan twazyèm liy nan, epi silab « so » nan dènye liy nan. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |




Ekran 9




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo di tout non imaj ki nan premye liy lan<br>Fè menm jan pou lòt liy yo tou. | Tande pwofesè a epi di non imaj yo. |
| 3 | Li tout mo ki anba premye imaj la epi fè yon elèv vin sou tablo a vin antoure mo ki mache ak imaj la.<br>Fè menm jan pou tout lòt imaj yo. | Antoure mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

| | | |
|---|---|---|
| M ap ekri | **Aktivite 11 :** Ekri lèt « s ». | 11/15 |

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « s ».<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo pou fè lèt la youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt « s » la. | Ekri lèt « s » sou kaye yo oubyen sou yon fèy papye oswa sou adwaz yo. |






Ekran 11

**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « s » daprè yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Ekri mo san fot. | 13/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Di non chak imaj youn apre lòt epi fè elèv yo repete apre w.<br>Eksplike elèv yo, yo pral pran yon ti dikte. | Koute , repete epi repete apre pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Klike sou premye imaj pou ka verifye ak elèv yo si yo byen ekri mo a.<br><br>Fè menm bagay pou chak imaj. | Verifye ak pwofesè a si yo byen ekri mo yo. |






Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen lèt «s » ak imaj ki koresponn ak yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès klas la si li dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 14




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi chante chante a. | Tande epi chante chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « s » nan chante a. | Di tout mo ki gen « s » nan chante a. |






Ekran 15

# Leson 27
## Son k



# Plan aktivite kou a

## Obsève/ Koute/ Li



**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [k] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Li yon tèks ki gen son [k] ladan l.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [k].



**Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [k] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye plas son [k], nan divès mo li parèt.



**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [k].



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « k » sou tout fòm ak nan kèk mo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « k ».



**Aktivite 9 :** Idantifye silab ki gen lèt « k » ladan yo.



**Aktivite 10 :** Idantifye mo ki gen lèt « k » ladan yo apati imaj.

## Map antrene



**Aktivite 11:** Relye mo ki gen lèt « k » ladan yo ak imaj ki mache ak yo, sou fòm kisif ak sou fòm eskrip.



**Aktivite 12:** Idantifye silab ki gen lèt « k » nan mo ki fèt ak plizyè silab .



**Aktivite 13:** Asosye fraz ki fèt ak mo ki gen lèt « k »ladan yo ak sitiyasyon ki reprezante fraz yo.

## M ap ekri



**Aktivite 14 :** Reyalize lèt « k » selon yon modèl.



**Aktivite 15 :** Repwodui mo ki gen lèt « k» selon yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 16 :** Asosye mo ki gen lèt « k » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.



**Aktivite 17 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « k », sou ton epi ak jès ki ale ak li.

**Obsève/ Koute/ Li** | **Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [t] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite yon (1) elèv pase devan. | Tande konsiy lan epi yon (1) elèv ap pase devan ekran an. |
| 2 | Envite rès elèv yo pou yo di non chak eleman yo wè nan imaj la, li menm l ap montre yo sou ekran an. L ap mande elèv ki devan ekran an pou l antoure non ki gen son [k] ladan yo, lè lòt elèv yo site non sa yo. | Site non chak sa mèt la montre yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo pou yo siyale sa, si elèv ki sou tablo a ta fè erè nan imaj li chwazi antoure yo. | Antoure tout eleman non yo gen son [k] ladan yo. |
| 4 | Mande rès elèv yo si yo dakò.<br>**Kèk nan mo yo**: lakou, kòk, kòd, kochon, kay, krapo,… | Di si yo dakò epi korije erè yo si nesesè. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 1




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 2 : Li yon tèks ki gen son [k] ladan l. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br><br>Envite 4 elèv pase devan, youn apre lòt, pou al li yon fraz nan tèks la, jiskaske yo fin li tout tèks la nèt. Li ka rekòmanse ak 4 lòt elèv si gen tan pou pèmèt anpil elèv pase. L ap mande rès klas la pou suiv epi li nan kè yo.<br>Mèt la ap kontwole rit, entonasyon, pwononsyasyon elèv k ap li awotvwa yo. | Koute konsiy mèt la.<br><br>Li awotvwa.<br><br>Koute epi li nan kè yo. |



Ekran 2

**Obsève/ Koute/ Li**

**Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [k].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande pou kat elèv pase devan ,youn apre lòt, pou al antoure bon repons pou youn nan kat kesyon ki sou ekran yo. | Elèv yo ap koute konsiy lan. Elèv ki pase devan yo ap antoure repons yo kwè ki bon an. |
| 2 | Pou chak repons, mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ou non epi korije. | Rès klas la ap bay opinyon yo sou chwa repons elèv yo fè sou ekran an epi y ap korije. |

Antoure bon repons yo.

1- Antoure chan kòk la.
a. bèèèèè! b. hihan! hihan! ch. kokoriko!

2- Ki kote bèt yo ye?
a. nan lakou a b. nan kay la ch. sou pyebwa yo

3- Antoure non 2 bèt ki nan istwa a.
a. krapo ak krikèt
b. kabrit ak kochon
ch. kodenn ak kana

4- Kisa ki leve moun yo nan kay la?
a. chan kòk la
b. solèy la
ch. kri krapo a

Ekran 3

Antoure bon repons yo.

1- Antoure chan kòk la.
a. bèèèèè! b. hihan! hihan! ch. kokoriko!

2- Ki kote bèt yo ye?
a. nan lakou a b. nan kay la ch. sou pyebwa yo

3- Antoure non 2 bèt ki nan istwa a.
a. krapo ak krikèt
b. kabrit ak kochon
ch. kodenn ak kana

4- Kisa ki leve moun yo nan kay la?
a. chan kòk la
b. solèy la
ch. kri krapo a

Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [k] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj. | 4/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br>Mande yon elèv pase devan pou vin mete koulè ki koresponn nan sou chak imaj. | Tande konsiy lan.<br>Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | Mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a.<br><br>**Mo yo:** bourik, kalmason, koulèv, kann,kana, blòk. | Yon elèv ap pase devan. L ap mete koulè ki koresponn nan sou chak imaj. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè a.<br><br>Rès elèv yo ap fè remak sou sa elèv la fè a epi y ap pwopoze koreksyon. |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 5 :** Idantifye plas son [k] nan divès mo li parèt. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak silab kote yo tande son [k] a parèt nan chak mo, apati chak imaj. | Elèv yo ap koute konsiy lan.<br>Youn ladan yo ap kolorye kazye ki koresponn ak silab kote li tande son [k] a nan chak mo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò epi korije.<br><br>**Mo yo:** doktè, klinik, bokal, kola, zaboka, kokoye. | Rès elèv yo ap fè komantè sou sa elèv la fè a epi y ap korije. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5




Ekran korije

| **Obsève/ Koute/ Li** | **Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [k]. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 7 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [k] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (k).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [k] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 6

**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « k » a sou tout fòm ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « k» a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm «k» sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « k» yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « k».<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 7




Ekran korije

**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « k ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elèv yo ap suiv sa mèt la di a epi y ap li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Li silab yo ak mo yo.




koute kokoriko beke bak sik bourik

kale make keyi kabrit dekore kokoye

Ekran 8

| Mwen konprann | **Aktivite 9 :** Idantifye silab ki gen lèt « k » ladan yo. | 9/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 8 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite yon elèv pase devan pou al antoure silab ki menm ak yon modèl l ap wè agoch yon liy mo. | Tande konsiy lan epi yon elèv ap pase devan. Elèv la ap antoure bon silab yo, nan chak liy mo yo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a. | Rès klas la ap bay kòmantè yo, si sa nesesè. |

Antoure ka nan liy 1, ko nan liy 2 epi kè nan liy 3.

1- ka kabrit akra vaksen zaboka

2- ko kola kochon bokal dekore

3- kè lakrè bèk krikèt teke

Ekran 9

Antoure ka nan liy 1, ko nan liy 2 epi kè nan liy 3.

1- ka kabrit akra vaksen zaboka

2- ko kola kochon bokal dekore

3- kè lakrè bèk krikèt teke

Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 10 :** Idantifye mo ki gen lèt « k » ladan yo apati imaj. | 10/17 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan epi l ap esplike elèv yo egzèsis la, pou tout klas la ka tande. L ap mande yon elèv pase devan pou l al reyalize egzèsis la sou ekran an. | Tande konsiy lan ek esplikasyon yo. Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | L ap di: « Gade imaj la byen epi antoure youn nan mo anba li yo, ki reprezante non imaj la ». | Koute konsiy mèt la. Reyalize egzèsis la. |
| 3 | L ap mande rès klas la pou yo korije elèv la si l fè erè. Si l byen chwazi mo yo, y ap bat bravo pou li. | Korije elèv la si l fè erè oswa bat bravo pou li. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 10




Ekran korije

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 11 :** Relye mo ki gen lèt « k » ladan yo ak imaj ki mache ak yo, sou fòm kisif ak sou fòm eskrip.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite elèv yo gade modèl la, esplike yo aktivite a byen. Chwazi kat (4) elèv , youn apre lòt, epi mande yo pase devan pou relye bon mo yo ak imaj yo. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br>Relye mo yo ak imaj yo chak koresponn. |
| 2 | Mande rès klas la pou suiv sa elèv ki chwazi yo ap fè.<br><br>Apre sa chak elèv yo relye, mande rès klas la kòmante li. | Suiv. Bay kòmantè yo, apre chak mo elèv ki sou tablo yo relye. |






Ekran 11




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI sèlman | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. Mande elev yo pou li mo yo youn apre lòt, awotvwa.<br><br>Mande yo pou yo bat men yo pou chak silab yo li nan chak mo epi pou yo di konbyen silab chak mo genyen. | Koute konsiy lan.<br>Li mo yo. Bat men yo pou konte silab yo.<br>Di konbyen silab chak mo genyen. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

Li mo yo, byen detache silab yo.
Di konbyen silab ki nan chak mo nou fin li.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| doktè | klinik | koute | dekole | kole | koule |
| koulèv | kochon | kòk | kabrit | bourik | krapo |
| kasav | kann | kokoye | zaboka | kado | kanari |

Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Asosye fraz ki fèt ak mo ki gen lèt « k »ladan yo ak sitiyasyon ki reprezante fraz yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan pou elèv yo, epi l ap envite yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis la sou ekran an. | Tande konsiy lan. Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | L ap mande lòt elèv yo pou fè remak sou sa elèv la ap fè a epi korije si se nesesè. | Fè remak sou sa elèv la ap fè sou tablo a epi korije si se nesesè. |






Ekran 13




Ekran korije

**Ativite 14 :** Reyalize lèt « k » a selon yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite ekran | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « k ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « k » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |






Ekran 14

| M ap ekri | **Aktivite 15 :** Repwodui mo ki gen lèt « k» selon yon modèl. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite ekran | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 15

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16 :** Asosye mo ki gen lèt « k » ladan yo ak imaj ki mache ak yo. | | | 16/17 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo yo.<br><br>Di si yo dakò oswa non epi korije. |






Ekran 16




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan. L ap klike pou elèv yo tande pwezi a. Apresa, l ap mande elèv yo pou yo suiv li k ap li pwezi a pou yo yon premye fwa. L ap mime jès bèt yo konn fè pandan lekti a. | Koute konsiy lan. Koute pwezi a. Suiv epi koute lekti mèt la . |
| 2 | L ap mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo li pwezi a yo menm, sou ton ak jès ki ale avè l tankou jan mèt la te fè a. | Li tèks la tankou yon pwezi sou ton ak jès sa mande. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 17

# Leson 28
## Son j



# Rezime tout aktivite kou a :

## Obsève/ Koute/ Li



**Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [j] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj.



**Aktivite 2 :** Li yon tèks ki gen son [j] ladan l.



**Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [j].



**Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [j] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj.



**Aktivite 5 :** Idantifye plas son [j], nan divès mo li parèt.



**Aktivite 6 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [j].



**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « j » sou tout fòm ak nan kèk mo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Li silab ki fèt ak lèt « j ».



**Aktivite 9 :** Idantifye silab ki gen lèt « j » ladan yo.



**Aktivite 10 :** Rekonèt kèk  mo familye ki gen lèt « j » ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 11:** Asosye mo ki gen lèt « j » ladan yo ak imaj yo reprezante.



**Aktivite 12:** Ranje yon seri imaj dapre lòd yon istwa.

## M ap ekri



**Aktivite 13 :** Reyalize lèt « j » selon yon modèl.



**Aktivite 14 :** Repwodui mo ki gen lèt « j » selon yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « j » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.



**Aktivite 16 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « j » ladan l.

| Obsèvе/ Koute/ Li | **Aktivite 1 :** Idantifye mo ki gen son [j] ladan yo, pami plizyè lòt kalite mo, apati imaj. | 1/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TBI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite yon (1) elèv pase devan. | Tande konsiy lan epi yon (1) elèv ap pase devan ekran an. |
| 2 | Mande elèv ki devan ekran an pou l klike sou pati kò Jan ki make yo . Envite rès elèv yo pou yo repete non chak pati nan kò Jan yo tande epi pou yo bat men yo chak fwa non pati kò yo tande a gen son [j] ladan. | Klike sou pati kò Jan ki make yo . Repete non chak pati nan kò Jan yo tande epi bat men yo chak fwa non pati kò yo tande a gen son [j] ladan.<br>. |




Ekran 1

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 2 :** Li yon tèks ki gen son [j] ladan l. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy la. | Koute konsiy mèt la. |
| 2 | Envite 4 elèv pase devan, youn apre lòt, pou al li yon fraz nan tèks la, jiskaske yo fin li tout tèks la nèt. Li ka rekòmanse ak 4 lòt elèv si gen tan pou pèmèt anpil elèv pase. L ap mande rès klas la pou suiv epi li nan kè yo.<br><br>**Remak**: Mèt la ap kontwole rit, entonasyon, pwononsyasyon elèv k ap li awotvwa yo. | Koute lè kamarad yo ap li.<br><br>Li awotvwa lè pwofesè a envite yo li.<br><br>Koute epi li nan kè yo. |




Ekran 2

**Obsève/ Koute/ Li** | **Aktivite 3 :** Reponn kesyon sou yon tèks ki fèt ak mo ki gen son [j].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande pou twa elèv pase devan ,youn apre lòt, pou al antoure bon repons pou youn nan twa kesyon ki sou ekran yo. | Elèv yo ap koute konsiy lan. Elèv ki pase devan yo ap antoure repons yo kwè ki bon an. |
| 2 | Pou chak repons, mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ou non epi korije si gen koreksyon. | Rès klas la ap bay opinyon yo sou chwa repons elèv yo fè sou ekran an epi y ap korije si gen koreksyon. |

Antoure bon repons yo.

1- Kisa ki fèt avan zoranje a fleri?

a. lalin parèt b. lapli tonbe ch. solèy kouche

2- Kisa zoranje a fè apre li fin fleri?

a. li fè boujon b. li fè flè ch. li fè zoranj

3- Ki fwi zoranje a bay?

a. sitwon b. kenèp ch. zoranj

Ekran 3

Antoure bon repons yo.

1- Kisa ki fèt avan zoranje a fleri?

a. lalin parèt b. lapli tonbe ch. solèy kouche

2- Kisa zoranje a fè apre li fin fleri?

a. li fè boujon b. li fè flè ch. li fè zoranj

3- Ki fwi zoranje a bay?

a. sitwon b. kenèp ch. zoranj

Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 4 :** Idantifye mo ki gen son [j] ladan yo, nan divès pozisyon, apati imaj. | 4/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou tout klas la ka tande.<br>Mande yon elèv pase devan pou vin mete koulè ki koresponn nan sou chak imaj. | Tande konsiy lan.<br>Yon elèv ap pase devan. |
| 2 | Mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a.<br><br>**Mo yo:** Mariyanj, pijon, zoranj, Jan, joumou, jako. | L ap mete koulè ki koresponn nan sou chak imaj. Lòt elèv yo ap suiv sa l ap fè a.<br><br>Rès elèv yo ap fè remak sou sa elèv la fè a epi y ap pwopoze koreksyon. |





Ekran 4



Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 5 :** Idantifye plas son [j], nan divès mo li parèt. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap mande yon elèv pase devan pou al kolorye kaz ki koresponn ak silab kote yo tande son [j] a parèt nan chak mo, apati chak imaj. | Elèv yo ap koute konsiy lan.<br>Youn ladan yo ap kolorye kazye ki koresponn ak silab kote li tande son [j] a nan chak mo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò epi korije.<br><br>**Mo yo:** jaden, fwomaj, kalòj, jiwòf, berejèn, Majori. | Rès elèv yo ap fè komantè sou sa elèv la fè a epi y ap korije. |






Ekran 5




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [j] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (j).<br>Fè menm jan an pou lòt kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [j] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |




Ekran 6

**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « j » sou tout fòm ak nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl/ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « j» a  parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm «j» sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « j» yo. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « j». Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 7




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap mande elèv yo byen gade sa ki ekri sou tablo a epi pou yo li. | Elèv yo ap suiv sa mèt la di a epi y ap li. |

Li silab yo ak mo yo.




jete - joumou - jedi - jiraf - jako - raje

kalòj - laj - paj - pijon - jan - lejè

Ekran 8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi envite yon elèv pase devan pou al antoure silab ki menm ak yon modèl l ap wè agoch yon liy mo. | Tande konsiy lan epi yon elèv ap pase devan. Elèv la ap antoure bon silab yo, nan chak liy mo yo. |
| 2 | Mèt la ap mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv la fè a. | Rès klas la ap bay kòmantè yo, epi korije si sa nesesè. |






Ekran 9




Ekran korije

| Mwen konprann | **Aktivite 10 :** Rekonèt epi diskrimine kèk mo familye ki gen lèt « j » ladan yo. | 10/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
|  | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la/yo |
|---|---|---|
| 1 | Envite plizyè elèv li mo ki adwat yo epi sa ki agoch yo sou ekran an.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. Fè elèv yo remake se menm mo yo ki nan toude kolòn yo. | Li mo ki adwat yo epi sa ki agoch yo sou ekran an.<br>Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite yon elèv pase devan pou relye chak mo ki nan kolòn agoch la ak parèy li nan kolòn adwat la.<br><br>Mande rès klas la si yo dakò ak repons elèv ki sou tablo a epi korije chak fwa sa nesesè. | Pase devan pou relye chak mo ki nan kolòn agoch la ak parèy li nan kolòn adwat la.<br><br>Di si yo dakò ak repons elèv ki sou tablo a epi korije chak fwa sa nesesè. |




Ekran 10




Ekran korije

| Map antrene | **Aktivite 11 :** Asosye mo ki gen lèt « j » ladan yo ak imaj yo reprezante. | 11/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la/yo** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Envite yon elèv pase devan pou vin reyalize egzèsis la sou ekran an: glise chak etikèt mete anwo imaj ki mache ak li a. | Tande konsiy lan.<br>Glise etikèt yo mete anwo imaj ki koresponn yo . |
| 2 | Mande lòt elèv yo pou fè remak sou sa elèv la ap fè a epi korije si se nesesè. | Fè remak sou sa elèv ki sou tablo a ap fè epi korije si se nesesè. |



Ekran 11



Ekran korije

**Aktivite 12 :** Ranje yon seri imaj dapre lòd yon istwa.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo byen gade imaj yo epi dekri yo chak.<br>Mande yon elèv pou li istwa a. | Byen gade imaj yo epi dekri yo chak.<br>Li istwa a. |
| 2 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Mande yon elèv ale sou tablo a pou l fè aktivite a: Nimewote imaj yo dapre lòd istwa a.<br>Mande rès klas la pou yo korije elèv la si l fè erè. Sinon, y ap bat bravo pou li. | Nimewote imaj yo dapre lòd istwa a.<br>Korije. Bat bravo pou kamarad yo. |






Ekran 12




Ekran korije

| M ap ekri | **Aktivite 13 :** Reyalize lèt « j » selon yon modèl. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « j ». Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 3 | Bay elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « j » a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

12
13
14
15
16




Ekran 13

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè + Kaye | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo, li mo yo, ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye pou yo ka ekri mo yo.<br><br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12 13 14 15 16




Ekran 14

**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen lèt « j » ladan yo ak imaj ki mache ak yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba imaj ki koresponn yo.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo yo.<br><br>Di si yo dakò oswa non epi korije. |






Ekran 15




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 16 :** Li yon tèks ki fèt ak mo ki gen lèt « j » ladan l. | 16/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Mèt la ap li konsiy lan.<br>L ap klike pou elèv yo tande tèks la. | Koute konsiy lan. Koute tèks la. |
| 2 | Apresa, l ap mande elèv yo pou yo suiv li k ap li tèk si la pou yo yon premye fwa. | Suiv epi koute lekti mèt la. |
| 3 | L ap mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo li yon pati ( yon paragraf) nan tèks la, y ap bat men yo chak fwa yo rive sou yon mo ki gen [j]. | Li tèks la oswa yon pati epi bat men yo chak fwa yo rive sou yon mo ki gen [j]. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*






Ekran 16

# Leson 29

## Son g



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Diskrimine, pami plizyè imaj sa ki gen son [g] nan non yo.



**Aktivite 2 :** Li yon istwa (son [g]) epi mete sekans imaj ki ilistre diferan pati yo nan lòd.



**Aktivite 3 :** Diskrimine plas son [g] a nan yon mo.



**Aktivite 4 :** Diskrimine silab ki gen son [g] a nan yon mo.



**Aktivite 5 :** Fè korespondans ant son [g] a ak diferan fòm ekriti li.



**Aktivite 6 :** Diskrimine lèt « g » a pami lòt lèt epi rekonèt li nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Li silab ki fòme ak asosyasyon: ”g”+ vwayèl epi mo ki fòme ak silab sa yo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « g » a nan mo ekri.

## M ap antrene



**Aktivite 9 :** Asosye mo ak parèy yo pou diskrimine diferans ant mo ki sanble sou fòm ekri (lèt g, j).



**Aktivite 10 :** Asosye mo ekri ak lèt enprimri ak parèy yo ki ekri ak lèt alamen, ak sipò imaj (mo ak lèt g,).

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Pratike ekriti lèt « g » a.



**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « g » a dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 13 :** Asosye mo ki gen lèt [g] a ak imaj ki korespon ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 14 :** Chante « Wa kenge » a pou amize elèv yo epitou abitye yo ak repete son [g] a.

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 1 : Diskrimine, pami plizyè imaj sa ki gen son [g] nan non yo. | 1/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons leve men yo.<br>Koute repons yo, youn apre lòt, epi fè yon elèv vin glise imaj ki gen son [g] nan non yo nan malèt la.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv la fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Leve men epi reponn.<br>Glise imaj ki gen son [g] nan non yo nan malèt la.<br>Repete mo yo.<br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen pou sa. |

**Mo yo**: gode, règ, gòm, liv, adwaz.
**Repons yo** : gode, règ, gòm




Ekran 1




Ekran korije

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 2 : **Li** yon istwa epi mete sekans imaj ki ilistre diferan pati yo nan lòd. | 2/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo pou yo li istwa a nan kè yo. | Tande konsiy lan.<br>Li istwa a nan kè yo. |
| 2 | Li istwa a byen fò pou elèv yo, apresa mande twa elèv pou yo li chak paragraf menm jan an. | Tande istwa a. Li istwa a byen fò . |
| 3 | Fè yon elèv vin sou tablo a pou relye imaj ak yon nimewo dapre lòd istwa a. Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa elèv la fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Relye imaj yo pou ranje yo dapre lòd istwa a.<br>Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

Obsève/ Koute/ Li

## Aktivite 3 : Diskrimine plas son [g] a nan yon mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou klike epi tout klas la pou repete non tout imaj ki sou tablo a.<br>Mande 6 elèv pou vin kolorye ak koulè ki montre plas yo tande son [g] a nan chak mo. | Klike. Repete non tout imaj ki sou tablo a.<br>Fè yon kwa nan ti tablo yo pou montre plas yo tande son [g] a nan chak mo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 4 : Diskrimine silab ki gen son [g] a nan yon mo. | 4/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou repete non tout imaj ki sou tablo a.<br>Mande 6 elèv pou vin kolorye yon ti kare anba chak imaj pou montre plas silab kote yo tande son [g] a nan chak mo.<br>**Mo yo:** gita, legliz, goril, degize, gagè, grenadin. | Repete non tout imaj ki sou tablo a.<br>Kolorye yon ti kare anba chak imaj pou montre plas silab kote yo tande son [g] a nan chak mo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 4




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 5:** Fè korespondans ant son [g] a ak diferan fòm ekriti li. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran an<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (g).<br>Fè menmjan an pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [g] a ka ekri plizyè fason. | Klike sou kat yo.<br><br>Koute epi byen gade 3 ekriti diferan lèt (g) a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

**Aktivite 6 :** Diskrimine lèt « g » a pami lòt lèt epi rekonèt li nan kèk mo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè yon elèv klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son lèt la ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « g » a ekri. Esplike yo yo pral antoure « g » sou tout fòm yo jwenn li pami lòt lèt yo epi nan mo yo ki ekri adwat sou tablo a. | Klike. Gade byen epi koute esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Envite plizyè elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « g » yo. Apresa, mande rès elèv yo korije epi konplete travay la si gen bezwen pou sa. | Antoure lèt « g » yo. Korije kanmarad yo epi konplete travay la si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 7 :** Li silab ki fòme ak asosyasyon: ”g”+ vwayèl, epi mo ki fòme ak silab sa yo. | 7/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv, chak apa, pou li silab yo ak mo yo. Veye pou yo byen pwononse son [g] a. | Li, youn alafwa, silab yo ak mo yo ki sou tablo a pandan y ap byen pwononse son [g] a. |



Li silab yo ak mo yo.




gagè garaj lago fig règ bag blag bèg

nèg nègès gate degoute galon gede gita

goute ragou goril degi mango

Ekran 7

| Mwen konprann | **Aktivite 8:** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « g » a nan mo ekri. | 8/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon mèt la. |
| 2 | Li silab modèl la ak mo yo pou elèv yo.<br>Chwazi 4 elèv, youn apre lòt, pou yo vin antoure menm silab modèl la nan chak liy sou tablo a.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Koute lekti silab modèl la ak mo yo.<br>Antoure menm silab modèl la nan chak liy sou tablo a.<br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 8



Ekran korije

**Aktivite 9 :** Asosye mo ak parèy yo pou diskrimine diferans ant mo ki sanble sou fòm ekri (lèt g, j).



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ki nan kazye agoch tablo a pou elèv yo.<br>Apresa, mande kèk elèv pou li mo yo tou.<br>Chwazi 10 elèv, youn apre lòt, pou vin glise chak mo ki nan ti kat adwat yo bò kote parèy li nan kazye yo. | Koute lekti mo yo. Li mo yo.<br>Glise chak mo ki nan ti kat adwat tablo a bò kote parèy li nan kazye yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 9




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv pou li mo yo ki anwo imaj yo.<br>Chwazi 9 elèv, youn apre lòt, pou vin glise chak mo ki nan ti kat yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. | Li mo yo anwo imaj yo.<br>Glise chak mo ki nan ti kat yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Pratike ekriti lèt « g » a.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou lèt g a nan ti rektang ble a plizyè fwa, si sa nesesè, epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « g » a.<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade ak atansyon. Ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt «g» a. | Ekri « g » sou fèy, adwaz oswa kaye. |




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 7 12

**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « g » a dapre yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri mo sou fèy, adwaz oswa kaye. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 13 :** Asosye mo ki gen lèt [g] a ak imaj ki koresponn ak yo. | 13/14 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | pèsonèl | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Ede yo si sa nesesè. | Koute konsiy lan epi li mo yo ak pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 4 elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si sa nesesè. | Deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la sou tablo a.<br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si sa nesesè. |

12

13

14



Ekran 13



Ekran korije

**Aktivite 14 :** Chante « Wa kenge » a pou amize elèv yo epitou abitye yo ak repete son [g] a.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | Youn oswa plizyè chapo | Nan klas/ Lakou | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike jwèt la.<br>Klike pou elèv yo tande chante a epi eseye chante l. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo.<br>Koute anrejistreman chante. Aprann chante l. |
| 2 | Jwe wòl wa Kenge a epi dirije chante a.<br>Fè youn oswa plizyè elèv jwe wòl wa Kenge a tou depan tan ou genyen pou aktivite a.<br>**Remak:** *Son [g] a plis repete nan non « wa Kenge » a k ap repete san rete nan jwèt la.* | Chante epi imite tout jès pwofesè a.<br>Dirije jwèt la.<br>Imite elèv k ap dirije chante a. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*

12
13
14




Ekran 14

# Leson 30

## Kominikasyon oral

Dekri/rakonte



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap koute/M ap pale/M ap antrene



**Aktivite 1 :** Idantifye yon deskripsyon senp apati egzanp deskripsyon yon bèt.



**Aktivite 2 :** Dekri yon bèt ak mo pa yo.



**Aktivite 3 :** Idantifye yon narasyon senp apati yon istwa yo koute epi konplete.



**Aktivite 4 :** Envante/Rakonte yon istwa sou yon bèt ak mo pa yo.

## Sa mwen ka fè




**Aktivite 5 :** Diskrimine « dekri/rakonte » apati enonse yon deskripsyon senp yo koute.




**Aktivite 6 :** Diskrimine « dekri/rakonte » apati enonse yon narasyon senp yo koute.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. Esplike elèv yo yo pral koute Ana k ap dekri yon chen, ensiste sou mo « dekri » a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite yon elèv vin klike sou wopalè a. Raple elèv yo y ap bezwen fè silans pou yo koute Ana.<br>Mande elèv yo kisa Ana sot fè la.<br><br>**Repons w ap tann**: Ana sot « DEKRI » yon chen. | Klike sou wopalè a.<br>Koute Ana k ap dekri chen an.<br><br>Reponn kesyon pwofesè a. |

1 2 3 4 5 6




Ekran 1

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo yo pral chwazi yon bèt nan tèt yo epi dekri l san yo pa janm site non l. Y ap bezwen pote presizyon nan deskripsyon an jistan kanmarad yo devine bèt yo te chwazi a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.. |
| 2 | Envite 8 elèv chwazi yon bèt nan tèt yo, epi dekri yo, youn apre lòt. Chak fwa, mande lòt elèv, youn pa youn, pou yo devine bèt kanmarad yo sot dekri a. | Chwazi yon bèt nan tèt yo, epi dekri li.<br><br>Koute epi devine bèt kanmarad yo dekri yo. |






Ekran 2

| Koute/Pale/Antrene | Aktivite 3 : Idantifye yon narasyon senp apati yon istwa yo koute epi konplete. | | | 3/6 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. Esplike elèv yo yo pral koute w k ap rakonte yon istwa, ensiste sou mo « rakonte» a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Raple elèv yo y ap bezwen fè silans pou yo koute istwa a. Li istwa sa a pou elèv yo: Chak maten, lè Ana prale lekòl, Medò mache avè l rive jis devan baryè lekòl la. Lè lekòl lage, Ana toujou jwenn Medò devan baryè a ap tann li. Yo retounen lakay ansanm. Yon jou, lekòl lage, lè Ana rive devan baryè a li pa wè Medò... Imajine kisa ki pase... Poukisa Medò pa vini?... Kisa Ana fè?<br>Mande elèv yo kisa ou sot fè la.<br>**Repons w ap tann**: Ou sot « RAKONTE » (oswa) li yon istwa. | Koute pwofesè a k ap rakonte istwa a.<br><br>Reponn kesyon pwofesè a epi konplete istwa a jan yo vle. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo devine sa ki pase chen an yon fason pou yo deja kòmanse antrene nan konstwi yon istwa. | |

1
2
3
4
5
6

Koute pwofesè a epi imajine kisa ki fè Medò pa vin chèche Ana.



Ekran 3

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Esplike elèv yo yo pral chwazi yon bèt epi rakonte yon istwa sou li, swa yo envante, swa yo te konnen deja. Ensiste sou diferans ki genyen ak aktivite avan an kote yo te chwazi bèt pou yo dekri. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite 12 elèv chwazi yon bèt, epi rakonte yon istwa sou bèt yo chwazi a, youn apre lòt.<br>Mande lòt elèv yo, pou yo koute epi ankouraje elèv k ap pale a. | Chwazi yon bèt nan tèt yo, epi rakonte yon istwa sou li.<br><br>Koute epi ankouraje kanmarad yo. |



Chwazi yon bèt nan tèt nou epi dekri li yon fason pou kamarad nou yo kapab jwenn ki bèt nou te chwazi a.



Ekran 4

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l vin klike sou tablo a.<br>Mande elèv yo pou koute tèks la ak atansyon.<br>Mande elèv yo fè 2 gwoup: 1) sa ki di tèks la dekri imaj la, 2) sa ki di tèks la rakonte yon istwa sou imaj la.<br>Anonse gwoup ki genyen an, esplike poukisa.<br>Envite yon elèv vin Fè yon kwa anba bon repons la. | Klike sou tablo a.<br>Koute tèks la.<br>Chwazi gwoup li dakò ak repons li a.<br>Tande esplikasyon pwofesè a.<br>Fè yon kwa anba bon repons la. |




Ekran 5




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 6 :** Diskrimine « dekri vs rakonte » apati enonse yon narasyon senp yo koute. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou l  vin klike sou tablo a.<br>Mande elèv yo pou koute tèks la ak atansyon.<br>Mande elèv yo fè 2 gwoup: 1) sa ki di tèks la dekri imaj la, 2)  sa ki di tèks la rakonte yon istwa sou imaj la.<br>Anonse gwoup ki genyen an, esplike poukisa.<br>Envite yon elèv vin fè yon kwa anba bon repons la. | Klike sou tablo a.<br>Koute tèks la.<br>Chwazi gwoup li dakò ak repons li a.<br>Tande esplikasyon pwofesè a.<br>Koche bon repons la. |






Ekran 6




Ekran korije

# Leson 31
## Son f



# Rezime aktivite kou a:

## Obsève/li/koute



**Aktivite 1 :** Regwoupe mo ki fè pati yon menm tèm ansanm.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Reponn kèk kesyon sou yon tèks apre lekti.



**Aktivite 3 :** Defini kèk mo a pati imaj.



**Aktivite 4 :** Idantifye son [f] nan non kèk imaj.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 5 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [f].

## Mwen konprann



**Aktivite 6 :** Idantifye lèt « f » pami lot lèt ak nan kèk mo.

## Obsève/li/koute



**Aktivite 7 :** Li silab ak mo ki gen son [f] ladan yo.

## Map antrene



**Aktivite 8 :** Idantifye lèt « f » nan yon tèks.




**Aktivite 9 :** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « f » a nan mo ekri.



**Aktivite 10 :** Reprezante kèk mo oswa kèk fraz a pati yon desen.

## M ap ekri



**Aktivite 11 :** Ekri lèt « f ».



**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « f » dapre yon modèl.



**Aktivite 13 : K**onplete kèk fraz apati yon lis mo.



**Aktivite 14 :** Identifye epi reekri mo ki gen lèt « f » ladan yo.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen son [f] ak imaj ki koresonn ak yo.

## M ap aprann an jwèt




**Aktivite 16 :** Site plizyè lòt mo ki gen son [f].

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li tèks la pou elèv yo.<br>Fè elèv yo li tèks la ansanm. Chak fwa, ede yo lè yo pa kapab. | Li tèks la. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure non fwi yo jwenn nan tèks la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Tande konsiy lan.<br><br>Antoure non fwi yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Jwenn epi antoure tout non fwi ki genyen nan tèks sa

Jan renmen flannen



Lè li prèske fènwa, Jan renmen fè ti flannen bò lakay li. Lè konsa li profite gade si fwi nan jaden li a pare pou manje. Jan gen anpil fwi nan jaden li a.

Li gen fwi jòn tankou grenadya ak mango. Fwi wouj tankou seriz ak tomat. Fwi vèt tankou sitwon, zaboka ak kenèp. Fwi jòn abriko tankou mandarin ak zabriko. E yo konn vyolèt tankou kayimit ak rezen.

Tout bon vre, Jan ka di li gen tout koulè fwi nan jaden li a!

Ekran 1

Jwenn epi antoure tout non fwi ki genyen nan tèks sa

Jan renmen flannen



Lè li prèske fènwa, Jan renmen fè ti flannen bò lakay li. Lè konsa li profite gade si fwi nan jaden li a pare pou manje. Jan gen anpil fwi nan jaden li a.

Li gen fwi jòn tankou grenadya ak mango. Fwi wouj tankou seriz ak tomat. Fwi vèt tankou sitwon, zaboka ak kenèp. Fwi jòn abriko tankou mandarin ak zabriko. E yo konn vyolèt tankou kayimit ak rezen.

Tout bon vre, Jan ka di li gen tout koulè fwi nan jaden li a!

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li premye kesyon an epi li repons yo.<br>Envite elèv ki konn repons lan leve men yo epi chwazi youn pou vin klike nan wonn ki devan repons l ap chwazi a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak repons elèv la tcheke a.<br>Si repons lan pa bon, voye yon lot elèv sou tablo a. | Li tèks la ak definisyon yo.<br><br>Reflechi. |
| 3 | Fè menm jan pou lòt kesyon an. | Tcheke mo anba definisyon li. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo byen gade fwi yo ki nan premye kadran an. Fè yo idantifye ki fwi yo ye. | Gade epi idantifye. |
| 3 | Li definisyon an ak elèv yo. Envite elèv ki gen repons lan vin sou tablo a pou antoure repons li a.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak si yo pa dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure bon repons lan.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 4 | Refè etaj 2 ak 3 a pou lòt kadran an. | |



Ekran 3



Ekran korije

**Aktivite 4 :** Idantifye son [f] nan non kèk imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Idantifye imaj yo ak elèv yo. Klike sou espikè yo pou yo tande non imaj yo.<br>Li konsiy lan. | Idantifye imaj yo.<br>Tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou fè elèv yo tande son [f] a epi fè yo repete son an. | Koute epi repete. |
| 3 | Chwazi elèv youn apre lòt pou vin antoure imaj kote yo tande son [f] a.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 4




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an. | Koute epi reponn. |
| 2 | Li konsiy lan.<br>Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son [f] a.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (f).<br>Fè menm jan pou lot kat yo.<br>Fè elèv yo remake menm son [f] sa a ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 5

| Mwen konprann | **Aktivite 6 :** Idantifye lèt « f » pami lòt lèt ak nan kèk mo. | | | 6/16 |
|---|---|---|---|---|
| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou yo tande son an ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « f » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « f » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute mèt la. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « f » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « f ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 6




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 8 :** Li silab ak mo ki gen son [f] ladan yo. | 8/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li pati silab yo yon premye fwa; dezyèm fwa fè elèv yo repete aprew; twazyèm fwa kite yo li l poukont yo. | Koute; repete; li silab yo. |
| 3 | Fè menm jan pou pati ki gen mo yo. | Koute; repete; li mo yo. |



Li silab yo ak mo yo byen fò.




| | | | |
|---|---|---|---|
| farin | konfiti | foto | fofile |
| figi | fèt | fenèt | fanatik |

Ekran 8

Ekran korije

**Aktivite 7 :** Idantifye lèt « f » nan yon tèks.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la ak elèv yo.<br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin antoure « f » li jwenn nan tèks la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « f ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |



Jwenn epi antoure tout "f" ki nan tèks sa a.



Lè li prèske fènwa, Jan renmen fè ti flannen bò lakay li. Lè konsa li profite gade si fwi nan jaden li a pare pou manje. Jan gen anpil fwi nan jaden li a.

Li gen fwi jòn tankou grenadya ak mango. Fwi wouj tankou seriz ak tomat. Fwi vèt tankou sitwon, zaboka ak kenèp. Fwi jòn abriko tankou mandarin ak zabriko. E yo konn vyolèt tankou kayimit ak rezen.

Tout bon vre, Jan ka di li gen tout koulè fwi nan jaden li a!

Ekran 7

Jwenn epi antoure tout "f" ki nan tèks sa a.

Jan renmen flannen



Lè li prèske fènwa, Jan renmen fè ti flannen bò lakay li. Lè konsa li profite gade si fwi nan jaden li a pare pou manje. Jan gen anpil fwi nan jaden li a.

Li gen fwi jòn tankou grenadya ak mango. Fwi wouj tankou seriz ak tomat. Fwi vèt tankou sitwon, zaboka ak kenèp. Fwi jòn abriko tankou mandarin ak zabriko. E yo konn vyolèt tankou kayimit ak rezen.

Tout bon vre, Jan ka di li gen tout koulè fwi nan jaden li a!

Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 9 :** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « f » a nan mo ekri. | 9/16 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li silab ak mo yo ansanm ak elèv yo.<br>Chwazi elèv, youn apre lòt, pou vin fè yon kwa nan kaz silab ki mache ak mo li li a.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Li silab ak mo yo.<br>Fè kwa.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |

Mete yon kwa nan kolòn ki koresponn ak silab ki nan mo nou li y

| | fè | fi | fe | fo | fa | fou |
|---|---|---|---|---|---|---|
| fotokopi | | | | | | |
| lafimen | | | | | | |
| bifèt | | | | | | |
| fofile | | | | | | |
| fouchèt | | | | | | |
| fanal | | | | | | |
| kafetyè | | | | | | |

Ekran 9

Mete yon kwa nan kolòn ki koresponn ak silab ki nan mo nou li y

| | fè | fi | fe | fo | fa | fou |
|---|---|---|---|---|---|---|
| fotokopi | | | | X | | |
| lafimen | | X | | | | |
| bifèt | X | | | | | |
| fofile | | X | | X | | |
| fouchèt | | | | | | X |
| fanal | | | | | X | |
| kafetyè | | | X | | | |

Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li premye mo a epi chwazi yon elèv pou vin fè yon desen ki mache ak mo li li a. Fè menm jan pou lòt mo a ak fraz la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Fè desen.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |
| 3 | Bay lòt elèv yo papye pou yo fè yon desen tou ki mache ak mo oswa fraz ki sou tablo a. | Fè desen.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |




Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| | Klike sou lèt « f » ki nan rektang ble a epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt la.<br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt « f » la, youn apre lòt. | Gade epi ekri. |
| 2 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka fè lèt « f » a.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |




Ekran 11

**Aktivite 12 :** Repwodui mo ki gen lèt « f » dapre yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo; li mo yo; ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo swa yon fèy, swa yon adwaz oswa yon kaye, pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte. | Ekri. |

***Remak:*** *ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ecran 12

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 13 :** Konplete kèk fraz apati yon lis mo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ki anlè a ak elèv yo. Li premye fraz la.<br>Envite elèv ki jwenn mo ki mache ak fraz la leve men yo.<br>Chwazi yon elèv pou vin touche mo a. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la montre a. Si li bon, fè elèv la ekri mo a sou liy bò kote fraz la. | Li mo yo.<br>Touche mo a.<br>Di si yo dakò ak si li pa dakò.<br>Ekri mo a. |
| 3 | Refè etap 2 a pou rès fraz yo. | |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 13




Ekran korije

**Aktivite 14 :** Identifye epi reekri mo ki gen lèt « f » ladan yo.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |



| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo ki nan premye bwat la ak elèv yo.<br>Envite elèv ki jwenn mo ki gen « f » ladan leve men yo.<br>Chwazi yon elèv pou vin touche mo a. Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv la montre a. Si li bon, fè elèv la ekri mo a sou liy anba yo. | Li mo yo.<br>Touche mo ki gen « f » a.<br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò.<br>Ekri mo a. |
| 3 | Refè etap 2 a pou rès bwat yo. | |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 14




Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Asosye mo ki gen son [f] ak imaj ki koresonn ak yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI+ Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Si yo pa ka li mo yo, ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo, mete anba bon imaj la.<br>Chak fwa, mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si li dakò ak si li pa dakò. |

12 13 14 15 16




Ekran 15




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo li mo yo.<br>Envite elèv ki gen mo ki gen son [f] leve men yo epi di mo a byen fo.<br>Ekzanp lòt mo: fanmi, famasi, fatra, fanatik,… | Leve men pou reponn. |






Ekran 16

# Leson 32

## Son en



# Rezime tout aktivite kou a:

## Mizantren



**Aktivite 1 :** Idantifye tout sa ki gen son [en] nan yon imaj.

## Mwen konprann



**Aktivite 2 :** Li epi konprann tèks la.

## Obsève/koute/li



**Aktivite 3 :** Mete yon istwa nan lòd.



**Aktivite 4 :** Idantifye tout imaj ki gen son [en].



**Aktivite 5 :** Defini kèk mo.



**Aktivite 6 :** Konte silab ki nan yon mo.




**Aktivite 7 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [en].



**Aktivite 8 :** Idantifye « en » pami lòt lèt ak nan kèk mo.




**Aktivite 9:** Idantifye « en » nan yon fraz.




**Aktivite 10:** Li silab ak mo ki gen « en ».

## M ap antrene




**Aktivite 11:** Repwodui mo ki gen « en » dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 12 :** Ekri mo san fòt.

## M ap antrene




**Aktivite 13 :** Gwoupe mo ki nan menm kategori.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14:** Asosye mo ki gen « en » ak imaj ki koresponn ak yo.

## M ap aprann anjwèt



**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « en ».

| Mizantren | **Aktivite 1** : Idantifye tout sa ki gen son [en] nan yon imaj. | 1/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade imaj la.<br>Li konsiy lan. | Gade imaj la epi tande konsiy lan. |
| 2 | Envite elèv ki gen repons lan leve men yo.<br>Koute repons yo youn apre lòt epi montre nan imaj la sa elèv la di a.<br>Mande lòt yo si yo dakò ak sa elèv la di a. Lè repons lan bon, fè elèv yo repete mo a plizyè fwa pou yo tande son [en] a byen. | Leve men epi reponn.<br>Repete mo yo. |
| 3 | Si gen mo elèv yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br>**Repons yo** : men, pentad, chen, penso, peny, lapen, … | Swiv mèt la epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12



Ekran 1



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li tèks la epi fè elèv yo repete apre w. | Repete apre pwofesè a. |
| 3 | Li kesyon yo.<br>Mande elèv yo pou yo reponn kesyon yo.<br>Fè youn oubyen 2 elèv vin antoure repons yo nan tèks la. | Reponn kesyon yo. |






Ekran 2




Ekran korije

Obsève/koute/li | **Aktivite 3** : Mete yon istwa nan lòd. | 3/15

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Tande konsiy lan. |
| 2 | Li chak fraz youn apre lòt epi fè elèv yo repete aprè w.<br><br>Mande yo pou yo gade imaj yo byen epi di sa yo panse. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Fè kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo pou yo deplase chak kat mete yo devan imaj ki mache avè l la. | Ale sou tablo a epi deplase chak kat mete yo devan imaj ki mache avè l. |
| 4 | Mande lòt elèv yo si yo dakò. | Di si yo dakò. |
| 5 | Fè yo li tout istwa. | Li istwa a. |






Ekran 3




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 4 :** Idantifye tout imaj ki gen son [en]. | |
|---|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo gade tout imaj ki sou tablo a.<br><br>Li konsiy lan. | Gade imaj yo epi tande konsiy lan. |
| 2 | Klike sou radyo a pou ka tande son [en] a.<br><br>Klike chak imaj pou fè elèv yo tande non yo.<br><br>Fè youn oubyen 2 elèv vin sou tablo a pou yo fè yon kwa sou tout imaj ki pa gen son [en]. | Tande non tout imaj ki sou tablo a epi fè yon kwa sou tout imaj ki pa gen son [en]. |
| 3 | Tande repons elèv yo, si gen mo yo pa jwenn, montre imaj la epi mande elèv yo non li.<br><br>**Repons yo** : poul, lapen, pen,... | Swiv profesè a epi reponn. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 4




Ekran korije

Obsève/koute/li | **Activité 5 :** Defini kèk mo. | 5/15

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou kat la yon premye fwa epi li definisyon an. Fè elèv yo repete apre w. | Repete aprè pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo defìnsyon ki mo li ye.<br><br>Si yo pa ka jwenn li, di non tout imaj ki bò kote kat la, epi mande yo ankò definisyon ki mo li ye. | Di definisyon ki mo li ye. |
| 4 | Reprann etap 2 ak 3 jiskaske w fin wè tout definisyon yo. | |






Ekran 5

**Aktivite 6** : Konte silab ki nan yon mo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy nan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou chak imaj pou elèv yo ka tande non yo.<br><br>Mande elèv yo pou yo bat men yo pandan y ap repete mo yo. Fè yo konte konbyen fwa yo bat men yo lè yo tap di mo a epi pou yo konte kare ki anba mo a. | Pandan y ap li mo yo y ap konte konbyen silab ak men yo. Di konbyen kare ki anba chak mo. |
| 3 | Fè kèk elèv vin sou tablo. Mande yo pase yon kwa sou silab oubyen sou kare ki gen son [en] a. | Fè kwa sou kare oubyen silab ki gen son [en]. |
| 4 | Gade repons elèv yo, si gen silab yo pa jwenn, fè l avè yo. | Swiv pwofesè a. |






Ekran 6




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Aktivite 7 :** Idantifye diferan fason yo ekri son [en]. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt (en).<br>Fè menm jan pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [en] an ka ekri plizyè fason. | Koute epi gade. |






Ekran 7

**Obsève/koute/li** | **Aktivite 8 :** Idantifye « en » pami lot lèt ak nan kèk mo. | 8/15

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son an ak mo a. Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon sou twa fason diferan « en » a parèt. Tou fè yo konnen yo pral antoure tout fòm « en » sa yo pami lòt lèt ak nan mo ki adwat yo. | Koute pwofesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « en » yo.<br>Mande rès elèv yo si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Antoure lèt « en ».<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |






Ekran 8




Ekran korije

**Aktivite 9 :** Idantifye « en » nan yon fraz.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li fraz yo epi mande elèv pou yo repete apre w. | Koute epi repete apre profesè a. |
| 3 | Envite kèk elèv vin sou tablo a pou antoure tout mo ki gen « en » nan fraz yo. | Antoure tout mo ki gen « en » nan fraz yo. |




Ekran 9




Ekran korije

| Obsève/koute/li | **Activité 10:** Li silab ak mo ki gen lèt « en ». | 10/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan<br>Esplike elèv yo ke konbinezon « en » + yon konsòn, bay yon silab. | Koute konsiy ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li silab yo pandan w ap montre konbinezon an. Fè elèv yo repete apre w.<br><br>Li mo yo pou elèv yo epi mande repete aprè w. | Swiv epi repete apre pwofesè a. |






Ekran 10

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo youn apre lòt pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo.<br>Li mo yo;.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo. | Ekri. |

***Remak:** ekran sa pa obligatwa. Nou ka toujou pa fè ekran sa si n pa gen tan.*




Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

**Aktivite 12 :** Ekri mo san fòt.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li chak imaj youn apre lòt epi fè elèv yo repete apre w. | Koute , repete epi repete apre pwofesè a. |
| 3 | Mande elèv yo pou yo ekri sou adwaz yo oswa kaye yo, mo ki mache ak premye imaj la.<br><br>Fè menm bagay la pou lòt imaj yo. | Ekri sou kaye yo mo ki mache ak chak imaj. |
| 4 | Klike sou premye imaj pou ka verifye ak elèv yo si yo byen ekri mo a.<br><br>Fè menm bagay pou chak imaj. | Verifye ak pwofesè a si yo byen ekri mo yo. |






Ekran 12




Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 13 :** Gwoupe mo ki nan menm kategori. | 13/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan . | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo di tout non imaj ki nan dènye kolòn lan. | Tande pwofesè a epi di non imaj yo |
| 3 | Li premye kategori a. Fè kèk elèv vin sou tablo a. Mande yo deplase tout imaj yo panse ki ka nan premye kategori a.<br>Fè menm jan pou tout lòt kategori yo. | Mete chak imaj nan kategori ki mache avè l. |
| 4 | Mande lòt elèv yo kisa yo panse. | Di ki sa yo panse. |

12 13 14 15



Ekran 13



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen « en» ak imaj ki koresponn ak yo. | 14/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br><br>Si yo pa ka li mo yo ede yo. | Koute konsiy lan epi li mo yo. |
| 2 | Chwazi elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa mande rès klas la si yo dakò ak sa elèv ki sou tablo a fè a. | Deplase mo.<br><br>Di si yo dakò ak si yo pa dakò. |





Ekran 14



Ekran korije

**Aktivite 15 :** Koute, repete chante a epi idantifye tout mo ki gen « en ».



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike fè elèv yo tande epi chante chante a. | Tande epi chante chante a. |
| 3 | Fè elèv yo di tout mo ki gen « en » nan chante a. | Di tout mo ki gen « en » nan chante a. |






Ekran 15

# Leson 33
## Son ch



# Rezime tout aktivite kou a:

## M ap obsève/ M ap koute/ M ap li



**Aktivite 1 :** Koute yon istwa (son [ch]) pandan y ap gade tèks la sou tablo a.



**Aktivite 2 :** Reponn kesyon ekri sou istwa yo sot koute a.



**Aktivite 3 :** Repete son [ch] a. Diskrimine pami plizyè imaj sa ki gen son [ch] nan non yo.



**Aktivite 4 :** Diskrimine plas kote son [ch] a ye nan yon mo.



**Aktivite 5 :** Fè korespondans ant son [ch] a ak diferan fòm ekriti li.



**Aktivite 6 :** Diskrimine lèt « ch» a pami lòt lèt epi rekonèt li nan kèk mo.



**Aktivite 7 :** Li silab ki fòme ak asosyasyon: ”ch” + vwayèl epi mo ki fòme ak silab sa yo.

## Mwen konprann



**Aktivite 8 :** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « ch » a nan mo ekri.



**Aktivite 9 :** Asosye mo ak parèy yo pou diskrimine diferans ant mo ki sanble sou fòm ekri (lèt ch).

## M ap antrene



**Aktivite 10 :** Asosye mo ekri ak lèt enprimri ak parèy yo ki ekri ak lèt alamen, ak sipò imaj (mo ak lèt ch).



**Aktivite 11 :** Mete diferan pati yon istwa ekri nan lòd pwogresyon li apati yon sekans imaj.

## M ap ekri



**Aktivite 12 :** Pratike ekriti lèt « ch » a.



**Aktivite 13 :** Repwodui mo ki gen lèt « ch » a dapre yon modèl.

## Sa mwen ka fè



**Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen lèt [ch] a ak imaj ki korespon ak yo.



**Aktivite 15 :** Li yon tèks ekri senp familye epi idantifye mo ki gen « ch » ladan.

| Obsève/ Koute/ Li | Aktivite 1 : Koute yon istwa (son [ch]) pandan y ap gade tèks la sou tablo a. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan.<br>Mande elèv yo byen gade tablo a. | Gade tablo a epi tande konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv pou vin klike sou tablo a.<br>Envite tout elèv fè silans pou koute ak atansyon. | Klike sou tablo a.<br>Fè silans epi koute istwa a ak atansyon. |
| 3 | Fè elèv yo koute istwa a yon dezyèm fwa. | Koute istwa a yon dezyèm fwa. |




Ekran 1

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 2** : Reponn kesyon ekri sou istwa yo sot koute a. | 2/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li kesyon yo pou elèv yo, apresa mande 4 elèv pou vin antoure bon repons yo sou tablo a .<br>Fè elèv yo koute istwa a ankò si yo mande sa. | Tande kesyon yo, apresa antoure bon repons yo sou tablo a .<br>Koute istwa a ankò si yo bezwen sa. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak repons kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak repons kanmarad yo epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 2




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande yon elèv pou klike epi tout klas la pou tande epi repete son [ch] a, yon elèv apre lòt.<br>Mande 2 elèv, youn apre lòt, pou vin antoure bèt ki gen son [ch] a nan non yo, sou tablo a. | Klike.<br>Tande epi repete son [ch] a, yon elèv apre lòt.<br>Antoure bèt ki gen son [ch] a nan non yo, sou tablo a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 3




Ekran korije

Aktivite 4 : Diskrimine plas kote son [ch] a ye nan yon mo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a.<br>Di non imaj yo pou elèv yo, fè yo repete. Men non imaj yo: 1) cheval (oswa chwal), 2) fouchèt, 3) pòch, 4) branch, 5) chamo, 6) nechèl, 7) machin, 8) klòch, 9) chat. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a.<br>Tande epi repete non imaj yo ki sou tablo a. |
| 2 | Mande 9 elèv, youn apre lòt, pou vin fè yon kwa, nan kazye ki montre pozisyon oswa plas son [ch] a nan chak non imaj ki sou tablo a.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Fè yon kwa, nan kazye ki montre pozisyon oswa plas son [ch] a nan chak non imaj ki sou tablo a.<br><br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |

Di non desen sa yo epi fè yon kwa kote nou tande son [ch] a:
A: kòmansman, AN: mitan, B: finisman.




| | A | AN | B |
|---|---|---|---|
| 1 | | | |
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |
| 5 | | | |
| 6 | | | |
| 7 | | | |
| 8 | | | |
| 9 | | | |

Ekran 4

Di non desen sa yo epi fè yon kwa kote nou tande son [ch] a:
A: kòmansman, AN: mitan, B: finisman.




| | A | AN | B |
|---|---|---|---|
| 1 | X | | |
| 2 | | X | |
| 3 | | | X |
| 4 | | | X |
| 5 | X | | |
| 6 | | | X |
| 7 | | X | |
| 8 | X | | |
| 9 | | X | |

Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 5:** Fè korespondans ant son [ch] a ak diferan fòm ekriti li. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo kisa yo wè sou ekran an.<br>Li konsiy lan. | Di kisa yo wè sou ekran an<br>Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande yon elèv klike sou premye kat la pou elèv yo tande son an.<br>Mande  yo pou yo byen gade kijan yo fè lèt « ch ».<br>Fè menmjan an pou lòt kat yo.<br>Esplike elèv yo menm son [ch] a ka ekri plizyè fason. | Klike sou kat yo.<br><br>Koute epi byen gade 3 ekriti diferan lèt « ch » a. |






Ekran 5

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 6 :** Diskrimine lèt « ch» a pami lòt lèt epi rekonèt li nan kèk mo. | 6/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè yon elèv klike sou imaj agoch la pou elèv yo tande son lèt la ak mo a.<br>Montre elèv yo kat ki agoch la epi atire atansyon yo sou twa fason diferan « ch » a ekri. Esplike yo yo pral antoure « ch » sou tout fòm yo jwenn li pami lòt lèt yo epi nan mo yo ki ekri adwat sou tablo a. | Klike. Gade byen epi koute esplikasyon pwofesè a. |
| 3 | Envite plizyè elèv vin sou tablo a, youn apre lòt, pou antoure lèt « ch » yo. Apresa, mande rès elèv yo korije epi konplete travay la si gen bezwen pou sa. | Antoure lèt « ch » yo. Korije kanmarad yo epi konplete travay la si gen bezwen pou sa. |





Ekran 6



Ekran korije

| Obsève/ Koute/ Li | **Aktivite 7 :** Li silab ki fòme ak asosyasyon: ”ch”+ vwayèl epi mo ki fòme ak silab sa yo. | 7/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou li silab yo ak mo yo byen fò. Fè yo fè trajè a. Veye pou yo byen pwononse son [ch] a. | Li, youn apre lòt, silab yo ak mo yo ki sou tablo a pandan y ap byen pwononse son [ch] a epi fè trajè a. |




Ekran 7

| Mwen konprann | **Aktivite 8:** Diskrimine silab ki fòme ak lèt « ch » a nan mo ekri. |
|---|---|



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy ak esplikasyon pwofesè la. |
| 2 | Li silab modèl la ak mo yo pou elèv yo.<br>Chwazi 4 elèv, youn apre lòt, pou yo vin antoure menm silab modèl la nan chak liy sou tablo a.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Koute lekti silab modèl la ak mo yo.<br>Antoure menm silab modèl la nan chak liy sou tablo a.<br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |




Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Li mo yo ki nan kat yo adwat tablo a pou elèv yo.<br>Apresa, mande kèk elèv pou li mo yo tou.<br>Chwazi 10 elèv, youn apre lòt, pou vin glise chak mo ki nan ti kat adwat yo bò kote parèy li nan kazye yo. | Koute lekti mo yo. Li mo yo.<br>Glise chak mo ki nan ti kat adwat tablo a bò kote parèy li nan kazye yo. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kamarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |



Li mo ki nan kat yo epi mete chak bò kote parèy li nan tablo a.

| | |
|---|---|
| chodyè | |
| chapo | |
| kochèt | |
| achte | |
| chifon | |
| chif | |
| chich | |
| nich | |
| Chèlda | |
| Rachèl | |

chifon
chodyè
chif
chapo
achte
Chèlda
kochèt
chich
nich
Rachèl

Ekran 9

Li mo ki nan kat yo epi mete chak bò kote parèy li nan tablo a.

| | |
|---|---|
| chodyè | chodyè |
| chapo | chapo |
| kochèt | kochèt |
| achte | achte |
| chifon | chifon |
| chif | chif |
| chich | chich |
| nich | nich |
| Chèlda | Chèlda |
| Rachèl | Rachèl |

Ekran korije

| M ap antrene | **Aktivite 10 :** Asosye mo ekri ak lèt enprimri ak parèy yo ki ekri ak lèt alamen, ak sipò imaj (ch). | 10/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏲⏲ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv pou li mo yo ki anwo imaj yo epi sa ki nan ti kat yo, youn apre lòt.<br>Chwazi 10 elèv, youn apre lòt, pou vin glise chak mo ki nan ti kat yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. | Li mo yo anwo imaj yo ak nan ti kat yo.<br>Glise chak mo ki nan ti kat yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 10




Ekran korije

**Aktivite 11 :** Mete diferan pati yon istwa nan lòd pwogresyon li apati yon sekans imaj.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo pou yo byen gade sa ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Byen gade sa ki sou tablo a.<br>Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li chak pati istwa a nan kè yo epi pou yo gade ak ki imaj chak pati korespon, san yo pa pale. | Li chak pati istwa a nan kè yo epi gade ak ki imaj chak pati korespon, san yo pa pale. |
| 3 | Mande 3 elèv, youn apre lòt pou yo vin glise kat tèks yo mete chak bò kote imaj ki korespon ak li a.<br>Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa.<br>Mande kèk elèv pou li tout istwa a. | Glise kat tèks yo mete chak bò kote imaj ki korespon ak li a.<br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. Li tout istwa a. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 11




Ekran korije

**Aktivite 12 :** Pratike ekriti lèt « ch » la.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike sou rektang ble a, plizyè fwa, si sa nesesè, epi kite elèv yo gade kijan yo fè lèt « ch » a.<br><br>Chwazi kèk elèv vin sou tablo a pou fè lèt la, youn apre lòt. | Gade ak atansyon. Ekri. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka fè lèt «ch» a. Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte yo. | Ekri « ch » sou fèy, adwaz oswa kaye. |




Ekran 12

**Aktivite 13 :** Repwodui mo ki gen lèt « ch » a dapre yon modèl.



| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Fè elèv yo idantifie imaj yo epi li mo yo.<br><br>Chwazi kèk elèv pou vin sou tablo a, youn apre lòt, pou ekri mo yo. | Idantifye imaj yo epi li mo yo.<br>Ekri mo yo. |
| 3 | Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ka ekri mo yo.<br>Pase gade sa chak elèv ap fè epi ede sa ki gen difikilte yo. | Ekri mo ki gen lèt « ch » sou fèy, adwaz oswa kaye. |






Ekran 13

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 14 :** Asosye mo ki gen lèt [ch] a ak imaj ki koresponn ak yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas/ lakou | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo.<br>Kite yon ti tan pou elèv yo li mo yo poukont yo.<br>Ede yo si sa nesesè. | Koute konsiy lan epi li mo yo ak pwofesè a. |
| 2 | Chwazi 4 elèv ki pou vin sou tablo a pou deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la.<br><br>Chak fwa, mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si sa nesesè. | Deplase mo yo epi mete yo anba bon imaj la sou tablo a.<br>Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si sa nesesè. |





Ekran 14



Ekran korije

| Sa mwen ka fè | **Aktivite 15 :** Li yon tèks ekri senp familye epi idantifye mo ki gen « ch » ladan. | 15/15 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas/ lakou | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Envite plizyè elèv, youn apre lòt, pou li istwa a oswa yon pati (tou depan tan ou genyen pou aktivite a), epi bat men yo chak fwa yo li yon mo ki gen son [ch] ladan.<br>Fè yo rekoute l si yo ta bezwen sa. | Rekoute epi li istwa a oswa yon pati epi bat men yo chak fwa yo li yon mo ki gen son [ch] ladan. |

12 13 14 15



Ekran 15

# Leson 34
## Revizyon 2



# Rezime tout aktivite kou a:

## Revizyon



**Aktivite 1 :** Diskrimine son kèk konsòn.



**Aktivite 2:** Diskrimine son kèk konsòn.



**Aktivite 3 :** Rekonèt diferan fòm ekriti lèt yo etidye deja yo.



**Aktivite 4 :** Fè korespondans lèt/son ak konsòn sa yo: k, v, t.



**Aktivite 5 :** Sèvi ak 2 silab pou fòme mo.



**Aktivite 6:** Sèvi ak 3 silab pou fòme mo.



**Aktivite 7 :** Rapwoche mo ki ekri ak lèt enprimri ak parèy yo ki ekri ak lèt alamen.



**Aktivite 8 :** Sèvi ak lèt/son yo etidye deja yo pou ekri mo yo konnen.



**Aktivite 9:** Klase mo/imaj dapre kategori yo.



**Aktivite 10 :** Ranje yon sekans imaj nan lòd pou tabli diferan etap yon istwa yo koute**.**



**Aktivite 11 :** Li yon istwa senp ansilans, apresa byen fò epi respekte entonasyon.



**Aktivite 12 :** Reponn kesyon ekri sou yon istwa yo fin li.



**Aktivite 13 :** Antrene nan ekriti lèt yo etidye deja yo.

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan Klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade tablo a.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a, sèvi ak modèl la pou w fè sa. | Gade tablo a epi tande konsiy lan.<br>Koute esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite 4 elèv , youn apre lòt, vin relye imaj ki gen menm son nan kòmansman non yo. | Relye imaj ki gen menm son nan kòmansman non yo. |
| 3 | Apre w fin jwenn bon repons yo, fè elèv yo repete yo (lapen: lalin, …) | Repete repons yo ki sou tablo a. |

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12




Ekran 1




Ekran korije

| Revizyon | Aktivite 2 : Diskrimine son kèk konsòn. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Mande elèv yo byen gade tablo a.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Gade tablo a epi tande konsiy lan.<br>Koute esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite 5 elèv , youn apre lòt, vin relye 2 pa 2, imaj ki gen menm son nan finisman non yo. | Relye 2 pa 2 imaj ki gen menm son nan finisman non yo. |
| 3 | Apre w fin jwenn bon repons yo, fè elèv yo repete yo. (nich: pòch, gwayav: liv, …) | Repete repons yo ki sou tablo a. |






Ekran 2




Ekran korije

| Revizyon | Aktivite 3 : Rekonèt diferan fòm ekriti lèt yo etidye deja yo. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Fè elèv yo li lèt yo ki sou tablo a.<br>Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Li lèt yo epi tande konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Envite plizyè elèv , youn apre lòt, pou vin mete lèt ou di yo a, nan yon menm liy fèmen sou tout fòm yo jwenn li sou tablo a.<br>Mande si gen yon elèv ki pa dakò ak repons kanmarad li a pou l vin korije. | Mete chak lèt sou tout fòm yo jwenn li sou tablo a nan yon menm liy fèmen .<br>Korije travay kanmarad yo. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12




Ekran 3




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon yo. |
| 2 | Envite 10 elèv , youn apre lòt, vin konplete mo yo ak lèt k, v oswa t. Pou yo fè sa, esplike yo y ap bezwen seleksyone yon zòn tèks, pozisyone l nan plas lèt ki manke nan mo a, anwo ti trè a, epi sèvi ak klavye a pou tape lèt la. Fè yon egzanp pou yo ka byen konprann. Mande si gen elèv ki pa dakò ak repons kanmarad yo a pou yo vin korije. | Suiv egzanp pwofesè a. Seleksyone yon zòn tèks, pozisyone l nan plas lèt ki manke nan mo a, anwo ti trè a, epi sèvi ak klavye a pou tape lèt yo chwazi a pou konplete chak mo. Di si yo pa dakò ak repons kanmarad epi vin korije. |

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

Tape lèt ki manke a: k, v oswa t, pou konplete chak mo.

| | |
|---|---|
| mou__on | le__òl |
| __ochon | __aliz |
| bouri__ | __enis |
| souri__ | lari__yè |
| __oulèv | lesi__ |

Ekran 4

Tape lèt ki manke a: k, v oswa t, pou konplete chak mo.

| | |
|---|---|
| mou_t_on | le_k_òl |
| _k_ochon | _v_aliz |
| bouri_k_ | _t_enis |
| souri_t_ | lari_v_yè |
| _k_oulèv | lesi_v_ |

Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 5 :** Sèvi ak 2 silab pou fòme mo. | 5/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 6 elèv, youn apre lòt, pou yo vin antoure 2 silab ki fòme mo ki reprezante non desen yo.<br><br>Mande lòt elèv pou vin korije si gen bezwen pou sa. | Antoure 2 silab ki fòme mo ki reprezante non desen yo.<br><br>Korije, si gen bezwen pou sa. |






EKran 5




EKran 5

| Revizyon | **Aktivite 6 :** Sèvi ak 3 silab pou fòme mo. | 6/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 4 elèv, youn apre lòt, pou yo vin glise silab yo nan lòd sou liy ki nan rektang adwat yo pou yo kapab fòme mo ki reprezante non desen yo.<br><br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 4 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Glise silab yo nan lòd sou liy ki nan rektang adwat yo pou fòme mo ki reprezante non desen yo.<br><br>Korije repons 4 elèv yo, si gen bezwen pou sa. |






Ekran 6




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 7 :** Rapwoche mo ki ekri ak lèt enprimri ak parèy yo ki ekri ak lèt alamen. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande kèk elèv pou li mo yo ki anwo imaj yo epi sa ki nan etikèt yo, youn apre lòt.<br>Chwazi 10 elèv, youn apre lòt, pou vin glise chak mo ki nan etikèt yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. | Li mo yo anwo imaj yo ak nan etikèt yo.<br>Glise chak mo ki nan etikèt yo sou parèy li, anwo imaj ki koresponn ak li a. |
| 3 | Mande lòt elèv yo si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. | Di si yo dakò ak sa kanmarad yo fè a epi vin korije si gen bezwen pou sa. |






Ekran 7




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 8:** Sèvi ak lèt/son yo etidye deja yo pou ekri mo yo konnen. |
|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Pèsonèl | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande 6 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, pou ekri mo ki reprezante chak imaj anwo imaj la.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije òtograf 6 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Ekri mo ki reprezante chak imaj anwo imaj la.<br><br>Korije òtograf kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |






Ekran 8




Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Mande 8 elèv pou yo vini sou tablo a, youn apre lòt, deplase chak imaj ki anba tablo a, mete l nan rektang ki koresponn ak kategori imaj sa a.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons 8 elèv yo, si gen bezwen pou sa. | Deplase chak imaj ki anba tablo a, mete l nan rektang ki koresponn ak kategori imaj sa a.<br>Korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |



Ekran 9



Ekran korije

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | Aksyon mèt la | Aksyon elèv la |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Klike epi mande elèv yo pou yo koute istwa a epi gade desen yo byen.<br>Cjhwazi yon elèv pou vini ranje desen yo sou tablo a, dapre lòd istwa a.<br>Mande rès elèv yo pou yo korije repons elèv la, si gen bezwen pou sa. | Koute istwa a ak atansyon pandan y ap byen gade desen yo.<br>Ranje desen yo sou tablo a, dapre lòd istwa a.<br>Korije repons kanmarad yo a, si gen bezwen pou sa. |






Ekran 10




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 11 :** Li yon istwa senp ansilans, apresa byen fò, epi respekte entonasyon. | 11/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansam | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande elèv yo pou yo li istwa a ansanm nan kè yo. | Li istwa a ansanm nan kè yo. |
| 3 | Mande plizyè elèv pou yo li istwa a byen fò, youn pa youn, pandan y ap respekte yon entonasyon ki nòmal. | Li istwa a byen fò ; bay yon entonasyon ki nòmal. |

Ansanm

Li istwa a.

Jan ak Ana nan wout pral vizite matant Ana. Lè yo rive pre kay la,chen an vin kontre yo depi nan wout.Yo bo matant yo epi y al bay bèt yo manje dèyè kay la. Lè yo fini, yo manje mango.



Ekran 11

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12

| Revizyon | **Aktivite 12 :** Reponn kesyon ekri sou yon istwa yo fin li. | 12/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| ⏰⏰ | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 1 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan epi esplike aktivite a. | Koute konsiy lan ak esplikasyon pwofesè a. |
| 2 | Li kesyon yo ansanm ak elèv yo<br>Mande elèv ki gen repons pou yo leve men yo. Chwazi 4 nan elèv ki te leve men yo pou vini sou tablo a, youn apre lòt, pou ekri repons yo.<br>Mande rès elèv yo pou yo vin korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. | Li kesyon yo ansanm ak pwofesè a.<br>Leve men yo. Ekri repons yo sou tablo a.<br><br>Korije repons kanmarad yo, si gen bezwen pou sa. |




Ekran 12




Ekran korije

| Revizyon | **Aktivite 13 :** Antrene nan ekriti lèt yo etidye deja yo. | 13/13 |
|---|---|---|

| Dire | Materyèl | Ki kote | Kalite aktivite | Kantite ekran |
|---|---|---|---|---|
| | TNI + Estilè | Nan klas | Ansanm | 2 |

| Etap | **Aksyon mèt la** | **Aksyon elèv la** |
|---|---|---|
| 1 | Li konsiy lan pou elèv yo. | Koute konsiy lan. |
| 2 | Mande plizyè elèv, youn apre lòt, pou yo vin ekri lèt yo ki sou tablo a.<br>Bay lòt elèv yo yon fèy, adwaz oswa kaye pou yo ekri menm lèt yo nan menm tan aktivite sa a. | Ekri sou diferan sipò: tablo, fèy, adwaz oswa kaye. |

12

13




Ekran 13